excescence *n.* anfleman, kwasans, boul, glòb, mas

excrete *v.* bay/fè sòs, koule, pire, mete deyò

excruciating *adj.* dechiran, ensipòtab

exercise *n.* egzèsis

to ~ (*physical*) fè egzèsis

exercises:

physical ~ espò

exhale *v.* lage/rann souf, egzale

exhaust *v.* (*to wear out, tire*) fatigue, epize, rente, depafini

to ~ **oneself** kraze kò li

exhausted *adj.* bouke, about, (kò) kraze, delala, demantibile, pa ret ren ankò

to be ~ tonbe feblès/faya, kofre

exhausting *adj.* fyèl pete, rentan

exhaustion *n.* kò kraz/kraze, gwo fatig, epizman, delabreman

physical ~ depresyon

exhume *v.* detere

exit:

emergency ~ sòti dijans

expand *v.* agrandi, elaji, etann, grandi, pran estansyon, gwosi

expectant *adj.* (*pregnant*) ansent

expecting *adj.* (*pregnant*) pote pitit,

gwo vant, ansent, gwòs
expectorant *n.* renmèd pou fè ou krache rim/flenm, espektoran
expectorate *v.* krache
experiment *n.* esperyans, esèy;
v. esperimante, seye, fè esperyans
experimental *adj.* esperimantal
expert *n.* espè
to be an ~ in vèsè nan, pran diplòm nan
expertise *n.* espètiz, repondong
area of ~ domèn
professional ~ lawouli
expiration *n.* espirasyon
to be past ~ date pase dat, espire
explode *v.* pete, eksploze, fè eksplozyon, eklate
exploratory *adj.* analitik, dankèt, denvestigasyon
explorer (dental) *n.* sonn
exposed:
~ **to, susceptible to** siseptib, alamèsì
extended care *n.* swenyay pou lontan
external *adj.* deyò, ekstèn [*Fr.*]
extract *n.* estrè; *v.* rache, rale, retire
to ~ (pus) prije, piye, pire
to ~ (tooth) rache
extraction *n.* ekstraksyon
to do an ~ rach dan, fè ekstraksyon
extreme unction *n.* estrèmonsyon
extremis:
to be in ~ ap trepase
exudate *n.* matyè
exude *v.* (*pus etc.*) jete
eye *n.* je, zye (*see also eyes*)
black ~ je bouche/kase
corner of one's ~ bounda je li
~ **chart** tablo
~ **cup** yè [*Fr.*]

~ **discharge** lasi, si kaka je, bè nan je
~ **drops** ti dlo pou je, medikaman pou je, gout pou je
~ **dropper** konngout
~ **examination** konsiltasyon je
~ **filled with eye-matter** je lasi/kaka
~ **matter** lasi, si, kaka je, bè nan je
~ **problem(s)** maladi je
~ **specialist** doktè/espesyalis je
~ **strain** fatig nan je
false/glass ~ je kristal
lazy ~ je lanvè
squinting ~ je pichpich
swollen ~ je bouche/pichpich
white of the ~ blan je
eyeball *n.* boul je
eyebrow *n.* sousi
eyed:
one~ bòy
eye-dropper *n.* konngout
eye-drops *pl.n.* ajiwòl
eyeglasses *pl.n.* linèt, vè
~ **case** pòch linèt
eyelash *n.* plim/pwal je
eyelid *n.* po je, popyè
inner side of ~ anndan po je
eyelids:
~ **without eyelashes** je boukannen/griye
eyes (*see also eye*):
bags under the ~ je nan tou
bating of the ~ mwikmwik
bulging ~ gwo je
his/her ~ water je li kouri dlo
protruding ~ je sòti
squinting ~ je pichpich
swollen ~ je pichpich
to have bags under one's ~ je li nan twou
to see bright spots in front of

Haitian Medical Dictionary

one's ~ (*from weakness, fatigue etc.*) wè koukouy

eyesight *n.* je, vizyon

to have failing ~ je ap febli

to have good ~ gen bon je

eyesocket *n.* pòch je

eyestrain *n.* fatig je

eyetooth *n.* dan chen/je

eyewash *n.* 1 (*for eye care*) renmèd
je, dlo lave je

F

face *n.* (*front part of head*) figi, vizaj, fas
drawn ~ figi chèch/rale
 ~ **cloth/towel** ti sèvyèt
 ~ **cream** krèm figi
 ~ **down (flat on one's stomach)** plavant, fas anba
to ~ death wè lanmò devan li
facelift(ing) *n.* (*plastic surgery*) chrij/operasyon figi/vizaj
facial *adj.* figi, vizaj
faculties *pl.n.* tèt, lespri
in (full) possession/command of one's ~ nan lokal li, ak tout bon sans li
to lose one's ~ pèdi lòlòj (li)
fade *v.* **1** (*to loose color*) detenn, blaze, pèdi koulè, blanchi **2** (*to wither*) fennen, fletri
to ~ away deklina, deperi, pèdi fil
faded *adj.* blaze, delave, detenn, blanchi, pèdi koulè
fading (withering) *n.* fennen ~ away deperisman
Fahrenheit *n.* Farenay(t)
fail *v.* (*to weaken*) febli
faint *n.* endispozisyon, dekonpozisyon, defayans, kriz; *v.* endispoze, dekonpoze, fè/tonbe endispozisyon, pèdi konesans; *adj.* (*light-headed*) fay, prèt pou endispoze/tonbe
to feel ~ santi li endispoze
fainting spell *n.* endispozisyon, dekonpozisyon, defayans, kriz
faintness *n.* anvi endispoze
fake *v.* (*to pretend*) fè sanblan, blofe, fè blòf, fè similak, fè dilatwa
faker *n.* blofè


faking *n.* twonpri, kokinay, magouy
fall *n.* **1** (*trip or tumble*) tonbe, lakilbit, so **2** (*decline*) bès, rediksyon, diminisyon; *v.* (*to trip or tumble*) tonbe, kilbite
 ~ (**affecting waist area**) toudren
to ~ accidentally chape tonbe
to ~ again retonbe
to ~ asleep dòmi pran li
to ~ dead blayi tou rèd
to ~ down (crash down) fese, tonbe
to ~ down suddenly deboulonnen
to ~ from sòti tonbe
to ~ in (collapse) anfondre, efondre, anfale
to ~ off sòti tonbe
to ~ off (decline) bese, diminye
to ~ out/off (*teeth, hair, fruit etc.*) degrennen, grennen
to ~ out (*woman's hair*) defouni
Fallopian tube(s) *n.* kannal ze, twonp falòp, tib matris
false teeth *pl.n.* fo dan, ratelye
falter *v.* fayi, ezite, falta, bwonche [Fr.]
faltering *adj.* zoukoutak, an bès
family *n.* fanmi, moun (yo); *adj.* familyal
as a ~ fanmiman
close ~ friend pitit kay
entire ~ kòt fanmi
extended ~ (kòd) fanmi, ras
 ~ **name** siyati
 ~ **planning** (*birth control*) planin, planing
 ~ **relationships** fanmitay
in a ~ group fanmiman
to practice ~ planning fè/swiv

planin
to start a ~ fè pitit
famine *n.* grangou kanpe, gwo rate
manje, lafen, dizèt, famin
famished *adj.* devoran
~ **(person)** djòlpagou
fan *n.* (*device for creating a current of air*) vantilatè
electric ~ vantilatè elektrik
(hand-)~ evantay, vantay
farsighted *adj.* (*presbyopic*) ki wè
lwen, presbit
fart *n.* pete, van, gaz; *v.* pete, fè yon
pete, lage yon pete, fè (yon) van,
bay gaz, lache, fè van
farther:
(frequent) ~ petadò
fast *n.* jèn; *v.* fè jèn, jene
~ **food** fasfoud [*Eng.*]
fasten *v.* **1** (*to attach*) mare, tache,
atache, fikse **2** (*to tighten*) sere,
boulonnen
to ~ (*button*) boutonnen
fasting *n.* jèn, ret san manje;
adj. ajen
fat *n.* grès, matyè gra; *adj.* gra, gwo,
lou, alòche, vyannen
animal ~ frèz
~ **and healthy** gwo gra
to get/grow/become ~ angrese,
grese
to make ~ angwosi
to remove ~ degrese
fatal *adj.* ki (ka) touye moun, fatal,
mòtèl
fatality *n.* (*unexpected death*) lanmò
sibit
father *n.* papa, pèdefanmi
~ **of one's child** papa pitit
~ (*Roman Catholic, Protestant*
Episcopal) pè, monpè
to be able to ~ **children** gen ren

pitit
to ~, **propagate** anjandre,
repwodwi, kale
father-in-law *n.* bòpè
fatigue *n.* fatig, *v.* fatigue, epize,
depafini
chronic ~ depresyon
extreme ~ kò kraz/kraze, zo kraze
fatiguing *adj.* fatigan
fatness *n.* loudè, gwosè
fear *n.* (*fright*) pèrèz, laperèz, lapè,
pè; *v.* (*to be afraid or frightened*)
pè, krenn
fearful *adj.* krentif, pè, pèrèz, kapon
febrile *adj.* ki gen lafyèv, cho
fecal matter *n.* matyè fekal
feces *pl.n.* watè, matyè fekal, kabine,
kabinè
~ (*for lab work*) sèl
fecund (*having many children*) *adj.*
pitrèl
feeble *adj.* **1** (*weak*) fèb, delika
2 (*sickly*) maladif, enfim,
kanyan(k), kobannza
feeble-minded *adj.* tèt gaye/vid/
kalbas, kannannan
feeble-mindedness *n.* enbesilite
febleness *n.* feblès
feed *v.* bay manje, nourir, alimante
feeding tube *n.* tib nan nen/vant,
sewòm (pou nourir)
feel *n.* (*physical*) sansasyon;
v. **1** (*to touch physically*) manyen
(*pronounced: man-yen*), tate,
touche; **2** (*to sense*) santi, resanti
[*Fr.*]
to ~ **a little better** pran yon ti pye,
fè yon ti mye
to ~ **all right** pa gen anyen
to ~ **an overall weakness** santi tèt
vid
to ~ **better** refè, rebran, fè yon

mye
to ~ in(side) fouye
to ~ much better fè yon gran mye
to ~ up to santi li kapab
feeling *n.* (*sensation*) sansasyon
I'm not ~ well kò a pa bon
feelings *pl.n.* santiman, emosyon
feet:
flat ~ pye plat
on one's ~ sou de pye li
fellatio *n.* ti bèf
to perform ~ fè ti bèf
felon *n.* kriminèl
~ (*inflammation of finger or toe*)
pannari
female *n.* fi, fanm; *adj.* femèl, fi,
manman
femur *n.* zo kwis
fertile (*having many children*) *adj.*
pititral
fester *v.* anvlimen, sipire, ankave,
fè pi
fetal *adj.* fetis
~ **damage** donmaje depi nan vant
~ **position** akoukouman
in a ~ position tankou yon tibebe
nan vant, akoukouman
fetid *adj.* santi, santò, founda, foun
fetoscope *n.* fetoskòp
fetus, foetus *n.* fetis, tibebe nan vant
(*anvan twa mwa gwosès*)
sound of ~ moving in womb
ploup ploup
fever *n.* lafyèv, lafyèb, fyèv
African porcine ~ pès pòsin
bad ~ gwo lafyèv
black-water ~ pipi nwa
brain ~ lafyèv sèvo
dengue ~ lafyèv/lagrip deng
~ **and chills** chofrèt, lafyèv frèt/
frison/tranble, lafyèv nan san
~ **blister** bouton lafyèv, chank

high ~ gwo lafyèv, lafyèv cho/
chwal
low-grade ~ ti fyèv
Malta ~ lafyèv malta
(mother's) ~ while nursing
infant lafyèv lèt
postpartum/puerperal ~ lafyèv
apre akouchman, lafyèv kabann
rheumatic ~ lafyèv nan zo, lafyèv
rimatis
scarlet ~ lafyèv eskalatin
stubborn ~ lafyèv kolan
typhoid ~ lafyèv tifoyid/tifreyis
undulant ~ lafyèv malta
yellow ~ lafyèv jòn, lajònis
feverish *adj.* cho, ki gen lafyèv
~ **state** rechofman
fibroid *adj.* fibwòm
fibroma *n.* fibwòm
fibula *n.* ti zo janm, pewone [*Fr.*]
fidgety *adj.* ajite, ennève, san chita/
pozisyon
filariasis (*med.*) *n.* filaryòz
fill:
to ~ (a tooth) plonbe
filling *n.* (*dental filling*) plon,
plonbaj, amalgam
permanent ~ amalgam
temporary ~ bagay pou bouche
dan ki p ap rete lontan
to do a ~ plonbe
to remove the ~ (tooth) deplonbe
film (*coating*) *n.* plak
filter *v.* koule, filtre, tamize
filth *n.* salte, kras, kraste, salopri,
malpwòpte, kochonnri
filthy *adj.* sal nèt/serye, sal kou yon
peny ti dan
finger *n.* dwèt
extra ~ **or toe** dwèt marasa/jimo
index/first ~ dwèt jida/jouda/
bouwo, lendèks [*Fr.*]



little ~ ti dwèt, orikilè [Fr.]

middle ~ dwèt mitan, dwèt majè, lemajè

ring ~ dwèt bag, dwèt anlè, annilè [Fr.]

fingernail *n.* zong (dwèt/men)
~ **polish** kitèks, kitès

white spot in ~ kado

fingernails:

to bite one's ~ manje zong

to cut one's ~ fè/taye zong

fingers:

space between ~ **or toes** fant dwèt

fingertip *n.* pwent/tèt dwèt

firm *adj.* **1** (*solid or sturdy*) fèm, fiks, di, solid, tennfas, djanm, tòt **2** (*healthy*) enganm, engam, djanm, dyannm

first-aid *n.* premye swen, premye sekou

~ **kit** bwat premye swen

~ **worker** sekouris

first-born *n.* premye pitit, premis

fissure *n.* fant, fay, fele

fist *n.* pwen

to make a ~ mare pwen li, sere men

fistula *n.* fo kannal nan dèyè (etsetera)

fit *n.* **1** (*sudden attack of a disease*) (maladi) kriz **2** (*emotional outburst*) kriz; *adj.* (*in great shape*) anfòm, gaya, enganm, pwòp

epileptic ~ kriz malkadi/tonbe

~ **as a fiddle** anfòm kou (yon) bas, fre kou kola kenz

to feel ~ santi anfòm

to have a ~ dekonpoze, jigote

to have an epileptic ~ tonbe malkadi

to make ~, **condition one's body** mete anfòm

flab *n.* pann (vant), gwo pans

flabbiness *n.* kò likid/mouri/kriz

flabby *adj.* douyèt, molyann,

kòlmòzò, mòkòy

~ **person** labouyi

flaccid *adj.* mou

flake off *v.* fè kal, dekalè

flashback *n.* retourannaryè

flashes:

hot ~ boufe chalè

to have hot ~ santi cho, santi chalè (nan tout kò)

flat feet *pl.n.* pye plat

flatten *v.* (to make flat) plati, danmen, plani

flatulence *n.* gaz, pete, van

flatulent *adj.* plen gaz

flaw *n.* defo, donmay

flawed *adj.* defektye, donmaje, andomaje

flawless *adj.* zewo fòt, enpekab, san defo

flea *n.* pis

~ **bite** piki pis

flesh *n.* (body tissue) chè, lachè, vyann

excess ~ grès

~ **wound** blesi sipèfisyèl

fleshy *adj.* vyannen, grasèt, replè

flex one's muscle(s) *v.* gonfle/bande/ jwe ponyèt li, mare bibi

flexibility *n.* souplès, fleksibilite

flexible *adj.* fleksib, pliyàn, soup, likid

floaters (in eye) *pl.n.* ti bagay ki fè mimi mimi devan je

florid (*complexion*) *adj.* woujat

floss:

dental ~ fil dan(tè), fil pou dan

to ~ (**one's teeth**) pase fil (nan dan), sèvi ak fil pou dan

flu *n.* (lafyèv) grip, lagrip, grip ak lafyèv

to suffer from the ~ gripe

fluid *n.* likid, dlo

fluoride *n.* fliyorid

flush *n.* (flushing of toilet) flòch

~ **toilet** twalèt konfò/modèn/ otomatik, watè ijènik/klozèt

to ~ (toilet) floche [Eng.], desann/ chase/vide dlo yon watè (ijènik)

flushed *adj.* wouji, vin wouj, chanje koulè

flustered *adj.* twouble, dekonpoze

to be ~ dekontwole

foam;

contraceptive ~ mous

to ~ **at the mouth** kimen

foetus *see fetus*

fold (*skin*) *n.* pli

folding:

~ **bed** lidèkan

~ **screen** paravan

follic *adj.* folik

folk *n.* moun

~ **healer** doktè fèy

~ **medicine** renmèd/medsin fèy

folks:

old ~ **home** azil pou granmoun, kay retrèt

follow-up:

to do a ~ fè kontwòl, fè/bay swit

fontanel *n.* fontanèl, fontenn/venn tèl

unclosed ~ tèl louvri

food *n.* manje, nouriti, pwovizyon; *adj.* alimantè

adult ~ gwo manje, manje chodyè

akee aki

baby ~ akamil

~ (**baby talk**) nannan

(**cooked**) **adult** ~ gwo manje, manje chodyè

(**deliberately**) **poisoned** ~ manje ranje

~ **poisoning** manje ranje/gate

foot *n.* (body part of human or

animal) pye

ball of ~ pwent pye

dorsum of ~ do pye, wòs

~ **odor** mayas

sensitive/tender ~ pye dous

footbath *n.* beny pye

footprint (of neonate) *n.* anprent
pye

foot-warmer *n.* bouyòt

forbid *v.* entèdi, defann, enpoze

forbidden:

it is ~ **to** se pa pou

force *n.* fòs, (fòs) kouray, ponyèt,
pwaye; *v.* fòse, blije, oblije

~ **of one's arm** bwa ponyèt

force-feed *v.* fè manje pa fòs, gave

forceps (med.) *pl.n.* fòsèp, pens

forearm *n.* avanbra, (bwa) ponyèt,
pwaye

forefinger *n.* dwèt jida/jouda/bouwo,
lendèks

forehead *n.* fwon, fontenn (tèt)

receding ~ tèt chankre

foreign body *n.* bagay

foremilk *n.* lèt rapò/jòn, kolostwòm

forensic expert *n.* medsin lejis

forensic medicine *n.* medsin legal

foreskin *n.* po (ti/tèt)kòk, kach

forget *v.* bliye, pase nan lide (yon
moun)

forgetful *adj.* pa gen tèt, san tèt, tèt
pa la

~ **person** bliyadò, tèt poul

formaldehyde *n.* fòmòl

formula:

baby ~ lèt bwat pou tibebe, fòmil

fortify *v.* fòtifye, bay vigè, remonte

fortifying *n.* fòtifikasyon;

adj. fòtifyan, remontan

foster *v.* (to bring up, nurture)

adopte, elve, fè levasyon

~ **child** timoun adopte

~ **father** papa adoptif

~ **home** fwaye adopsyon, pansyon
timoun

~ **mother** manman adoptif

~ **parent** gadyen

fostering *n.* adopsyon, levasyon,
elvasyon

foul odor *n.* movèz odè

foul-smelling *adj.* santi (fò), koun

foundling *n.* tibebe/timoun

bandonnen

fracture *n.* frakti, zo kase; *v.* fraktire,
kase, fele, anfrage

compound ~ zo kase nan plizyè
kote

hairline ~ zo make kase

to reduce/set a ~ fè rediksyon,
ranje zo

fragile *adj.* frajil, zefe, kraze fasil

fragment *n.* chikèt, ekla, kraze;

v. degrennen, depatcha, defifare

frail *adj.* fèb, frèl, fay, enfim, frajil,
pedevi, pa gen gran vi

~ **child** flengen, flengèt

frame *n.* (physical build of person)
(e)kari

small ~ (physical build of person)
ti (e)kari/zo

frames (of eyeglasses) *pl.n.* bwa/
manch/monti linèt

freckle *n.* ti tach

freckled *adj.* takte, pentle

freeze *v.* glase, fè/tounen glas, friz
[Eng.]

to (deep-)~ konjele

to ~ (over/up) jele, kaye

**to ~ up (become incapable of
action)** cheche, fri

freezer *n.* frizè [Eng.], konjelatè

frenum *n.* filèt, filè

frenzy *n.* eksitasyon

collective ~ kouri

Haitian Medical Dictionary

in a ~ an fourad
to work into a ~ chofe serye
frequency *n.* (*of occurrences*)
regilarite, chak konben fwa
frequent *adj.* konmen, òdinè, ki rive/fèt souvan
fresh:
~ **air** frechè, bonjan van
~ **as a daisy** fre kou kola kenz, fre kon ze kalanderik
friable *adj.* fasil pou kase, frajil
fried foods *pl.n.* (*plantain, meat etc.*) fritay
fright *n.* laperèz, perèz, freyè, kè sote
frighten *v.* fè pè, efreye
frightened *adj.* pè, efreye
extremely ~ pè kou chat
to be ~ gen laperèz, espante
to become ~ pran pè
frightening *adj.* efreyan, espantan, fawouch
frost-bitten *adj.* jele
frostbite *n.* po jele
froth *n.* kim, mous; *v.* kimen, bay/fè kim/mous
fructose *n.* leviloz
fruit *n.* fwi
full-grown *adj.* fin grandi, majè
fumes *pl.n.* vapè
fumigate *v.* flite
function *n.* fonksyon, wòl, misyon;
v. fonksyone, mache, travay
to ~ **again** refonksyone
fundus *n.* fon
funeral *n.* fineray, lantèman;
adj. finèb, finerè
~ **director** mèt ponp finèb
~ **expenses** depans fineray
~ **parlor/home** ponp/mezon/palwa/
salon finèb, mòg
~ **service** sèvis/seremoni finèb

~ **wake** vèy, veye
fungal infection *n.* maladi djondjon
fungicide *n.* fongisid
fungus *n.* fongis, chanpiyon, mwezi, djondjon
funnel *n.* antonwa, krepin;
v. kannalize, kannale
funny bone *n.* koud bra
to hit one's ~ ~ santi elekrisite nan bra, frape koud bra
furuncle *n.* abse, absè, bouton, klou

G

gag *v.* (to choke or strangle) trangle, toufe

gain:

to ~ weight pran pwa, vin pi gwo

gait *n.* demach, mach

gallbladder *n.* fyèl, sak fyèl, blad/pòch/sak bil

gallstone *n.* pyè nan fyèl, pyè nan (kannal) bil

ganglion *n.* gwoup nè, gangliyon, glann

gangrene *n.* kangrenn, gangrenn

gangrenous:

to become ~ kangrennen, gangrennen

gap *n.* fant, ouvèti, brèch, espas, twou

~ (between two front teeth) chenèt

gap-toothed *adj.* dan chenèt/ekate

gargle *v.* gagari

gargling *n.* gagari

gas (flatulence) *n.* gaz, van nan lestonmak

to pass ~ rann gaz

gash *n.* antay, balaf; *v.* balafre

gasp *n.* **1** (shock or surprise) sezisman **2** (pulling in air) rale souf sibatman; *v.* **1** (from shock or surprise) sezi **2** (to pull in air, wheeze) souf li anlè anlè, esoufle

gasping for breath *adj.* esoufle, souf koupe, san souf

gassy *adj.* plen gaz

gastric:

~ hemorrhaging vonmi kouwè ma/kafe/goudwon

~ juice(s) dlo dijeyon, likid dijeyon

~ lavage ponpe vant

~ reflux asid, dlo si

to have a ~ reflux wote si, fè rapò

gastritis *n.* asid

(gastro)enteritis *n.* anterit

gastrointestinal *adj.* vant ak trip

gastrointestinal (GI) tube *n.* tib ezofaj

gauge *n.* gedj; *v.* tcheke

gaunt *adj.* mèg, dechose, bounda kòde, fil

gauntness *n.* lamègrè

gauze *n.* twal gaz

gay *n.* (male homosexual) masisi, doubisis

gelatinous *adj.* mou, mòl, molas

gender *n.* sèks, idantite senksyèl

gene *n.* jenn, jèn

generation *n.* jenerasyon

from ~ to ~ (de) pitit an pitit

~ gap eka ant de jenerasyon

generic *adj.* jenerik

~ brand mak jenerik

~ name non kalite

genes:

to have in one's ~ nan san (li)

genetic *adj.* jenetik

genetically *adv.* jenetikman

geneticist *n.* jenetisyen

genetics *n.* jenetik

genital *adj.* jenital

~ area (of woman) kwis

genitalia *pl.n.* (ògàn) sèks

genitals *pl.n.* pati (sèks), bagay, afè, zafè, pati (sansib) (Bondye ba li), devan, douvan

child's ~ (either sex) tidevan

~ (female) anba, komisyon, nannan, sa Bondye ban mwen,

bouboun, chouchoun, koukoun
~ of small boy ti bezwen
~ of small girl boyo
~ of woman anba, komisyon,
nannan, sa Bondye ban mwen

geophagist *n.* manjèd tè

geriatric *adj.* aje, vye, jeryatrik [*Fr.*]

geriatrics *n.* lasante vye granmoun

germ *n.* mikwòb, jèm (maladi)

German measles *n.* ribeyòl

germicide *n.* antiseptik, dezenfektan

gerontologist *n.* jewontològ

gerontology *n.* etid vye granmoun

gestate *v.* fè bèl, ansent

gestation *n.* gwosès

get:

to ~ a breath of fresh air pran
(bon jan) van, respire yon ti
moman

to ~ back (recover) rekipere,
reprann, ratrape

to ~ better fè mye

to ~ by (manage) degaje, debouye

to ~ dressed abiye, mete rad

to ~ fat angrese, grese

to ~ hold of oneself souke kò li

to ~ off (clothes) retire

to ~ old vyeyi, antre nan laj,
tchoule

to ~ on (clothes) mete

to ~ out of breath pèdi souf

to ~ out (remove) wete, retire

to ~ over (recover) refè, geri

to ~ sick tonbe malad

to ~ up leve

to ~ up (wake up) reveye, leve

to ~ upset/very angry fè gwo san

to ~ well geri, retabli, refè

giardia *n.* gyadya

gibberish *n.* galimatya, jebede,
charabya

to talk ~ jebede, depale

giddiness *n.* tèt vire, etoudisman,
latounay, toudisman, toudlin, viray
~ (*often connected with*
hyperthermia) latounay

giddy *adj.* toudi, fay, je vire

to be ~ tèt li vire, gen vètij, tèt li fè
laviwonn, wè tou nwa

to feel ~ tèt ap vire

gingivitis *n.* jansiv anfle/senyen

girth *n.* wondè

give:

to ~ birth akouche, delivre

gland *n.* glann

adrenal ~ glann sirenal/anbavant

lachrymal ~ glann kriye/
lakrimojèn, sak dlo

prostate ~ glann pwostat

salivary ~ glann saliv

sweat ~ glann swe

tear ~ glann kriye

thyroid ~ glann nan kou, glann
tiwoyid

to have swollen ~ gen glann

glans penis *n.* tèt pijon

glasses *pl.n.* linèt

dark/sun (eye) ~ linèt solèy/nwa
(eye) ~ case pòch linèt

frames of (eye) ~ bwa/manch/
monti linèt

pair of (eye) ~ linèt

Glauber's salts *prop.n.* sèl fanm

glaucoma *n.* tansyon nan je, glokòm

glob (*excrement, spittle, phlegm*) *n.*

plòt, plo

glomerulonephritis *n.* anflamasyon

nan ren

glory:

to go to ~ retounen nan Ginen

glottis *n.* glòt

glucose *n.* sik, glikoz

gluttony *n.* safrete, safte, saf,
afresite, goumandiz

gnash:

to ~ one's teeth manje/sere/mare dan

go:

to ~ away (*fever, headache etc.*) lache

to ~ bad (*food*) tounen

to ~ down (**reduce swelling**) dezanfle, desann

to ~ home rantre

to ~ through a lot (*suffering etc.*) pase nan pay

to ~ to bed (al) kouche, moute kabann

to ~ to the bathroom twalèt, fè bezwen, ale lasèl

godchild *n.* fiyèl, fiyòl

goddaughter *f.n.* fiyèl, fiyòl

godfather *n.* parenn

godmother *f.n.* marenn, nennenn

godparent *n.* parenn; *f.n.* marenn

godson *n.* fiyèl, fiyòl

goggles:

protective ~ linèt pwotèj/travay

safety ~ linèt sekirite

going:

to keep ~ (**persevere**) bat lokobe, pèsevere

goiter *n.* boul nan kou/gòj, maladi gwo kou, gwat, papèl

gonococcus *n.* gonokòk

gonorrhea *n.* grantchalè, gonore, ekoulman, blenoraji, kannal brile, chòdpis, grannchalè, grennchalè, gonokòk

severe case of ~ chòdpis kòde

good-natured *adj.* bon kè, bon moun, janti

good-tempered *adj.* bonjan, emab, bon karaktè

goose:

~ **bumps/flesh/pimples** chèdpoul,

po kowosòl

to have ~ bumps (po li) fè ti boul

gorge:

to ~ oneself, ~ **on** gobe, tifle

gout *n.* anflamasyon nan jwenti pye, layout

gown:

dressing ~ wòb de chanm, dezabiye

patient's ~ kamizòl

graft *n.* (*tissue graft*) grèf (po);
v. grefe

grandchild *n.* pitit pitit

granddaughter *n.* pitit pitit fi

grandfather *n.* granpapa, papa papa, granpè

grandmother, grandma *f.n.* grann, granmanman, granmè

maternal ~ manman manman

paternal ~ manman papa

grandpa *n.* lepè

grandparent *n.* granparan

grandson *n.* pitit pitit gason

graph *n.* graf, grafik, barem

grave *n.* tonm, latonm, tonbo, fòs

grave-digger *n.* fòselye, foseyè, foyè fòs

gravestone *n.* tonm

graveyard *n.* simityè

grease *n.* grès, lwil

greasy *adj.* gra, swife

great-aunt *f.n.* matant matant

great-grandchild *n.* pitit pitit pitit

great-grandfather *n.* gran granpapa, papa papa papa

great-grandmother *f.n.* grangrann

maternal ~ manman manman

paternal ~ manman manman papa

great-grandparent *n.* bizawèl

great-nephew *n.* ti neve

great-niece *f.n.* ti nyès

great-uncle *n.* tonton tonton

grief *n.* lapenn, penn, chagren

to plunge into ~ simen dèy

griefstricken *adj.* kè fann/grenn/
brize, gwo kè, kè fè mal

grieve *v.* **1** (*to distress*) fè lapenn

2 (*to mourn*) deplore, lamante

to ~ miserably brase trip

grieving *n.* jemisman; *adj.* andèy

grind:

to ~ one's teeth manje/sere/mare
dan

gripe *n.* plent; *v.* babye, plenyen,
wounouwounou

grippe *n.* grip, lagrip

grip:

to ~ one's teeth manje/sere/mare
dan

groan *n.* jemisman; *v.* plenn, jemi

groaning *n.* jemisman

groin *n.* fant janm, lenn, lèn

groove:

anal ~ fant dèyè, grij

ground:

to lose ~ tchoule

grow *v.* (*to develop*) grandi, devlope

to ~ fat angrese, grese

to ~ larger gwosi, vin pi gwo

to ~ satisfactorily vini byen

to ~ taller vin pi wo

to ~ up grandi, devlope, pouse

to ~ up fast pa rete atè

to ~ well vini byen

growing *adj.* k ap grandi/devlope/
pouse/leve

~ **pains** doulè grandi

to stop ~ kase

growl:

to ~ (*stomach*) bouyi

grown-up *n./adj.* granmoun, adilt

growth *n.* **1** (*development*)

devlopman, grandisman, kwasans,

ogmantasyon, agrandisman

2 (*lump*) boul

~ **curve** koub kwasans

small ~ (**on skin**) siy, sin

to experience difficulty in ~ mal

pou vini

to have a malignant ~ donner

to have reached one's full ~ arete

guardian (for minor child) *n.*

gadyen, responsab

guilt *n.* kilpabilite, koupab

~**ridden** penitan, repanti, ak

regrè/regretman/chagren

guilty *adj.* koupab, antò

gullet *n.* gòj, (gwo) gòjèt, gagann,

banbou gòj/gagann/kou, tib

gagann, gwogòj

gulp *n.* **1** (*of liquid*) gòje **2** (*of*

alcohol) kout; *v.* tinglòt, vale vit

to ~ down gobe, vale glòt, glòtglòt

gum:

~ **abscess** frechi dan

~ **disease** maladi jansiv

gums (of mouth) *pl.n.* jansiv, zansiv,

vyann dan

gunshot wound *n.* blesi bal

gurney *n.* kabann woulèt, kad

gush:

to ~ forth jayi, ponpe sòti

to ~ out deboulinen

gut *n.* gwo sak trip, pans, bouden

person with big ~ mazenflen, gwo

pans

guts *pl.n.* (*intestines*) trip, tripay,

zantray

gynecologist *n.* doktè pou fanm/fi,

jinekolog,

gynecology *n.* jinekoloji, pwoblèm fi

H

habit *n.* abitud, woutin

a question/matter of ~ yon kèsyon dabitid

bad ~ defo, mani, movèz abitud
~**forming** adiktif

to be ~ **forming** pran tèt

to be in the ~ **of** konn

to get into the ~ **of, make a** ~ **of** pran abitud

to get rid of a ~ dezabitwe

to rid (s.o.) of a ~ dezabitwe

habits *pl.n.* mès

bad ~ mès

embedded in one's ~ kwit nan san

habitual *adj.* abityèl, regilye

hair (on head) *n.* cheve, tèt

body ~ plim, pwal, pwèl

~ **loss** pèdi/chit cheve

~ **loss** (*on woman*) cheve kase

orange-gray colored ~ (*often indicative of kwashiorkor*) cheve kannèl

pubic ~ pwal, pwèl, plim, ti gazon

half-asleep *adj.* ant somèy e revèy

halfwit *n.* sòt, je pete klere, kreten

half-witted *adj.* baba, bèkèkè, djèdjè, kannannan

halitosis *n.* movezalèn, bouch santi

hallucinate *v.* fè vizyon, pran yon bagay pou yon lòt

hallucination *n.* vizyon

hallucinatory *adj.* alisinojèn

hallucinogen *n.* alisinojèn

hamstring *v.* donmaje, andomaje, rann enfim

hamstrung *adj.* donmaje, enfim, kokobe, andikape

~ **muscles** misk dèyè kwis

hand *n.* (*body part*) men

back or dorsum of ~ do men

lame ~ (men) pòk

left ~ men gòch

right ~ men dwat

hand cream *n.* krèm pou men

handicap *n.* (*physical disability*)

andikap, donmajman, donmaj, defòmasyon, enfimite; *v.* (*to cripple*) donmaje, andomaje

small ~ akwo

handicapped *adj.* kokobe, andikape, donmaje

~ **infant** bebe donmaje

~ **person** andikape, kokobe, moun donmaje

handkerchief *n.* mouchwa (pòch)

hanger:

clothes/coat ~ sèso

hangnail *n.* po sou kote zong

hangover *n.* mal makak

to have a ~ an mal makak

hang-up *n.* obsesyon, mani, angouman

harassment:

sexual ~ tizonnay seksyèl

hard *adj.* (*firm*) di

~ **of hearing** zòrèy/tande di

to be ~ **of hearing** soud

harden *v.* vin di, fè di, andisi

hardening *n.* redisman, vin di

hard-on (erect penis) *n.* bann, kòk rèd, pinokyo

hardy *adj.* fò, vanyan

harelip *n.* bouch fann, anvì kochon/krab/pyebèf, bèk (de) lyèv

harm *n.* mal, tò, ditò; *v.* fè mal/ditò, nwi, donmaje, andomaje, maltrete

to ~ **oneself** fè tèt li mal

harmful *adj.* nwizib, malfezan

harmless *adj.* pa mechan, san risk/
danje, pa ka fè ou anyen

hayfever *n.* grip lasezon, arimen/
rim/lafyèw sezon/grip, rim chalè,
pitwit

head *n.* (body part) tèt

big ~ on a small body tèt sankò

deformed ~ tèt lòbiz

having an unusually large ~ tèt
kalbas

~ **bump** konkonm, douk, boul

~ **cold** kata

~ (fam.) (zo) kalbas tèt, kabòch/
kabès/kòkòwos tèt

large ~ gwo tèt, tèt bika

pointed ~ tèt chanmòt

swelling or bump on ~ konkonm,
douk, boul

to go out of one's ~ nanm sòti
sou li

to lose one's ~ pèdi tèt li, panike,
pran panik

ungainly ~ (large, sparse hair,
misshapen etc.) tèt kokolo

headache *n.* tèt fèmal, maltèt, motèt,
van nan tèt/zòrèy

(any) **serious** ~ migrèn

headaches *pl.n.* motèt

headboard (of bed) *n.* tèt kabann

headrest *n.* kousen/api tèt

~ (dentist's chair etc.) tèt chèz

headstone *n.* tonm

heal *v.* geri, refè, retabli

healed *adj.* gaya

healer *n.* gerisè

faith-and-herb ~ doktè fèy, gerisè


folk ~ doktè/medsen fèy

to consult a faith-and-herb ~ al

nan feyaj, mete pye nan dlo

healing *n.* gerizon; *adj.* benefik,

Head



Haitian Medical Dictionary

fòtifyan, renmèd, ratrapaj,
terapetik

health *n.* sante, lasante

community ~ **worker** *n.* ajan

(la)sante, travayè lasante;

f.n. animatris

~ **care** swenyay

~ **clinic** klinik, dispansè, sant sante

~ **education** enfòmasyon sou
lasante

~ **practices** lijen

in declining ~ ansibreka

in good ~ anfòm, an sante, (byen)
pòtan

in ill/poor ~ enkonvalesan

**Ministry of Public Health and
Population** Ministè Sante Piblik ak
Popilasyon

primary ~ **worker** oksilyè

to regain one's ~ refè

healthful *adj.* benefik, fòtifyan,
avantaje, nourisan

healthiness *n.* salibrite

healthy *adj.* ansante, sen, gaya,
(byen) pòtan

fat and ~ gwo gra

~ (*body*) tèm

hear *v.* tande

hearing:

hard of ~ zòrèy/tande di

~ (*med.*) tande

~ **aid** aparèy pou tande

~ **impaired** soud

~ **impairment** tannman di

(**sense of**) ~ tande, tannman

to be hard of ~ gen zòrèy di,
tande di

hearse *n.* kòbiya, kòbya

horse-drawn ~ kòbiya ipomobil

heart *n.* (*body part*) kè

congestive ~ **failure** kè bloke

~ **attack/failure** kriz kè/kadyak,

arèdkè

~ **condition/disease/trouble**

pwoblèm/maladi kè

~ **failure** pwoblèm kè

~ **murmur** bri (nan) kè

~ **palpitations** batman kè

~ **racine/pounding** gran batman kè

~ **rate** vitès batman kè

~ **trouble** maladi kè

heavy ~ gwo kè, kè grenn

one's ~ **misses a beat** (*from
excitement etc.*) kè li kase kap

rheumatic ~ **disease** maladi
rimatis nan kè

to have a high ~ **rate at times** kè
li konn bat

to have ~ **trouble** fè kè, soufri
maladi kè

to make one's ~ **beat faster** pran
lwa

weak ~ kè fèb

heartbeat *n.* batman kè

abnormal ~ palpitasyon [*Fr.*]

sound of ~ bidip bidip bidip

sound of rapid ~ tipitip tipitap

to have an irregular ~ pèdi konpa

to have a regular ~ kenbe konpa

heartburn *n.* asid, zègrè, zegrè, kè
si/cho/boule, lestonmak boule, kè
pile

heat *n.* chalè, chofay; *v.* chofe, chode

~ **exhaustion** dekonpozisyon gwo
chalè

~ **rash** bouton chalè, chofi, lota,
tife

~ **wave** tan gwo chalè

prickly ~ pikotman chalè

to ~ **up** chofe

heater *n.* chofay, aparèy pou chofe

water ~ chofo, chofben, chofdlo,
watè itè [*Eng.*]

heating pad *n.* kousen elektrik,

konprès cho

heatstroke *n.* kout chalè

heave *v.* (to vomit) rann fyèl li, vomi, rechte

heaviness *n.* loudè, pezanète

heavy *adj.* lou, peze

to be ~ peze, lou

heavy-set (*person*) *adj.* gwo kò, vyannen, replè; *f.adj.* replèt

heel *n.* talon

Achilles' ~ pwen fèb

crack in skin of ~ talon fann

hefty *adj.* manbre, replè, pwès, gwo kò; *f.adj.* replèt

height *n.* wotè, tay

to have reached one's full ~ arete

help *n.* èd, sekou, asistans, bourad, koutmen, konkou; *v.* ede, asiste, bay koutmen/konkou, zepole, ide, ride, bay lebra, sekoure ~! anmwe!, anmwesekou!, osekou!

to go get ~ leve pye li

with the ~ of alèd (de)

helper *n.* èd, sekretè

hemacytometer *n.* ematimèt

hematocrit *n.* ematokrit

hematology *n.* etid san

hematoma *n.* pòch san, konkonm

hematuria *n.* pipi san, san nan pipi

hemoglobin *n.* emoglobin

hemophilia *n.* san dlo

hemophiliac *n.* moun ki gen san dlo

hemorrhage *n.* emoraji, moraji;

v. debòdman san, senyen anpil

cerebral ~ donmaj nan sèvo

hemorrhaging:

to have gastric ~ vomi kouwè ma kafe/goudwon

hemorrhoids *pl.n.* fès sòti, tennès, maladi Moyiz, emowoyid

hepatitis *n.* gwo fwa, lafyèv epatik, maladi fwadi, lafyèv jòn, lajònis,

epatit

herb:

~ **doctor** doktè fèy

medicinal ~ fèy renmèd

herbal remedy *n.* (renmèd) fèy

~ **bath** beny vapè/fèy

~ **tea** te fèy, tizann

to take an ~ **bath** pran vapè

hereditary *adj.* ereditè, rasyal, fanmilyal

heredity *n.* eredite, san, nesans

hernia *n.* èni

strangulated ~ èni (e)trangle

umbilical ~ gwo lonbrik/lonbrit, van nan lonbrik/lonbrit

herniated disk *n.* èni plak zo rèldo

heroin *n.* ewoyin, ti poud

~ **addict** dwoge ewoyin, ewoyinomàn

herpes *n.* èpès, dat

heterosexual *n./adj.* etewoseksyèl [Fr.], gason ki renmen fi, fi ki renmen gason

hex *n.* madichon, malediksyon, maldjòk; *v.* lage malediksyon sou, maldjòke

to put a ~ **on** madichonnen, bay (yon) madichon, malediksyonnen, bay/jete/lage/mete devenn sou, jete/lage/lanse/pase/voye vèni sou, jete malchans sou, limen balenn/ bouji/chandèl dèyè

hexed *adj.* modi

hiccup, hiccough *n.* okèt, wòkèt;

v. woke, gen okèt

hiccups *pl.n.* okèt, wòkèt, hòkèt

hickey *n.* koka

high *adj.* wo, elve

to be ~ (**on drugs**) dwoge

to experience a small ~ pran ti priz

to get ~ (**on drugs**) voye monte

high-living *n.* banbòch

high-strung *adj.* nève, sou lènè/
tansyon

hinder *v.* jennen, kontrarye, anpeche,
enpoze, antrave

hip *n.* ranch, (zo) ren

~ **bone** zo ranch

to have a broken ~ deranche

to lean one's weight on one ~
deranche

Hippocrates *prop.n.* Ipokrat

hirsute *adj.* oplima

histology *n.* istoloji [*Fr.*]

history:

~ (*med.*) istwa lasante ou

hit *n.* (*blow*) kou, frap, frape, baf
v. frape, bay kou, tape

~ (*on face, head or ears*) kalòt

~ (*with a club or stick*) koubaton

to be ~ pran kou, pran/resevwa
gwo zòbòy

to ~ (**in upper part of body**)

gagannen

to ~ **or beat (s.o.) with a metal
club** tire fè

to ~ (**s.o.) on the head** kabèste,
doke

to ~ **with a club** pase chaplèt

to ~ **with (fist etc.)** lonje yon kout
(pwen ets.)

HIV (Human Immunodeficiency

Virus) *acron.* VIH (viris

iminodefisyans moun)

~ **negative** sewonegatif

~ **positive (AIDS)** sewopozitif,
viris/jèm ki bay (SIDA)

hives *pl.n.* itikè, bousòl

hoarse *adj.* anwe, wòk

hobble *v.* (*to limp*) rale sou (yon)
pye, rale, mache bwate

to ~ **along** mache sou yon pye

hobbles:

person who ~ kouyan

hobbling *adv.* kouyan(k)-kouyan(k)

hold:

to ~ **fast** rete tenmplaw

to ~ **off, postpone** ranvwaye, voye
(pou) pi ta

to ~ **out (resist)** kenbe/fè tèt ak

to ~ **still** pa souke kò li

to ~ **tight** kenbe tèt, sere boulon

hole *n.* (*opening*) twou, tou, ouvèti,
espas

hollow *adj.* kre, vid, gen twou,
sannanan

his/her cheeks are ~ machwè li zo

~ **cheded** pwatrin rantrè

home:

~ **for the aged** kay retrèt, azil pou
granmoun

~ **remedy** renmèd fèy

homeopath *n.* omeyopati [*Fr.*]

homeopathic *adj.* omeyopatik [*Fr.*]

homeopathy *n.* omeyopati [*Fr.*]

homesick *adj.* nostalgik, chagren

homesickness *n.* nostalji, anvi wè
lakay

homosexual *adj.* omoseksyèl [*Fr.*]

female ~ madivinèz, madivin,
lesbyèn [*Fr.*]

male ~ masisi, gason makonmè,
desiskole, fi gason, doubis,

akimafe, masigwèl, mazizwèl,
malikong, makoklen, pederas,

pede, gonasigwèl

male ~, **“top”** (*insertive role*)

madodo

male ~, **“bottom”** (*passive role*)

madoda, ti madanm, gason fanm/
femèl

to engage in ~ **acts** fè masisi

to have (male) ~ relationship

kwaze moustach

homosexuality *n.* masisi,

omoseksyalite [*Fr.*], desiskole
hookworm *n.* ti vè kwòk, vè akwòk, ankilòstòm
hope *n.* lespwa, espwa, esperans;
v. swete, espere
to ~ for espere
to lose ~ dezespere
hopeless *adj.* (*without hope*) sanzespwa, dezespere
to feel ~ santi li elas
horizontal *adj.* plat, anivo, kouche, orizontal
hormone *n.* òmonn, òmòn
horny:
~ (**male**) bande
to be ~ (*sexually*) sou sa
horror:
to have a ~ of rayi, pa sipòte
hospice *n.* azil (pou moun k ap mouri)
hospital *n.* lopital; *adj.* ospitalye
Albert Schweitzer Hospital (Deschapelles) Lopital Dechapèl
~ **chart** dosye
~ **gown** chemiz lopital
Hospital of the State University of Haïti, PaP Lopital Inivèsite Deta Dayiti, Lopital Jeneral;
acron. HUEH
~ **ward** sal
permission to leave ~ egzeyat
to be released from ~ egzeyate
to release from ~ egzeyate
hospitalization *n.* opitalizasyon [*Fr.*], entènen
hospitalize *v.* entènen, ospitalize [*Fr.*]
hospitalized:
to be ~ entènen, kouche lopital
hot *adj.* cho
~ **flashes** boufe chalè
~ **pad** tòchon
~ **water bottle** bouyòt, boutèy dlo

cho
to get ~ chofe
to have ~ **flashes** santi cho
hot-tempered:
to be ~ gen gwo/twòp san, gen san (cho)
hot-water *n.* dlo cho
~ **bottle** bouyòt, boutèy dlo cho
human *adj.* imèn, moun
~ **being** kretyen vivan, moun
~ **body** kò moun
humerus *n.* gwo zo ponyèt, imeris
humor:
in a bad ~/mood pa nan/ sou san li, an chimè, sou chimè li
hump *n.* bòs, douk, bosko, bousòl
humpbacked *adj.* bosì, bosko
hunchback *n.* bosì, bosko, boul nan do, do chamo
hunger *n.* grangou
~ **pains** trip kòde/tòde
pang of ~ frengal
sharp ~ **pain** gaz
to fight off ~ bat grangou
to satisfy one's ~ pase grangou li
hungrily *adv.* (*food*) ak grangou/ vorasite
hungry *adj.* grangou
he is ravenously ~ lestonmak li ap vire lanvè
~ **for** (*food in general; honors etc.*) friyan pou
to always be ~ gen tiloulout
to be very ~ mouri/bat grangou, vannivan
to go to bed ~ dòmi grangou/ konsa/blanch
hurt *n.* mal, blesi, plè; *v.* **1** (*to cause physical pain*) blese, pike, mòde, frape, fè mal **2** (*to cause emotional suffering*) blese, frape, fè mal, nwi, fwase, fè lapenn, vekse **3** (*to be*

painful) fè mal, pike; *adj.* blese, donmaje
small ~ bobo
to become ~ **and angry** ranmase karaktè (li)
to get ~ pran chòk, ofraje, blese
to ~ **oneself** blese kò li, fraktire kò li
husband *n.* mari, mesye
common-law ~ nonm, papa pitit
legal ~ mari
hydrocele (*med.*) *n.* (maladi) gwo grenn, gwo lenn, maklouklou, ti kalbas
hydrochloric *adj.* kloridrik
hydrogen:
~ **peroxide** dlo oksijene
hydrolysis *n.* idwoliz
hydrometer *n.* idwomèt
hydrophobia *n.* laraj, raj
hydroxide *n.* idwoxid
hygiene *n.* lijyèn, lijyenn, ijyèn, ijyenn; *adj.* dijèn
proper ~ lizay
hygienic *adj.* ijjenik, jenik, sanitè
hymen *n.* vwal, imèn, filèt, filè, vwal vyèj, vwal twou pati yon fi
to break the ~ kreve
hyperacidity *n.* twòp asid
hyperactive *adj.* eksite
~ **child** brisfè, brilfè
hyperglycemia *n.* twòp sik nan san
hypertension *n.* tansyon (wo), ipètansyon
hyperthermia *n.* dekonpozisyon gwo chalè
hyperventilation *n.* opresyon
hypnosis *n.* ipnoz
hypnotic *adj.* ipnotik
hypnotism *n.* ipnotis
hypnotist *n.* ipnotizè, mayetizè
hypnotize *v.* ipnotize, mayetize,

andòmi
hypochondria *n.* foli maladi, maladi imajinè, ipokondri [*Fr.*]
hypochondriac *n.* malad imajinè
hypodermic *adj.* anba po
~ **needle** zegwi, egwi
hypoglycemia *n.* mank sik nan san
hypotension *n.* tansyon ba
hypothesis *n.* sipozisyon, ipotèz
hypothesize *v.* sipoze
hysterectomy *n.* wete matris
hysteria *n.* sezisman, kriz (de nè), kriz emosyonèl, atak nè
collective ~ kouri
hysterical *adj.* anraje, isterik [*Fr.*]
to become ~ tonbe kriz, fè yon kriz
hysterics *pl.n.* kriz de nè
to go into ~ pèdi tèt

I

ice *n.* glas; *v.* (to glaze or top) glasiye
crushed ~ glas kraze
~ **pack** (*med.*) konprès (ak) glas, ti sak glas

ICU *acron.* sal swenyay espesyal

identification bracelet *n.* braslè

ilium *n.* zo ranch

ill *n.* mal; *adj.* malad, kò pa bon;
prefix mal

chronically ~ maladif

critically ~ malad grav

~**formed** masòkò

quite ~ byen mal

terminally ~ san rechap

illegitimate *adj.* deyò, ilejitim

~ **child** pitit deyò, pitit ki pa rekonèt, bata

illness *n.* maladi

minor ~ dekonpozisyon

natural ~ maladi Bondye, maladi doktè, maladi natirèl

return of ~ chit

supernatural ~ maladi lwa

ill-tempered:

to be ~ gen move jan, fè djòl pwès

imbalance *n.* dezekilib, fòskote

imbed, embed *v.* chouke

immature *adj.* wòwòt, tilaj,
annanfan, ole, frelikè

immerse *v.* plonje

immobile *adj.* ki pa fè mouvman,
imobil, fiks, dòman, sou blòk glas

immobilize *v.* mete nan aparèy,
imobilize, paralyze, rann imobil/
fiks

immune *adj.* pwoteje (kont), kenbe
tèt (ak), iminize

~ **system** sistèm defans/iminitè

immunity *n.* pwoteksyon

immunization *n.* vaksinasyon,
vaksen

~ **record** kat vaksen

immunize *v.* vaksinen, bay vaksen,
iminize

impact *n.* **1** (*collision*) chòk,

frapman **2** (*effect*) enpak

to ~ **upon** afekte, enfliyanse

impacted *adj.* antre nan

impair *v.* febli

impaired *adj.* donmaje, andikape

visually ~ demi avèg

impairment *n.* donmaj, andikap,

defòmasyon, enfimite

impatient *adj.* enpasyon, gen san

(cho), kè cho, cho

to be ~ depasyante

to be ~ **with** nève sou

impede *v.* kontrarye, anpeche, mete
an kwa

to ~ **growth** rabi

impediment *n.* anpechman,
ankonbreman, dekwochay

imperfection *n.* defo

impetigo *n.* bouton (maleng), chank,
enpetigo

implant *v.* mete nan, chouke

impotence, impotency *n.* enpwisans
[Fr.]

impotent *adj.* pa gason, enpwisan
[Fr.]

to be ~ kòk pa chante, pèdi bann

(li), pa gen bann, pa ka bande

impregnate *v.* (rann) ansent, gwòs

impregnation *n.* fekondasyon

improve *v.* (to recover, get well)

reprann, fè mye/pwogrè

improvement *n.* (*betterment*)

alemye, amelyorasyon, myezale

slight ~ ti mye
impulse *n.* lide, kapris, fantezi
to act on ~ swiv lide/kapris/fantezi
li
impulsiveness *n.* abandon
impure water *n.* lou
impurity *n.* malpwòpte, salte
inability *n.* enkapasite
inborn *adj.* natirèl, anrasine
incapacitate *v.* febli, minen, delala,
definfala
incapacitated *adj.* malad kouche,
alite, kabannen
to be ~ (above waist) pwatrin/
biskèt tonbe, lestonmak louveri
incapacity *n.* enkapasite
mental ~ tèt pa bon/klè/drèt
incest *n.* ensès
family where ~ is practiced ras
kabrit
incinerate *v.* boule nèt
incineration *n.* boule nèt
incinerator *n.* ensineratè, fou pou
boule fatra
incipient *adj.* nan lèt
incise *v.* (to cut into) koupe, twonse
incision *n.* koupe, ensizyon, fann
incisor *n.* dan devan
incoherent *adj.* dekoud, anbouye,
dezòdone, twouble, mele
~ (from drinking) bòyò
incompliant *adj.* (re)kalsitran
inconsolable *adj.* enkonsolab,
chagren, kagou, delage
incontinence *n.* pipi nètale
incontinent *adj.* pipi nètale, pipi
toutan, pise a lib
to be ~ (stools) lache
increase *n.* ogmantasyon, monte,
sipleman, wòs; *v.* ogmante, grandi,
gwosi, vin pi gwo, monte, vin
piplis

incubator *n.* kouvèz, enkitabè
incurable *adj.* san rechap/renmèd,
pa ka geri, malvi
index finger *n.* endèks, dwèt jouda/
jida/bouwo
indicate *v.* endike, montre, siyale
indication *n.* endikasyon, siy, endis
indifference *n.* endiferans,
ensousyans, ensansibilite
indifferent *adj.* endiferan,
ensousyan, ensansib
indigent *adj.* malere, endijan
~ **person** endijan
indigestible *adj.* endijès
indigestion *n.* gonfleman, lestonmak
boule, kè boule, endijesyon
to cause ~ gonfle, kwaze pye li
(sou lestonmak)
to find relief from ~ degonfle
to have ~ gonfle
indisposed *adj.* pa byen, kò pa bon
indisposition *n.* ti maladi
indolent *adj.* kò mouri, molyann,
mòkòy, douyèt
induce *v.* fòse, mete nan,
okazyonnen
indulgence *n.* sitirans, konplezans
indulgent:
overly ~ *adj.* sitiran, sitirè;
f.adj. sitirèz
overly ~ **person** sitirè
intebriated *adj.* anba gwòg (li), soule
inedible *adj.* enmanjab
inertia *n.* chitatann, pasivite, lantè,
kalewès, kò mouri
inevitable *adj.* inevitab
infancy *n.* anbazaj, anfans,
anfantiyaj
in ~ anbazaj
infant *n.* tibebe, tipitit, timoun piti,
titit; *adj.* nan lèt, emèjan
deformed ~ bebe donmaje

~ **born prematurely** tibebe ki fèt anvan tèm/lè

~ **mortality rate** to mòtalite enfantil

nursing ~ titit, tipitit, tibebe

pains felt by ~ tranche kabann

sudden ~ death syndrome (SIDS) maladi lanmò sibat nouvone

infanticide *n.* touye timoun

infect *v.* enfekte, kontaminen, gate, bay maladi

infected:

~ **eye** je lasi

to become ~ fè enfeksyon, anvlimen

infection *n.* enfeksyon

fungal ~ maladi djondjon

oral ~ chank lèt, chankalèt

parasitic ~ kriz vè

to have an ~ fè enfeksyon

infectious *adj.* atrapan, ki bay enfeksyon, kontajye, enfektye [*Fr.*]

infertile *adj.* **1** (*childless*) esteril, pa ka fè pitit **2** (*dry, unproductive*) arid

~ **man** gason ki pa ka fè pitit

~ **woman** fi ki pa ka fè pitit

infertility *n.* esterilite

infestation (*parasitic*) *n.* kriz vè

infest *v.* enfeste

infested *adj.* pouri

to be ~ with chaje/enfeste ak

to be/become ~ with worms fè vè

infidelity *n.* enfidelite

marital ~ zoklo, twonpri

infirm *adj.* fèb, enfim, frèl, delika

infirmity *n.* dispansè, enfimri

infirmity *n.* enfimite

inflamed *adj.* **1** (*swollen*) anfle, wouj **2** (*agitated*) ak yon dyab sou li, sou brezeng li

inflammation *n.* anflamasyon,

iritasyon, anfleti(s)

inflate *v.* bay van, gonfle

inflexible *adj.* rèd, bout di **inflict:**

to ~ upon flanke, flank

influenza *n.* (gwo) grip

infusion *n.* te fèy, tizann, solisyon

ingest *v.* vale

ingrained *adj.* anrasine, donner

inguinal *adj.* enginal

~ **region** bò lenn

ingurgitate *v.* glòtglòt, tinglòt

inhale *v.* pran/rale (yon) souf, aspire, respire

inhalor *n.* flitè

inhumation *n.* (l)antèman

inhume *v.* antere, tere

inject *v.* fè/bay piki

injection *n.* piki, enjeksyon [*Eng.*]

contraceptive ~ piki planin(g)

to get an ~ (*med.*) pran piki

to give an ~ (*med.*) bay piki

injectionist *n.* pikiris

injure *v.* fè mal, blese, fraktire, donmaje

to ~ (**s.o.**) severely fè yon malè sou

injured *adj.* donmaje, blese, fraktire

~ **person** blese, viktim

to be ~ pran chòk, viktim

injuring *n.* donmajay, kokobay, estwopyay

injurious *adj.* nwizib, blesan, pènisye [*Fr.*]

injury *n.* **1** (*wound*) blese, blesi, plè, plè, frakti, donmaj **2** (*insult*) ofans, tò, ditò

personal ~ donmaj nan kò

inlay (*tooth*) *n.* klis

innate *adj.* natirèl, anrasine

innards *pl.n.* zantray, trip, kritkrit, nannan, andedan kò moun

inner *adj.* enteryè, anndan, ki bò/pa anndan

~ **part** nannan

innocuous *adj.* pa ka fè ou anyen, san risk/danje, pa mechan

innocuously *adv.* dousman, pa mechaman

inoculate *v.* pike, bay vaksen

inoculation *n.* piki, vaksinasyon

professional giver of ~s pikiris

inoperable *adj.* sa yo pa ka opere/wete, sanzespwa

inorganic *adj.* inòganik

inpatient *n.* malad/pasyan lopital

inquest *n.* ankèt

insane *adj.* fou, tèt pa byen, loke ~ **asylum** azil (kominal), lazil (pou) moun fou, sant sikatri

to be ~ tèt li pati, deranje

insanely *adv.* tankou moun fou

insanity *n.* derezon, foli

insect *n.* tibèt, ensèk [Fr.]

~ **bite** piki/koutdan tibèt

~ **repellent** ensektsid

~ **spray** flit

insecticide *n.* ensektsid

insecure *adj.* (*person*) pa anlè pa atè, enkyè, anbalan, twouble

insecurity *n.* ensekirite

insemination *n.* fekondasyon, enseminasyon

artificial ~ fekondasyon/

enseminasyon atifisyèl

insensate *adj.* ensansib

insensibility *n.* egareman, kò mouri, desounen

insensible *adj.* san konesans, endispoze

~ **of, unaware** pa okouran

~ **to, indifferent** ensansib,

endiferan

insensitive *adj.* ensansib, san kè,

kè di

insentient *adj.* denèfle, mouri, ankiwoze

insert *n.* enklizyon, atachman, apò; *v.* mete, foure

to ~ (*IV tube etc.*) konekte

insertion *n.* enklizyon, atachman, apò

inside *n./adj.* anndan, anndan;

adv. anndan, anndan, ladan,

alenteriyè; *prep.* anndan, anndan,

ladan

to bring/put ~ antre

insides *pl.n.* (*intestines*) kritkrit, trip

insolation *n.* kout/atak solèy

insomnia *n.* pa ka dòmi, gen pwoblèm (pou) dòmi

to suffer from ~ pa gen somèy

insomniac *n.* moun ki gen pwoblèm (pou) dòmi

inspector *n.* kontwolè, enspektè

health ~ ofisyè sanitè

inspiration *n.* (*inhalation*) souf

instability *n.* enstabilite, destabilite, tonbe leve

instantaneous *adj.* enstantane, toptop, lamenm, deswit

instep *n.* do pye, kanbri, wòs

instinctive *adj.* enstenktif

institution *n.* enstitisyon

institutional *adj.* enstitisyonèl

institutionalize *v.* enstitisyonnalize

instrument *n.* (*mechanical implement*) zouti, aparèy

insufficiency *n.* mank, ensifizans [Fr.]

insufficient *adj.* pa ase, pa sifi, ensifizan

insulin *n.* ensilin

insurance *n.* asirans

Haitian government health ~

agency Ofis Aksidan Travay,

Maladi ak Matènite; *acron.*

OFATMA

~ **coverage** pwoteksyon (nan asirans)

~ **policy** polis/kontra asirans

life ~ asirans vi

insure *v.* (to cover with insurance)
asire

insured:

to be ~ asire

insurer *n.* asirè

intact *adj.* san donmaj, entegral,
idèm, entak [*Fr.*]

intellect *n.* lespri, tèt

intelligence *n.* lespri, entelijans, tèt
of ~ dentelijans

intelligent *adj.* entelijan, eklere,
lespri, fò

~ **man** nèg tèt

~ **person** bolid

intelligently *adv.* ak entelijans/sajès,
ak bon konprann

intemperance *n.* entanperans,
abandon

intemperate *adj.* **1** (*immoderate*)
demezire, wòdpòte, debride

2 (*drunken*) tafyatè, bwasonnyè

intense *adj.* di, entans, cho, fò, rèd,
vif

intensify *v.* entansifye, redouble,
ranfòse

intensive *adj.* entansif, konsantre, fò
~ **care** swenyay espesyal lopital
~ **care unit** sant swenyay entansif/
espesyal

intercourse *n.* relasyon, rapò, echanj

sexual ~ kontak, relasyon, rapò,
bagay, lavi gasonfi

to have ~ fè sèks/bagay, gen

relasyon, fè kontak

to have ~ **too soon after delivery**
lave je

to have sexual ~ **with** konnen

interior *n.* andedan, anndan, nannan,
kòtòf; *adj.* enteryè

intermittent *adj.* aledvini, alevini, ki
ale vini, wete mete

to be ~ aledvini, alevini, mòde lage

to feel ~ **pain** mòde lage

intern *n.* (*med.*) entèn

internal *adj.* entèn

~ **medicine** maladi anndan

internally *adv.* andedan, anndan

internist (*med.*) *n.* entènis

internship (*med.*) *n.* entèna

interpret *v.* (to translate from one
language to another) entèprete,
tradwi

interpreter *n.* entèprèt

intervention *n.* entèvansyon, antremiz

interview *n.* entèvyou; *v.* fè entèvyou
ak, entèvyouve

private ~ tètatèt

intestinal *adj.* anndan, entestinal [*Fr.*]

~ **disorder** deranjman anndan

~ **obstruction** oklizyon entestinal

intestine *n.* entesten, frending, trip

large ~ gwo trip, gradoub

small ~ ti trip

intestines *pl.n.* trip, tripay, zantray,
zenba, boyo, frending

intimate *adj.* entim, pwòch

to be ~ **with** (**sexually**) fè zafè/
bagay ak

intoxicate *v.* rann sou, soule

intoxicated *adj.* sou, soule, entoksike
[*Fr.*]

intoxicating *adj.* (*intoxicant*) ki rann
sou

intoxication *n.* soulezon,
anpwazonnman

intractable *adj.* wondonmon, wòklò,
tenas, tèt kòlòwòch, pa gerisab

intrauterine device *n.* esterilè, plòg,

filaman, aparèy

intravenous *adj.* nan venn, entravenèz

~ **fluid (IV)** sewòm (nan venn)

~ **pole** pòt sewòm

~ **tube** sewòm

to run an ~ tube mete sewòm

introvert *n.* moun fèmen/renka/dosil/
timid, pè moun, bèt bwa

introverted *adj.* efase, renka, pentad

intumescence *n.* anfleman, anfle

invalid *n./adj.* kokobe, malad, envalid,
enfim

invasive *adj.* k ap pwogrese

inverted uterus *n.* matris deplase

invigorate *v.* bay vigè/jarèt/fòs,
remonte, fòtifye, mete anfòm

invigorating *adj.* jenjanm

involuntarily *adv.* envolonètèman, san
konnen

involuntary *adj.* envolonètè, san
kontwòl

involved:

to be (sexually) ~ with nan bagay
ak, kole sandal ak

iodine *n.* yòd

tincture of ~ tentidyòd

iodized *adj.* yòde

ipecac (*bot.*) *n.* ipeka, peka

iris (of eye) *n.* nwa je, mitan/glè je, iris

iron lung *n.* aparèy poumon atifisyèl

irradiate *v.* reyonnen, klere, liminen

irreducible *adj.* ki pa ka geri, irediktib

irregular:

~ (*constipated*) sere, konstipe

to be ~ (pulse) pèdi konpa

irregularity *n.* (*constipation*) vant
sere, konstipasyon

irreversible *adj.* enchanjab, ki pa ka
chanje, ki pa ka rete (sou) kous li,
san lespwa gerizon, final

irrigate:

to ~ (wound) lave

irrigation:

~ (*of wound*) lavay

irritability *n.* akaryasite

irritable *adj.* move, akaryat, rechiya,
chimerik, ostre

~ **person** bonm

irritant *n.* iritan, anmèdman

irritate *v.* (*to chafe, inflame*) boule,
manje, pike

irritated *adj.* ennève, myèl, an

denmon/dyab/brenzeng

~ (*med.*) irite, boule

irritating *adj.* anmègdan, anbetan,
agasan, ennèvan

irritation *n.* iritasyon, lansman,
anbetman, anmèdman

~ (*med.*) chalè, boule, iritasyon

skin ~ pikotman, chofi, demanjezon,
san grate, gratèl

isolate *v.* mete apa, izole, dekonekte

isolated *adj.* izole, detache, separe,
aleka, apa (pou kont li), pwovensyal

isolation *n.* izolman

~ **ward** sal pou izole malad

place of ~ (room, house etc.) for TB
patients kay blanch

to place in ~ (in hospital) mete apa

isotope *n.* izotòp

itch *n.* pikotman, demanjezon, san
grate, gratèl; *v.* grate

~ **mite (causing scabies)** aka

itching *n.* **1** (*sensation*) demanjezon,
manjezon **2** (*action of itching*)

gratezon, grate

itchy *adj.* ap grate

IUD (intrauterine device) *n.* filaman,
esterilè, plòg, aparèy

IV (intravenous fluid) *n.* sewòm (nan
venn)

~ **pole** pòt sewòm

~ **tube** sewòm

to run an ~ tube mete/bay sewòm

J

jagged *adj.* chankre, chaje (ak) dan, dechikte, graj

jaundice *n.* lajònis, jònis, pise jòn, pise wouj

jaundiced *adj.* (*yellowish*) yon jan jòn, blèm

jaw *n.* machwè, machwa

dislocated ~ machwè dejwente

lower ~ machwè enferyè

protruding ~ djòl bekin

upper ~ machwè siperyè

jawbone *n.* zo machwè/machwa

jelly:

petroleum ~ jele petwòl

jellyfish *n.* lagratèl

jerk *n.* (*jolt*) sakad, soukous, chikin;

v. sakade, bay sakad, rape

to ~ (**in convulsions**) tire, detire

to ~ **off (masturbate)** bat

laponyèt, woule tèt kòk

jet lag *n.* fatig/kò kraz ak chanjman èdtan

jinx *n.* madichon, malediksyon, giyon; v. malediksyonnen, lage malediksyon/devenn sou, bay (yon) madichon, giyonnen

to ~ (*not Voodoo*) bay atoufè

jinxed:

to be ~ giyonnen, fèt nan move lalin

jock itch *n.* gratèl, egzema

jockstrap *n.* sispanswa

join v. (*to connect*) mare, ini, konekte, marye, mete ansanm, rakòde

joint *n.* (*of bones*) jwenti

out of ~ (*wrist, ankle etc.*) demi

to put out of ~ demantibile, demonte

jointed (*limb etc.*) *adj.* atikile

jolt *n.* soukous, sakad, kawotay; v. sakade, bay sakad, kawote, balote

jowl(s) *n.* bajòl

jugular vein *n.* gwo venn nan kou

jumpy *adj.* pa anlè pa atè, ennève, nève

juvenile *n.* minè, jennmoun, adolesan; *adj.* jenn

~ **delinquent** jenn delenkan, ti vakabon, kokorat, vyenvyen

K

keep:

- to ~ down** (*food etc.*) kenbe
- to ~ going** kenbe, kontinye sou menm lanse a
- to ~ off (abstain from)** rete nèt, pa mele, absteni
- to ~ on (continue)** kontinye, chita
- to ~ on doing s.thg.** plede, pèsiste, kontinye

keratitis *n.* anflamasyon gla(s) je, keratit

kick:

- to ~ it** (*drug habit etc.*) metrize, venk, bat

kidney *n.* ren, grennvant; *adj.* renal
~ **failure** ren bloke, ensifizans renal

- ~ **stone** wòch/pyè nan ren
- ~ **trouble** pwoblèm ren

kill *v.* touye, pete fyèl, voye nan peyi san chapo

- to ~ on the spot** blayi frèt
- to ~ (s.o.) dead in one's tracks** touye tèt nwè
- to ~ the pain** fè doulè a pase
- to ~ through sorcery** manje moun

kilter:

- out of** ~ pa anfòm, kousi kousa, konsa konsa

kin *n.* paran, fanmi

- next of ~ (of the deceased)** mèt mò

kind *adj.* emab, janti

kindly *adj.* janti, byenfezan; *adv.* jantiman, ak jantiyès

- to act ~ toward** byen sèvi/boule ak

kindness, kindliness *n.* jantiyès, bonkè, bonte, byenfè
~ (*gift, favor, service*) lonnèkte

kindred *n./adj.* sanblab

kinds:

- all** ~ tout plim tout plimay
- all ~ of people** dyab/madigra mele ak bon mas

kinfolk, kinsfolk *pl.n.* paran

kinky hair *pl.n.* grenn, gridap, kwòt, krepì

kinship *n.* parantaj, fanmi

kleenex *n.* klinèks

knee *n.* jenou

- ~ **brace/pad** jenouyè, jennouyè

kneecap *n.* zo/boulèt/kakòn jenou

knife *n.* kouto

knock *n.* frape, frap; *v.* frape

- to ~ s.o. out (medically)** andòmi

knock-kneed *adj.* pye lanvè, janm kana/kounan/sizo

knotted (*hair etc.*) *adj.* antòtye, mele

knuckle *n.* jwenti/je dwèt, zo men

knuckles *pl.n.* jwenti/je dwèt, zo men

kotex *n.* kòt

kwashiorkor *n.* kwachyòkò, maladi anfle, maladi gwo vant, maladi kò anfle, maladi timoun anfle

- ~ **victim** timoun anfle

L

lab *n.* labo(ratwa)

~ **coat** blouz (laboratwa)

label *n.* etikèt

labia *n.* fèy, lèv, labya

~ **majora** gwo labya/lèv/fèy, gwo po bòbòt

~ (**majora and minora**) fèy

~ **minora** ti labya/lèv/fèy, ti po bòbòt

labor:

false ~ (*med.*) fo tranche

forced ~, **induced** ~ (*med.*) tranche fòse

intense ~ (*in birthing*) tranche cho

interval between series of ~

contractions tranche frèt

~ **contractions or pains** tranche,

tranchman(n vant), maldanfans,

soukous, doulè akouchman

normal ~ tranche nòmàl

premature ~ tranche anvan lè, tranche anvan tèm

to stimulate ~ chofe tranche a, ankouraje tranche a

lab(oratory) *n.* labo(ratwa)

~ **coat** blouz (laboratwa)

~ **technician** (*med.*) *n.*

laboranten, *f.n.* laborantin

labored *adj.* rentan, rèd, maleze

lacerate *v.* filange, dechire, taye

laceration *n.* koupe

lachrymal *adj.* lakrimojèn

~ **gland** sak dlo

lack *n.* mank, mankman, twou;

v. manke, mank, anpàn

~ **of** karans

lactate *v.* bay lèt

lactation *n.* bay lèt

lactometer *n.* pèz lèt

lactose *n.* laktoz

~ **intolerant** pa ka bwè lèt/krèm

laid-up *adj.* malad kouche, alite, kabannen

lame *adj.* kokobe, k ap bwete, bwate, estwopye

~ **hand** (men) pòk

~ **person** moun donmajè

lameness *n.* rale sou (yon) pye

lament *n.* jemisman; *v.* **1** (*to wail; complain*) plenyen **2** (*to deplore*) deplore, lamante

lamp *n.* lanp

Coleman (gas) ~ lanp Kòlmann

floor ~ lanp (a) pye [*Fr.*]

lamplight *n.* limiyè lanp

lance *v.* fann, pèse

lancet *n.* bistouri

languid, languorous *adj.* mòl, mòltonn, mou, tris

languidness, languor *n.* kò kraz/lage, molas

languish *v.* depafini, deperi

to ~ **for** anvi, dezire

languishing *adj.* figi fennen

languor *n.* kò lage/kraze, molas

lankiness *n.* lamègrè

lanky, lank *adj.* dechose, mèg ~ **fellow** bwa piwo, eskogrif,

flandren

lap *n.* kwis

laparotomy *n.* operasyon nan bavant, laparatomi

lapse *n.* defayans, erè, fòt, bevi; *v.* perime

to ~ **into bad habits** tonbe nan move mès

larva(e) *n.* lav, ze

laryngitis *n.* anflamasyon kòd vokal,

larenjit [Fr.]
larynx *n.* kòd vokal/vwa
laser *n.* lazè
lassitude *n.* kò kraz/kraze, fatig
last *v.* dire
~ **name** siyati
last-ditch *adj.* dezespere
lasting *adj.* dirab
late *adj.* ta
~ **in life** nan ta
latent *adj.* dòmi
lather *n.* kim, mous; *v.* kimen, fè/bay kim, savonnen
latrine *n.* latrin, komòd, olye, watè, twalèt
seat of ~ kòf latrin
lavatory *n.* (chanm) twalèt, saldeben
lax *adj.* neglijan, molyann, vag
laxative *n.* metsin, medsin, lòk, pij
commercial ~ pigatif
laxness, laxity *n.* neglijan
layer *n.* kouch
layette *n.* leyèt
laziness *n.* parès
lazy *adj.* parese, loudo
lead poisoning *n.* anpwazonnman plon
lean *adj.* mèg
leanness *n.* lamègrè
learning *n.* savwa, lasyans, bèt
~ **disability** andikap pou aprann
leathery *adj.* ride, plise
left-handed *adj.* goche
~ **person** goche
leg:
~ **bone** zo (bwa) janm
~ **brace** aparèy
lower ~ (*from knee on down*)
(bwa) pye
wooden ~ janm de bwa
legged:
one ~ pèdi yon janm, inijanbis

leggy *adj.* janm long
legs:
on one's last ~ delala, about, kò kraze
skinny ~ bagèt janm
lend:
to ~ a hand bay koutmen
length *n.* longè
to go to any ~ fè nenpòt ki bagay
lens *n.* **1** (*glass*) vè, lantiy **2** (*of eye*) tou/twou je
bifocal ~ linèt bifokal
crystalline ~ (**of eye**) loup
lenses:
contact ~ vè/lantiy kontak
leper *n.* lepre
leprosy *n.* lalèp, lèp
lesbian *f.n.* madivinèz, madivin, lesbyèn [Fr.]
lesbianism *n.* madivin, fanm ak fanm
lesion *n.* blesi, blese, lezyon
(ulcerating weeping) ~ maleng
lessen *v.* abese, bese, diminye, redwi, apeze
lethal *adj.* mòtèl, k ap touye ou
lethargic *adj.* mòlòkòy, mòlkò, mòlòkò, kò lage/likid/mouri/kraze, sou blòk glas, tèt lou
lethargy *n.* kò lage/labouyi/lòkò/kraz, kalbenday, parès, letèji
leukemia *n.* maladi globil blan, likemya [Fr.]
leukoma *n.* te nan je
level:
~ (*teaspoonful etc.*) san tiyon
levelheaded *adj.* tèt anplas/dwat/ poze, lokobasiye
to be ~ gen tèt dwat, gen tèt li sou zepòl li, tèt li dwat, tèt li byen chita sou zepòl li
levelheadedness *n.* tèt anplas, lòlòj,

sanfwa

libido *n.* dezi seksyèl

lice *pl.n.* (*sing.:* louse) pou,
boustouklouz, vèmin, karang

lice-powder *n.* salbada, salbadi

lid *n.* kouvèti, kouvèt, bouchon

lie:

to ~ back lage kò li

to ~ down kouche, lonje kò li

to ~ down a little while fè yon ti lonje

to ~ down again rekouche

to ~ face down kouche sou vant

to ~ face up kouche sou do

to ~ in rete kouche

to ~ on one's back kouche sou do

to ~ on one's stomach kouche sou vant

~ and death krisyal, grav anpil

~ cycle sik lavi

~ expectancy esperans vi, dire lavi

~ span dire lavi

~ stages etap devlopman

to bring back to ~ revini, fè renèt

to have a hard ~ bat mizè

to take one's ~ touye tèt li

to take one's ~ into one's own

hands jwe ak lavi li

life *n.* lavi, vi

for one's whole ~ lavi diran

~ and death krisyal, grav anpil

~ cycle sik lavi

~ expectancy esperans vi, dire lavi

~ span dire lavi

~ stages etap devlopman

to breathe/put new ~ into

rejenere, renouvle, rafrech

to bring back to ~ revini, fè renèt

to have a hard ~ bat mizè

to take one's ~ touye tèt li

to take one's ~ into one's own

hands jwe ak lavi li

life-blood:

one's ~ de grenn je nan tèt li

lifegiving *adj.* remontan, fòtifyan, tonn

lifeless *adj.* 1 (*dead*) mò, mouri

2 (*lacking vitality*) kannannan, kòkòtò, san vi

lifespan *n.* dire lavi

lifestyle (*usu. pej.*) *n.* vire voye

life-threatening *adj.* krisyal, grav anpil

lifetime *n.* lavi, vi, vidiran(t)

during his/her ~ nan vivan li, pandan lavi li

ligament *n.* fil vyann

ligation:

to perform a tubal ~ mare kòd tubal ~ ligati (twonp)

ligature wire *n.* fil ligati

lighten *v.* aleje

light-headed *adj.* fay, je vire, toudi

lightheadedness *n.* toudisman, toudlin, vètij, soulezon, soulay

light-skinned *adj.* klè, po lanvè

~ Haitian man with curly hair grimo

~ Haitian woman with curly hair grimèl

~ woman (darker than a grimèl)

brinèt

very ~ woujat

very ~ Haitian man usu. with light reddish complexion grimo chode

very ~ Haitian woman usu. with light reddish complexion grimèl chode

chode

likeness *n.* resanblans, sanblans

limb *n.* (*arm, leg*) manm

artificial ~ aparèy

paralyzed ~ manm mò

limp *n.* rale sou (yon) pye; *v.* bwate,

mache bwete/kwochi/kanbya, rale sou (yon) pye; *adj.* mou, lage
to ~ very noticeably gondole
limping *n.* rale sou (yon) pye;
adj. zoukoutak; *adv.* kouyan(k)-
kouyan(k), gouyang gouyang
limpingly *adv.* klopiklopan
limply *adv.* mòlman
limps:
person who ~ kouyan
line:
~ (*skin*) pli
lined (face) *adj.* ride
liniment *n.* longan
lip *n.* po bouch, lèv
cleft ~ anvi kochon/krab/pyebèf
~ **salve/balm** glòs
lipid *n.* lipid
lips *pl.n.* po bouch, lèv
thick ~ po bouch retwouse, gwo djòl
liquid *n./adj.* likid
~ **medicine** siwo
lisp *v.* pale sou lang, zeze
lissome *adj.* soup, san zo
listless *adj.* kò kraz/kraze/lage,
demèfle, kazwèl, kannannan,
molas
to appear ~ fennen figi li
to make ~ dekonpoze
listlessness *n.* kò kraz/kraze/lage,
molas
liter *n.* lit, twa boutèy kola
lithe, lithesome *adj.* soup, san zo,
lyan
lithium *n.* lityòm
litmus paper *n.* papyè tèss
live *v. viv; adj. (having life)* vivan
not to ~ long pa fè vye zo
to ~ together (as a couple out of wedlock) plase, fè afè, viv ade,
tabli

lively *adj.* vivan, ge, vif,
mouvman, anime
to be extremely ~ ge pase devan
bann lan
liver *n.* fwa, fwadi, fresi
cirrhosis of the ~ maladi fwa
~ **problem** kriz fwa
to have a ~ problem or hepatic disease fè fwa
livid *adj. (pale, pallid)* blèm, sinis,
sandrès
living *adj.* vivan, an vi
~ **together (without formal marriage)** plasaj
lobe:
ear ~ tete/fèy zòrèy
lobotomy *n.* lobotomi
localized *adj.* yon sèl kote
locate *v.* lokalize, jwenn
lock (of hair) *n.* mèch, trèss
lockjaw *n.* (maladi) kò rèd, mal
machwa/machwè, machwè rèd/
sere, tetanòs
lodge:
to ~ (be stuck or caught) kwoke
loin *n.* ren, flan
loins *pl.n.* ren, flan
loneliness *n.* solitud, izòlman
to experience ~ santi sèl nan kè li
lonely *adj.* sèl, chagren
loner *n.* moun solitè/patikilye/
pèsone, koyo
lonesome *adj.* sèl, chagren
longevity *n.* dirabilite, pèsistans,
andirans, rezistans
long-suffering *adj.* sipòtan, chwal
ren long
to be ~ gen san sipòtan, gen bon
do, pran bal li ofon
long-term *adj.* dirab, alontèm
look:
to ~ after (med.) swenyen, swayan

looked:

to be well ~ after optiswen

loop *n.* ne, sèk, bouk; *v.* woule
~ (**contraceptive coil**) esterilè,
filaman

loose:

~ (*skin*) plòt, plo

~ (*tooth*) souke, sekwe

loose-limbed *adj.* soup, fleksib, san zo

loosen *v.* **1** (*to free, release*) lache,
delache, desere, dekole, delye **2** (*to*
untie) lage, delage **3** (*to decongest*)
dekole, detache **4** (*to detach*)
detache

to ~ up poze/pran san li, lache kò li

lopsided *adj.* bòpiwo, ak fòskote,
panche yon bò, dezekilibre

lose:

to ~ ground pèdi pye

to ~ heart dekouraje

to ~ hope dezespere

to ~ strength pèdi pye

to ~ weight vin piti, megri, kase,
desann, degrese, degwosi, dechte

loss (*hair*) *n.* chit

lotion *n.* losyon, krèm

shaving ~ krèm (pou) bab

suntan ~ ponmad solèy

louse *n.* (*pl.:* lice) pou, boustouklouz,
vèmin, karang

pubic ~ mòpyon

love:

to make ~ with kouche ak, pran
plezi ak, fè bagay ak

lovesick *adj.* malad damou

lovesickness *n.* mal damou

lower-back *n.* senti (do)

~ **pain** doulè senti, doulè nan anba
do, senti/tay/ren fè mal, doulè nan
ren

to have ~ pain (zo) misk/dèyè
tonbe

low-spirited *adj.* kè grenn, kagou,
ba, afese

lozenge *n.* grenn, lozanj, pasti

lubricant *n.* lwil, grès

lubricate *v.* grese

lucid *adj.* tèt klè, lisid [*Fr.*]

lucidity *n.* klète, klate, lisidite [*Fr.*]

luck *n.* chans

lucky *adj.* chance, byennere, plen
chans; *f.adj.* byennerèz

~ **charm** wanga

to be ~ gen chans, fèt ak kwaf

lukewarm *adj.* tyèd, kèd

to be ~ detyedi

to become/make ~ tyedi

lumbago *n.* koubati, tay fè mal

lumbar puncture, do a *v.* retire

enpe dlo nan do pou wè si gen
enfèksyon nan sèvo

lump *n.* boul, glòb, mas, gwo moso

~ (*on head*) bikòs

lunacy *n.* foli

lunatic *n.* (moun) fou

lung *n.* poumon,, fwa/fresi mou

luxation *n.* dejwentaj

lying down (flat) *adj.* kouche, apla

lying-in period (after giving birth)
tinouris

lymph node *n.* glann

swollen ~ ~ glann

lymphatic *adj.* lenfatik [*Fr.*]

lymphatics:

swollen ~ venn fole

lymphedema *n.* gwopye, lenfanjit

M

macerate *v.* kraze, pile, tranpe, ramoli
machete *n.* manchèt
madman *n.* moun fou, devoran, anraje
madness *n.* raj, derayman, foli
maggot *n.* vè
magic:
~ **charm** wanga, fetich
~ **cure** senp
~ **potion to ward off evil** (*Voodoo*) dlo repiyans/repouse/santi
~ **powder** (*Voodoo*) poud (wanga)
to call on ~ **powers** desann zetwal
to engage in occult ~ fè wanga
magnesia:
milk of ~ lèt mayezi
magnesium *n.* mayeziyòm, mayezi
magnifying glass *n.* loup
maim *v.* donmaje, kokobe, estwopye
maiming *n.* donmajay, kokobay, estwopyay
to ~ **love** fè bagay/lanmou
to ~ **pregnant** gwòs, angwosi
make:
to ~ **love with** kouche ak, pran plezi ak, fè bagay ak
to ~ **pregnant** gwòs, angwosi
maladjusted *adj.* inadapte, nevwtik, flè (la)sezon, tèt pa anplas/drèt
maladjustment *n.* inadaptasyon
malady *n.* maladi
malaise *n.* kò kraz/kraze/dezole, deranjman
general ~ lafyèvan nan san
malaria *n.* lafyèvan malarya/palidis/frison/frèt/tranble, lafyèvan nan san

National Service for Control of Major Epidemics (~ *control*)
Esnèm
male *n.* mal; *adj.* mal, gason
malformed *n.* defòmasyon, malfòmasyon
congenital ~ donmaj (nan nesans)
malformed *adj.* malfòme, defòme
malignancy *n.* move/gwo maladi
malignant *adj.* grav, nwizib
malnourish *v.* malnouri
malnourished *adj.* malnouri, malmanje, malniri
malnutrition *n.* malnitrisyon, (maladi) mal manje, maladi manke manje
malocclusion *n.* dan mal plase
malodorous *adj.* santi (fò), koun
malpractice *n.* neglijan medikal
Malta fever *n.* lafyèvan malta
mammogram *n.* konsiltasyon/tchèkòp tete, mamogram
man *n.* gason, nonm, nèg, mesye, moun
old ~ lepè, tonton
young ~ jennonm, jenn gason, jennjan
mandible *n.* zo machwè anba
mange *n.* gal
mania *n.* foli, mani
maniac *n.* (moun) fou
maniacal *adj.* anraje, isterik, deranje
manic *adj.* eksite, debòde
~ **depressive** manyak depresif
[Fr.]
manicure *n.*; **manicurist** *n.* maniki
manipulate *v.* manipile, manevre, kontwole
manual *n./adj.* manyèl; *n.* gid pratik,

liv gid, mànhyèl
manually *adv.* alamen
manure *n.* fimye, kaka, angrè natirèl
marasmus *n.* maladi kò chèch, bwa chèch, maras
marijuana *n.* mariwana, marijàn, zèb
mark *n.* (*visible impression on s.thg.*) mak, tach; *v.* (*to make a visible impression on*) make, fè mak, tache
beauty ~ siy
marked *adj.* notab, remakab
markedly *adv.* sansibleman
marriage *n.* maryaj, nòs
by ~ paralyans
civil ~ **ceremony** maryaj sivil
common-law ~ plasaj, matlotay
forced ~ maryaj daso
~ **arranged to obtain a visa** maryaj viza
~ **certificate** ak sivil/maryaj, papye maryaj
~ **license** ak maryaj
to contract a common-law ~ plase
married *adj.* marye
~ (**by common-law**) plase
to get ~ **to** marye ak
marrow *n.* nannan
bone ~ mwèl
marry *v.* (*to become united in matrimony*) marye
to ~ **again** remarye
marvelous *adj.* mèveye, mayifik, estwòdinè
mask:
~ (*for surgeon or patient*) mas
mass *n.* mas, boul
massage *n.* friksyon, masay, masaj, rale; *v.* manyen (*pronounced:* man-yen), bay/fè masay, masaye, friksyonnen

closed-chest ~ manyen lestonmak
to ~ (**often quite forcibly**) rale
masseur *n.* mànhyè, masè
masseuse *f.n.* mànhyèz, masèz
mastectomy *n.* wete tete, koupe tete
masticate *v.* brase, kraze anba dan, moulen, mache bouch
mastitis *n.* lafyèv nouris, enfeksyon/
anflamasyon tete, apse nan tete
mastold process *n.* zo dèyè zòrèy
mastolditis *n.* anflamasyon zo dèyè zòrèy
masturbate (*male*) *v.* bat laponyèt, woule tèt kòk
masturbation *n.* bat laponyèt, bat dous, dyesèlmevwa, plezi solo
material *n.* (*tools for a given task*) materyèl, ekipman
maternal *adj.* manman, bò kote manman, matènèl
maternity *n.* matènite
~ **hospital** sant/mezon akouchman/nesans, matènite
~ **ward** sal akouchman, matènite
matrimony *n.* nòs, maryaj
mattress *n.* matla
air ~ matla van
box-spring ~ matla bòks, somyè
~ **maker** matlasye
straw ~ sak pay, payas
water ~ matla dlo
maturation *n.* **1** (*becoming mature*) devlopman **2** (*going out-of-date*) espirasyon
mature *adj.* **1** (*having reached full development*) gen matirite, fin grandi **2** (*having reached adulthood*) majè, gran, fòme, granmoun
to become ~ devlope
maturing *adj.* nan lèt
maturity:

when a person reaches (physical)

~ lè yon moun fin fòme

maxilla *n.* zo machwè anwo

meal *n.* 1 (*food*) repa, manje

evening ~ manje aswè

great ~ babako, gagòt

large ~ dine

light ~ kolasyon, pase nan bouch

main ~ of the day dine

~ served without meat, vegetable

or salad manje/kouvè sèk

noonday ~ dine, manje midi

mealtime *n.* lè manje/repa

measles *n.* lawoujòl, woujòl

German ~ lawoujòl alman, ti

lawoujòl, ribeyòl, woubewòl

measure:

to ~ **blood pressure** pran/

kontwole tansyon

to ~ **height** pran otè

measurement *n.* mezi

meatus (of penis) *n.* twou pipi

mechanical drill *n.* dril

meconium *n.* goudwon, gwodon,

gwòdon, kras nwa

medic *n.* teknisyen medikal

medical *adj.* medikal

~ **care** swenyay doktè

~ **discharge** egzeyat

~ **examination** konsiltasyon

~ **instrument tray** plato

~ **record** dosye

~ **release** egzeyat

~ **science** lamedsin

~ **supplies** atik/materyèl medikal

~ **treatment** tretman

to be under ~ **care** swiv doktè/

lopital, pran swenyay

to have periodic ~ **check-ups**

konsilte

to seek ~ **help** ale pran swen

Medicare *prop.n.* Medikè [Eng.]

medicate *v.* bay medikaman/renmèd, swenyen

medication *n.* medikaman, renmèd

medicinal *adj.* benefik, fòtifyan,

renmèd, terapetik, ratrapaj

~ **herb** fèy renmèd

medicine *n.* medikaman, renmèd

extremely strong ~ medsin chwal

folk ~ renmèd/medsin fèy

forensic ~ medsin legal

internal ~ medsin entèn

liquid ~ siwo

~ **cabinet** bifèt medikaman

~ **dropper** konngout

~ **kit** bwat fanmasi

potent ~ metsin chwal

to give ~ remedye

to practice ~ fè lamedsin

to study ~ aprann doktè

to take ~ pran/bwè medikaman,

remedye

medivac *n.* avyon anbilans

meeting *n.* 1 (*gathering or*

assembly) reyinyon, rasanbleman,

mitin 2 (*appointment*) randevou

~ (*political, scientific etc.*) kongrè

~ **room** sal reyinyon

melancholia *n.* depresyon

melanoma *n.* ti bouton kansè sou po

melt *v.* fonn

membrane *n.* vlen

mucous ~ mikèz

memory *n.* 1 (*mental faculty*)

memwa

~ **loss** pèt memwa

short ~ memwa pou

menarche *n.* premye règ

to reach ~ fòme, fè kwasans

mend *v.* ranje, repare, rakomode,

reprize, rapyese

to be on the ~ ap refè/retabl

meningitis *n.* maladi tèt anfle,

enfeksyon sèvo, mennenjit
menopause *n.* lè fi rete, menopòz,
san p ap vini ankò
to reach/be past ~ rete, antre nan
laj
menorrhagia *n.* pèdisyon, pèdans
menses *pl.n.* règ, peryòd
to have irregular ~ pa regle byen
menstrual:
continual flow of ~ fluids
pèdisyon, pèdans
~ **cramps** kolik, tranchman(n
vant)
~ **cycle** peryòd
~ **flow** règ
~ **period** lalin, lawòz, dat, flè, pye,
peryòd, règ
~ **problems** mach fanm
not to have one's ~ period pèdi
pye li
to alter one's ~ cycle pye li
boukante
to have irregular ~ periods pa
regle byen
to have one's ~ period pye li
mache
unusual ~ periods pèdisyon
menstruate *v.* gen/wè règ, wè flè, wè
(ti) woz, wè (la)lin li, gen mwa,
wè pye, regle, fleri
not to ~ kontrarye, pa gen san li
to start to ~ fòme
menstruating:
to start ~ fè kwasans
to stop ~ (*temporarily or*
permanently) pèdi kwasans
menstruation *n.* règ, (ti) woz,
(la)lin, mwa, flè, kwasans,
regleman, mach (fanm)
mature woman with very
sporadic or no ~ maflore, maflori
to prevent normal ~ siprime

mental *adj.* mantal, nan tèt
~ **breakdown** depresyon
~ **disorder** demans [*Fr.*], foli
~ **hospital** lazil (pou) moun fou
~ **illness** maladi tèt
~ **incapacity** maladi nan tèt
~ **retardation** reta
mentally *adv.* mantalman
~ **retarded** ebete, enbete,
kannannan
mercurochrome *n.* mèkiwokòm
mercury *n.* mèki
~ **based product** mèkiriyèl
mess *n.* dezòd
metabolic *adj.* metabolik
method:
rhythm ~ (*family planning*) metòd
tanperati
methylene *n.* metilèn
MGS (monosodium glutamate) *n.*
aksan
miasma *n.* myas
microbe *n.* jèm (maladi), mikwòb
microbiologist *n.* mikwobyolojis
microbiology *n.* mikwobyoloji
microorganism *n.* mikwovògànism
microscope *n.* mikwoskòp
microscopic *adj.* mikwoskòpik, tou
piti, piti piti piti
middle finger *n.* dwèt mitan, lemajè
middle-aged *adj.* andezay, andezaj
~ **person** moun andezay/andezaj
midjet *n./adj.* tiyaya, choukbwa,
rasi, (ti) nen
midriff *n.* povant
midwife *f.n.* fanm say/saj/chay,
akouchèz, sajfam
government-trained ~ matwòn
migraine *n.* migrèn, gwo maltèt
mild *adj.* 1 (*slight*) lejè, pa grav,
vyepti, farinay, swèl 2 (*gentle*)
dou, modere

a ~ case yon vyepti ka
mildew *n.* mwezisi, kanni; *v.* kanni, fè djondjon
milk *n.* lèt (bèf)
condensed ~ lèt kondanse
cow's ~ lèt bèf
dried mother's ~ **accompanied by seizures** lèt monte nan tèt
dried up mother's ~ lèt pase
emergency relief ~ (*usu. powdered*) lèt sinistre
evaporated ~ lèt vapore/evapore/kondanse
irreversibly spoiled or poisonous mother's ~ lèt gate, move lèt
low-fat ~ lèt degrese
malted ~ lèt malte
~ **from emotionally upset mother** lèt sezisman
~ **of magnesia** lèt mayezi
mother's ~ lèt manman
mother's ~ **which has dried up** lèt chèch/pase
nonfat ~ lèt san krèm/grès, ti lèt
powdered ~ lèt an poud, lèt sinistre, poud lèt
skimmed ~ lèt san krèm/grès, ti lèt
(the nursing) mother's ~ **turned sour** lèt pase nan san manman
milligram *n.* miligram
milliliter *n.* mililit
millimeter *n.* milimèt; *abbrev.* mm
mind *n.* lespri, tèt, brenn, sèvo, sèvèl; *v.* (*to take care of*) okipe
mineral *n./adj.* mineral, minewo
~ **oil** lwil mineral
~ **water** dlo mineral
minerals *pl.n.* minewo
minister:
to ~ to, nurse swenyen
ministration *n.* sekou, èd, asistans
Ministry of Public Health and

Population Ministè Lasante Piblik e Popilasyon; *acron.* MSPP
minor *n.* minè, timinè, ki poko granmoun; *adj.* (*juvenile*) dèyè manman
miracle *n.* mirak, mèvèy, gwo chans
to perform a ~ fè yon mirak, mare/leve yon karèt
miraculous *adj.* mirakile, grasa yon mirak
miraculously *adv.* mirakilèzman
mirror *n.* miwa, glas (pou gade)
misaligned, unbalanced *adj.* dezakse, dwogidwogan
miscarriage *n.* fos/movèz kouch, movèz akouchman, avòtman envolontè
non-apparent ~ pèdisyon
miscarry *v.* fè movèz kouch, fè foskouch, avòte
miserable *adj.* mizerab, mizèrere, mafweze
misery *n.* mizè, lamizè, tray
in ~ nan pa bon, ap soufri
to be in ~ kòde yaya/yoyo, fè yoyo
misfortune *n.* devenn, malè, malvèsite, mezavanti, malsite, rèvè
in ~ nan pa bon
mishap *n.* malè
miss *n.* **1** (*title for young woman*) madmwazèl, manmzèl, mis
2 (*respectful title for older unmarried woman*) manzè; *v.* rate, manke
misshapen *adj.* malfòme, malfèt, mafweze, mafwezi, masòkò, defòmen
missionary *n./adj.* misyonè
~ **post** misyon
mister *n.* mesye, msye, mistè [*Eng.*]; *abbrev.* M.

mite:

itch ~ (*causing scabies*) aka

mitigate *v.* modere, bese

mix *n.* melanj, konpozisyon;

v. melanje, mele, fè yon melanj, brase

mixed:

to be ~ up bouye, twouble, bare

mixed-up *adj.* tèt anba, mabi, mele

moan *n.* jemisman; *v.* plenn,

plenyen, jemi

moaning *n.* jemisman

mobile clinic *n.* klinik mobil

moderation *n.* moderasyon

moist *adj.* imid, mouye, mikmik

moisten *v.* mouye, mikte, detranpe

moisture *n.* imidite

molar *n.* gwo dan (dèyè), dan dèyè/

moulen/pilon, molè

mold *n.* (*fungal growth*) mwezi, kanni

mole *n.* (*on face etc.*) siy, (ti) bouton

mommy *f.n.* manmi

mongolism, mongoloid *n.* gwo tèt

monogamous *adj.* gen yon sèl madanm/mari

monogamy *n.* gen yon sèl madanm/mari

monomania *n.* obsesyon, boulpik, mani

mononucleosis (infectious) *n.*

enfeksyon glann ak kò kraz

mons veneris *n.* do koko

mood *n.* (*temporary state of mind*) dispozisyon, imè, atitid

in a bad ~ pa nan/sou san li, an

chimè, sou chimè li, mabyal

in a good ~ nan bon san, sou san/ brenzeng li, nan natirèl li

~ **swings** tonbe leve

moodiness *n.* flè (la)sezon

moody *adj.* flè (la)sezon,

zingdekontraryete, mosad

morgue *n.* mòg

moribund *adj.* toumouri, lagoni, agoni

morning sickness *n.* maladi gwsosè

morphine *n.* mòfin

mortal *n.* kretyen vivan; *adj.* mòtèl, mourab

mortality rate *n.* mòtalite

mortally *adv.* mòtèlman

mortician *n.* mèt ponp finèb, benyè mò, kwòkmò

mortuary *n.* ponp/mezon/palwa/ salon finèb, mòg; *adj.* mòtyè

mosquito:

large ~ marengwen

~ **bite** piki/koutdan marengwen

~ **net(ting)** moustikè

~ **repellent** ensektisid (kont marengwen), losyon

small ~ moustik, bonbonfle

tiny ~ bigay

mother *f.n.* manman, mè de fanmi

by one's ~'s side nan pye manman

dried up ~'s milk lèt pase

~ **in-law** bèlmè

~'s **milk** lèt manman

~ **of a newborn infant** ti nouris blanch

~ **of one's children** manman pitit

~ **to-be** fi ansent

nursing ~ nouris

nursing ~ whose child has begun

to walk gwo nouris

nursing ~ whose child has not

yet begun to walk ti nouris

unwed ~ manman pitit

mother-in-law *f.n.* bèlmè

motion sickness *n.* mal machin/ kamyon/avyon

mourn *v.* pote/pran dèy, kenbe rèl

mourner *n.* plerè; *f.n.* plerèz

mourning *n.* dèy

deep ~ gwo dèy

in ~ andèy

~ **armband** bandlèt

~ **clothes** dèy

nine-day ~ **period** nevèn, levèn

to begin ~ fè rèl

to plunge into ~ simen dèy

mouth *n.* (of person or animal)

bouch

corner of ~ bò bouch, kwen bouch

cracks or sores at corner of ~

bòkye, bòkè, bouch chire/manje

dry ~ bouch blanch

mouthful *n.* **1** (of food) bouche **2** (of liquid) gòje

mouth-to-mouth resuscitation *n.*

bouch a/nan bouch

mouthwash *n.* beny bouch,

rensouch

move:

to ~ (one's body) gouye/chipe/

souke kò

Mr. *n.* (title) mesye, mistè [Eng.]

~ (often pej.) mouche

Mrs. *n.* (title) madan, man

Ms. *n.* (title) manzè

mucous *adj.* glè

~ **membrane** mikèz

mucus *n.* glè, (la)rim, vlimè, las, flèm

~ **method** (contraception) kontwòl

glè

~ **stool** watè glè

to have ~ **stools** bay glè

multiple sclerosis *n.* maladi nè,

paralezi aparèy nè, esklewoz

anplak

multiply *v.* (to breed or reproduce)

peple, grennen timoun

to ~ **like flies** peple kou apoulaw

mumps *n.* mal mouton/machwè

murder *n.* asasina, asasinay;

v. ansasinen, touye moun

attempted ~ tantativ asasina

murderer *n.* ansasen, koupèdgòj

murderous *adj.* mètriye, fann fwa,

dechennen, anraje

muscle *n.* misk, mis

large calf ~ kokoye nan pye

~ **cramp** kramp nan mis

~ **structure** miskilati

~ **twitching** kramp nan chè

to pull/strain a ~ foule (yon) mis(k)

muscles:

to flex one's ~ bande ponyèt li

to have strong ~ gen fizik

weak ~ zo frèt

muscular *adj.* miskle, manbre, kosto, fò

~ **dystrophy** misk k ap mouri nè

~ **system** sistèm mis(kilati)

musculature *n.* miskilati

mute *n./adj.* bèbè

muteness (suffered esp. by woman after childbirth) *n.* pa pale

mutilate *v.* manje, demantibile, mitile [Fr.]

mutilating, mutilation *n.* masakray

myopia *n.* myopi

myopic *adj.* myòp

to be ~ wè depre, pa wè lwen

N

nail *n.* klou; *v.* kloure

finger ~ zong (dwèt)

ingrown ~ zong (rantrè) nan chè/
vyann, zong enkanè

~ **bed** anba zong

~ **biting** (abitud) manje zong

~ **clippers** tay zong

~ **file** lim zong

~ **(of finger or toe)** zong

~ **root** rasin zong

~ **scissors** sizo zong

toe ~ zong pye

naked *adj.* toutouni, touni

name *n.* non

assumed ~ non prete

brand ~ non fabrik/mak

Christian ~ prenon, non batèm

family ~ siyati, non fanmi

first/given ~ non, prenon

generic ~ non kalite

last ~ siyati

maiden ~ non fi(y)

**person having the same first ~ as
another** tokay

pet ~ non jwèt, ti non

real ~ (as opposed to nickname)

bon non

trade ~ mak fabrik

what's his/her last ~? kijan li
siyen?

nap *n.* kabicha, syès, lasyès, ti dòmi;

v. kabicha, fè yon ti dòmi/syès,
rale sengo, lonje

nape (of neck) *n.* dèyè/nwa kou

narcolepsy *n.* kriz somèy, dòmi
toutan

narcotic *n.* nakotik, dwòg,
estipefyan [*Fr.*]; *adj.* nakotik

nasal *adj.* nazal, nen

~ **bone** bwa nen, zo (bwa) nen

~ **congestion** nen bouche

~ **passage(s)** anndan nen

~ **ridge** do nen

~ **sound** son nen

to have a ~ tone pale nan nen

naso-gastric (NG) tube *n.* tib ki sòti

nan nen rive jouk nan vant

natural *adj.* natirèl, nòmral

nausea *n.* kè plen, anvi vomi/rechte/

rann/vèse, lestonmak chaje,

lawouli kè/lestonmak, kè fèb/

tounen, repiyans, noze

nauseate *v.* bay kè plen/tounen

nauseated *adj.* kè plen, anvi vonmi

to be ~ santi li anvi vonmi

nauseating *adj.* ki bay kè plen/

tounen, ki bay anvi vonmi

nauseous *adj.* anvi vonmi

to make ~ endispoze, dekonpoze

navel *n.* (twou) lonbrik/lonbrit,

bouton vant

nearsighted *adj.* myòp

to be ~ wè depre, pa wè lwen

neck *n.* kou, (zo) bwakou

~ **and shoulders** gagann

~ **area** kolèt

~ **bone** nwakou, zo bwakou

~ **brace** aparèy pou kou

sore ~ van nan kou

stiff ~ zekwèl, kou vire

to crane one's ~ wose

necrology, obituary *n.* anons lanmò

necropolis *n.* simityè

needle *n.* (*hypodermic needle*) zegwi

~ (**of syringe**) kanil

neglect *n.* neglijan; *v.* neglije, pa

pran swen, delese

neglected *adj.* mal okipe

~ **person** madoulè, chen san mèt
neonate *n.* tibebe ki fenk fèt,
nouvone [*Fr.*]
nephew *n.* neve
nephritic *adj.* nefretik
nephritis *n.* maladi ren, nefrit
nerve *n.* (*sensory*) nè
pinched ~ nè kwense
nerves *pl.n.* **1** (*stress*) estrès, tansyon,
presyon, tèt chaje **2** (*anxiety*) kè
mare/sere/sote, kè sou biskèt
attack/fit of ~, emotional crisis
kriz de nè
nervous *adj.* ennève, nève, sou lènè/
tansyon, pa anlè pa atè
~ **breakdown/prostration/**
exhaustion depresyon nè
~ **disorder** maladi nè, twoub
mantal
~ **system** sistèm/aparèy nè
to be/get ~ yon nè moute/pran li
to have a ~ breakdown krake
to make ~ mete sou nè
nervously *adv.* sou tansyon, ak kè
sote, sou (lè) nè
nervousness *n.* kè sou biskèt, kè
sote, enkyetid, nè
neuralgia *n.* nevràlji
neuritis *n.* anflamasyon nè
neuro- *prefix* nè-
neurological *adj.* newolojik
neurologist *n.* doktè nè, newològ
neurology *n.* newoloji
neuron *n.* newonn
neurosis *n.* nevwoz, anksyete
neurosurgeon *n.* chirijyen nè
neurotic *n./adj.* nevwotik, flè
(la)sezon
newborn *n.* tibebe ki fenk fèt,
nouvone [*Fr.*]; *adj.* tounèf
next *adj.* pwochen, swivan, lòt k ap
vini an; *adv.* answit, apre, alaswit

**NGO (Non-Governmental
Organization)** *acron.* ONG
(Òganizasyon Non-Gouvènmantal)
nickname *n.* ti non, non jwèt; *v.* bay
moun non
nicotine *n.* nikotin
niece *f.n.* nyès
night:
sleepless ~ nwit blanch
nightmare *n.* kochma, vye rèv
nightstand *n.* tab denwi(t)
nipple *n.* pwent/bouch/bouton tete,
pwent tètòt
inverted ~ tete tonbe
~ (**of baby bottle**) tetin
nitroglycerin *n.* gliserin
nocturnal emission *n.* voye nan
dòm
node *n.* ne, nodozite
nodule *n.* ti boul, nodozite
noise *n.* bri
noma *n.* java grav nan bouch, noma
nonmalignant *adj.* pa grav
nonsense *n.* radòt, tenten, vye koze
nonspecific *adj.* jeneral
norm *n.* règ jeneral, nòm, mwayèn
out of the ~ diferan, biza, dwòl
normal *adj.* nòmàl, natirèl, òdinè
to return to ~ rantrè nan lòd
Norplant *prop.n.* (*contraceptive
patch*) Nòplant
nose *n.* nen
bridge of ~ zo (bwa) nen, bwa
nen, zo kloukloum
~ **bleed(ing)** nen senyen
~ **bone** zo bwa nen
point of ~ pòm nen
runny ~ nen koule/larim, de ran
larim
sides of ~ zèl nen
stopped-up ~, stuffy ~ nen
bouche

tip of ~ pwent nen

to blow or wipe one's ~ mouche

to pick one's ~ defounen nen

nostril *n.* twou nen, narin

nostrils:

(**sides or ala of**) ~ zèl nen

nourish *v.* nourì, alimante

to ~ well swen

nourishing *adj.* nourisan, fòtifyan

nourishment *n.* nouriti, aliman, manje

noxious *adj.* (an)pwazonnen, nosif, akrekre

nucleus *n.* nwayo [*Fr.*], nannan

nude *adj.* toutouni, touni, nikò

numb *v.* denèfle, mouri, ankiwoze;

adj. angoudi, dòmi, ankiwoze,

mouri, mò, pa santi anyen

to become ~ (*arm, leg etc.*)

angoudi, mouri

to make ~ andòmi

numbing *adj.* ki fè dòmi, sedatif, kalman, nakotik

numbness *n.* angoudisman

to remove ~ degoudi

nurse *v.* **1** (*to take nourishment from the breast, suckle*) tete **2** (*to feed at the breast*) bay tete **3** (*to care for medically*) swenyen

female ~ mis, enfimiyè

male ~ enfimye

male ~ (*esp. for birthing*) matwon

~'s **aide** oksilyè

practical ~ oksilyè

public health ~ oksilyè

registered ~ enfimiyè diplome

scrub ~ enfimiyè sal doperasyon

visiting ~ enfimiyè ki mache vizite moun lakay yo

wet~ nouris (ki pa manman tibebe a)

nursemaid *f.n.* bòn (timoun), tibòn

nursery:

day ~ krèch, gadri (pou timoun)

nursing *n.* enfimiyè

~ (**breast-feeding**) alèman

~ **home** kay retrèt, azil pou granmoun

~ **mother** (ti) nouris

to stop ~ (*baby*) sevre

to study ~ aprann enfimiyè

nursling *n.* titit, tipitit, tibebe

nurture *v.* elve, leve, antoure

nurture, nurturing *n.* levasyon, elvasyon

nutrient *n.* nitriyan, fòtifyan

nutrition *n.* nitrisyon, alimantasyon

nutritional:

to be of ~ **value** gen nanm

nutritionist *n.* nitrisyonis

nutritious *adj.* nourisan, fòtifyan

nutritive *adj.* alimantè, nitritif

nutty (crazy) *adj.* tèt pati/deranje

nymphomania *n.* konyapis

nympho(maniac) *f.n.* konyapis

nystagmus *n.* je lòlòj

O

ob/gyn *n.* maladi fi
obedience *n.* obeyisans, soumisyon
obedient *adj.* obeyisan, saj, koutan
obediently *adv.* ak obeyisans, san pa fè rebèl
obese *adj.* lou, vyannen, pwès, alòche, obèz
obesity *n.* loudè, gwochè
obituary *n.* anons lanmò
observe *v.* obsève, note, remake, wè, konstate, voye lèzye sou
to ~ (at childbirth) temwaye
to ~ attentively klere je gade
to ~ closely rete kole ak
obsess *v.* obsede, ante, kole nan kò/deng (yon moun)
obsessed *adj.* mistik, malad
to be ~ obsede, kalkile
obsession *n.* obsesyon, mani, boulpik, pasyon
obsessive *adj.* san kontwòl, obsesif
obstetrician *n.* doktè fanm/ fi/akouchman, jinekòlòg, obstetrisyen
obstetrics *n.* afè akouchman, obstetrik
obstruct *v.* bare, bloke, bouche, ankonbre, kanpe/mete an kwa
obstructing *adj.* ki bare/bloke/ bouche chemen
obstruction *n.* ankonbreman, blokay
intestinal ~ blokay nan trip
to free from ~ debonde
occipital:
 ~ **bone** zo dèyè tèt
 ~ **region** dèyè tèt
occlude *v.* bloke, bare, bouche
occlusion *n.* blokay, blokaj
oculist *n.* doktè je, okilis

odor *n.* odè, lodè, sant
foot ~ mayas
foul ~ move sant, movèz odè
to give out an offensive ~ anbonmen
to have a sickening ~ santi di/move
to have bad body ~ santi jaden
odorless *adj.* san zodè
odorous, malodorous *adj.* santi (fò), koun
oedema *see edema*
oil *n.* lwil; *v.* mete lwil
castor ~ lwil derisen
cod-liver ~ lwil fwadmori
 ~ **of cloves** lwil pou dan, lwil jiwòf
ointment *n.* pomad, longan, krèm
OK, okay:
I'm ~ m la, m pa pi mal
old *adj.* (*person*) aje, figi di, gran, vye, vyeyi
how ~ is (s)he? ki laj li?
 ~ **age** vyeyès
 ~ **guy who looks and acts young** ti pouchon
 ~ **lady** granmoun fanm
 ~ **man** grizon, lepè, dede, vyeya [*Fr.*], granmoun gason
 ~ **person** vye granmoun, darati
 ~ **woman** sese, granmoun fanm
prematurely ~ move ten
to be getting ~ antre nan laj
to be very ~ gen zan
to be . . . years ~ gen . . . lanne sou tèt li
to get ~, grow ~ vyeyi, tchoule
very ~ gran pase Lapousiyè
very ~ person granmoun lontan
wizened ~ **person** granmoun ti tay

older *adj.* pi vye/gran

~ **than one looks** rèk, hèk

to be ~ than 31 kite almanak

olfaction *n.* santi

omission *n.* oubli, mankman

omit *v.* sote, pase sou, pa mete, kite dekote

onanism *n.* dyesèlmevwa

oncologist *n.* espesyalis kansè, onkolojis

oncology *n.* onkoloji [*Fr.*]

one:

~**armed** pèdi yon bra, yon sèl bra, mancho, moun ki gen yon sèl bra

~**eared** mòko

~**eyed** (je) bòy

~**handed** yon sèl men

~**legged** pèdi yon janm, inijanbis, moun ki gen yon sèl janm

ooze *n.* swentay, postim, pi

to ~ out swente, koule, filtre, fè sòs

opening *n.* 1 (*hole; gap*) ouvèti, twou, fant 2 (*mouth*) bouch, gòj

operable *adj.* yo ka opere/wete, operab

operate *v.* opere

to ~ on opere, fè (yon moun)

operasyon, mete kouto (sou)

operating:

~ **room** sal (d)operasyon

~ **table** tab operasyon

operation *n.* (*surgery*) operasyon, kouto

to undergo an ~ (*med.*) pran sizo/ kouto

operatory area (*on body for surgery*) *n.* chan

ophthalmologist *n.* dòktè/chirijyen je

ophthalmology *n.* maladi je

opiate *n.* nakotik, estipefyan [*Fr.*]

opium *n.* opyòm

oppression *n.* opresyon

optic *adj.* optik

~ **fluid** glè/kalalou je

~ **nerve** nè je/optik

optical *adj.* optik

~ **store** linètri

optician *n.* machann linèt, optisyen

optics *n.* optik

optometer *n.* aparèy pou tcheke je

optometrist *n.* espesyalis je, optometris

optometry *n.* mezire je

oral *adj.* oral

~ **candidiasis** chank lèt

~ **infection** chank lèt

~ **rehydration solution (ORS)**

sewòm djare, sewòm oral, sewòm nan bouch

~ **surgery** chiriji bouch

to have ~ blisters lafyèv pete nan bouch

orchitis *n.* anflamasyon grenn, òkit

orderly *n.* (*hospital*) gason, planton

ordure *n.* malpwòpte, matyè fekal

organ *n.* (*of the body*) ògàn

sexual ~ sèks, pati

organic *adj.* òganik

organism *n.* (*microbe*) mikwòb

orgasm *n.* alsiyis

to reach ~ vini, jwi, fè alsiyis

orgasmic *adj.* anraje, dechennen

orifice *n.* bouch, ouvèti, twou, fant

origin *n.* orijin, rasin, sous

at the ~ of alorijin

of ~ dorijin

orphan *n.* òfelen; *f.n.* òfelin

orphanage *n.* òfelina

orthodontic *adj.* òtodontik

orthodontics *n.* drese dan,

òtodontoloji

orthodontist *n.* òtodontis

orthopedic *adj.* òtopedik

orthopedics *n.* espesyalite zo ak misk, òtopedi

orthopedist *n.* dokte zo ak misk, òtopedis

ossuary *n.* bwat zo

osteomyelitis *n.* enfeksyon nan zo

osteopath *n.* osteyopat

osteopathic *adj.* osteyopatik

osteopathy *n.* osteyopati

otitis *n.* anflamasyon zòrèy, otit

otorrhea:

to have ~ zòrèy kouri dlo

otoscope *n.* aparèy pou tcheke zòrèy, otoskòp

out:

~ (*unconscious*) san konesans

~ **of breath** esoufle

~ **of control** debòde

~ **of date** pase dat

to be ~ **of (supplies)** manke

outbreak *n.* (*disease*) parisyon, epidemi

outcome *n.* rezilta, konsekans, sòti

to have no good ~ pa gen byen pou li wè

outer *adj.* (sou) deyò, esteryè

outhouse *n.* latrin, olye, watè, komòd, madan Viktò

to build an ~ fè latrin/watè/twalèt

outlive *v.* viv pi lontan pase, siviv

out-of-breath *adj.* esoufle

out-of-date *adj.* pase, demode

to become ~ perime

to go/be ~ espire, pase dat

outpatient *n.* malad rante sòti, malad ki pa dòmi lopital

ovary *n.* ovè, pòch/sak ze

overcrowded *adj.* an debòdman

overdo *v.* egzajere, depase bòn li

overdose *n.* twòp medikaman/renmèd/dwòg; *v.* pran/bay twòp medikaman/renmèd/dwòg

overdue *adv.* anreta, ta, depase dat

overeating:

sick from ~ ayik

overemotional *adj.* debòde, sansasyonèl

over-exertion *n.* simenaj

overexposure *n.* kontaminasyon pase limit

overflow *n.* debòdman, tiyon;

v. debòde, ranvèse, devide, debonde

to ~ (*toilet esp.*) tonbe sòti

overheat *v.* sichofe

overheating *n.* sichofaj

overindulge *v.* **1** (*food etc.*) bwè/

manje twòp **2** (*to spoil*) gate, sitire

overpopulate *v.* peple kou apoulaw, grennen pitit devan deyè

overpopulated *adj.* chaje ak twòp moun/bouch

overpopulation *n.* twòp moun, eksè popilasyon, moun ap peple kou

apoulaw, moun ap grennen pitit devan deyè

overprotect *v.* sitire, gate

overprotective *adj.* sitirè

overstress *v.* egzajere, bwode sou, fè gam/twal

overweight *adj.* twò gwo/gra

overwhelm *v.* (*to overcome emotionally*) akable

overwhelmed *adj.* akable, kò krazè

to be ~ rann bèk

overwhelming *adj.* enkontwolab,

endontab, san limit, dominan

overwork *n.* simenaj; *v.* bourike

to ~ (*s.o.*) kofre

overworked *adj.* erente, kò kraz(e)

overwrought:

to be ~ fè emosyon

ovulation *n.* lè ze yon fi sòti nan sak ze li, ovilasyon

Haitian Medical Dictionary

ovule *n.* ze nan sak fi, ovil

ovum *n.* ze yon fi, jèm

own:

to hold one's ~ boule, kenbe/fè tèt
ak, defann kò li

oxide *n.* oksid

iron ~ oksid fè

oxydation *n.* oksidasyon

oxygen *n.* oksijèn

~ **mask** mas oksijèn

~ **tank** oksijèn

oxygenated *adj.* oksijene

P

pacemaker *n.* ti aparèy ki regle batman kè, pesmekè [*Eng.*]

pacifier (*for baby*) *n.* tetin, sison, sousèt

pack:

cold ~ ti sak glas

hot ~ ti sak cho

pad:

heating ~ kousen elektrik

~ (**gauze dressing**) (ti) pansman twal gaz; konprès

sanitary ~ (**for women**) twal san/ lenj

pain *n.* 1 (*physical pain; ache*)

doulè, kranp, manjezon

2 (*suffering; grief, sorrow*) doulè,

(la)penn, touman(t); v. fè mal/

lapenn, manje, trakase, toumante

acute and intermittent

abdominal ~ vant mòde

dull ~ doulè ansoudin, ti doulè

great ~ (e)moraji

non-specific ~ **or ache** foulay

~ (**anywhere in body**) gaz

~ **in** fè mal

~ **pill/killer** kalman, renmèd pou

doulè

stabbing/shooting ~ doulè ki ap lanse/pike

throbbing ~ doulè ki ap bat

to be in ~ fè mal/(la)penn

to cause ~ (**sorrow**) chagrinen

to express ~ mete (de) men nan tèt

to feel intermittent ~ mòde lage

painful *adj.* penib, doulere, ki fè lapenn

to be ~ pike, mòde

painkiller *n.* kalman

painkilling *adj.* sedatif, kalman,

nakotik

painless *adj.* san doulè

paint:

to ~ (**wound, throat etc.**) mete renmèd sou

pair:

a ~ **of eyeglasses** yon linèt

a ~ **of scissors** yon sizo

palate *n.* palèt, anwo bouch

hard ~ palèt di

soft ~ palèt mou

pale *adj.* (*sallow*) blèm

~ **and anemic** pa gen san

~ **as a ghost** blan kou dan zonbi,

blan kou koton

~ (*person*) blanch

to (become) ~ pali

paleness *n.* mank san, san pòv, anemi, blanchè

palliate *v.* aleje, soulaje, apeze, kalme

palliative *n.* renmèd kalman

pallid *adj.* blèm, sinis, sandrès

pallor, pallidness *n.* mank san, san

pòv, anemi, blanchè

palm *n.* (*of hand*) plamen

palpate *v.* tate, palpe [*Fr.*]

~ (**as by a healer**) manyen

(*pronounced:* man-yen)

palpation (heart) *n.* manyen

(*pronounced:* man-yen)

palpitate *v.* (kè li) pèdi konpa

palpitation (heart) *n.* batmannkè

rapid, palpitasyon, kè sote

palsy *n.* ti paralezi

cerebral ~ maladi (la)tranblad,

(maladi) paralezi serebral/sèvo

shaking ~ maladi tranble

paludism *n.* lafyèv palidis/malarya/

frison

Pampers (*disposable diapers*)

pl.prop.n. panpèz [*Eng.*]

pan, wash-basin *n.* kivèt

panacea *n.* renmèd inivèsèl

pancreas *n.* larat, pankreyas

pancreatitis *n.* anflamasyon larat/
pankreyas

pandemic *n.* pandemi; *adj.* inivèsèl,
jeneral

pangs:

hunger ~ trip kòde/tòde

panic *n.* panik, lepouvan, kouri
moute kouri desann, kouri ale
kouri vini; *v.* pran panik, panike

collective ~ kouri

in ~ andebandad

~ **disorder** maladi panik

~ **stricken/struck** panike

to go into a ~ panike

to throw into a ~ panike

panicky *adj.* panike

pant *n.* souf (li anlè); *v.* respire anlè
anlè, respire vit, fè efò pou respire

panting *n.* souf anlè, respirasyon
rapid

pap n. 1 (*nipple*) pwent/bouch/

bouton tete **2** (*baby food*) akamil

~ **smear/test** tèss pou kansè matris,
fwoti(s) vajinal

par:

below ~, **not up to** ~ pachiman

up to ~ aseptab, satisfèzan

paralysis *n.* paralezi, paraliza

infantile ~ paralezi enfantil

paralytic *n.* paralitik

paralyze *v.* paralize, kokobe

paralyzed *adj.* kokobe, kò mò,
paralitik

~ **person** paralize

partially ~ bò/demi mouri

to be ~ paralize

paralyzing *n.* kokobay

paramedic *n.* sekouris, paramedikal,
teknisyen anbilans, travayè lasante,
ajan (la)sante

paranoia *n.* laperèz, laperè

paranoid *n./adj.* paranoyak

paraplegic *n.* janm kokobe

paraprofessional *n.* èd, asistan

parasite *n.* parazit

~ (**internal**) vèmin, parazit

(andan), vè

~ (*person*) reskiyè, sinekiris,

sousè, sousetrennen, eponj,

tchònèl, woulibè

parasites:

to rid of ~ detike

parasitic:

~ **infection** kriz vè

parasitism *n.* parazitis

parasitology *n.* parazitoloji

parent *n.* manman/papa, paran,
fanmi

foster ~ gadyen

~ **or guardian (of minor)**

granmoun

to ~ elve, leve

parenthood n. 1 (*status*) matènite/

patènite **2** (*function*) travay

manman/papa

planned ~ planin

parenting *n.* (fè) levasyon, travay

manman/papa

Parkinson's disease *n.* maladi

tranble, pakennsonn

paroxysm *n.* (la)raj, (mande) wè mò,

kriz, degre pi wo yon maladi

part *n.* (*section*) pati, moso, pòsyon

central ~ (*of boil*) pòy

particle *n.* grenn

parturition *n.* delivrans

pass:

to ~ away, die trepase, mouri, ale

nan peyi san chapo, fè vwal pou peyi san chapo, ale, pase aloryan (etènèl)

to ~ away, subside tonbe, bese, lache, kalme

to ~ gas (flatulence) rann gaz

to ~ on (disease) transmèt

to ~ on (to die) pase aloryan (etènèl)

to ~ out (faint) dekonpoze, endispoze, pèdi konnesans/lapawòl, tonbe endispozisyon/feblès/nè

to ~ worms jete/pase/rann vè

passage n. (*pass; passageway*)

pasay, pasaj, pas

passageway n. pasay, pas, koridò, koulwa

pasteurization n. pasterizasyon, tretman

pasteurize v. pasterize, trete

pastille n. pasti

patch test n. tès alèji

patella n. zo/boulèt/kakòn jenou

paternal adj. patènèl, (bò) kote papa

paternity n. patènite

acknowledgment of ~ batistè

pathogen n. patojèn

pathogenic adj. patojèn

pathological adj. patolojik

pathologist n. patolojis

pathology n. patoloji

patient n. malad, pasyan;

adj. pasyan, sipòtan

paunch n. pans, pann vant, bouden

paunchy (belly) adj. basonnen

pectoral muscles pl.n. pektowo, peкто

pediatric adj. pedyatrik

pediatrician n. doktè timoun, pedyat

pediatrics n. maladi timoun,

pedyatri

pedicure n. pediki

peduncle n. pedonkil

pee n. (*fam.*) pipi; v. fè pipi

peel v. (*to shed skin*) chanje po

to ~ off dekale

pellagra n. maladi chèch, pelag, pelagra

pellet n. ti grenn

pelvic adj. pelvyen

general ~ discomfort pèdisyon

~ **area** anbativant, zòn basen

~ **exam** bay gan

pelvis n. (zo) basen, ranch, pèlvis

penetrate v. penetre, pèse, antre

penicillin n. penisilin, pelisilin

penile erection n. bann, bibit,

pinokyo, ereksyon [*Fr.*]

penis n. pati gason, pijon, penis

dorsal vein of ~ ne pijon

erect ~ kòk rèd

glans ~ tèt kòk

large ~ banbou

~ (*fam.*) (ti) pijon/koulout, kòk,

aparèy, bwa, zouti, zozo, venn

sansib, zizi, yoyo, pin, pipit,

piston, kalou, ti kò, manchèt, kò

gason, tren, toutou, pachoulout,

lilit, gigit, chouchout, vèj [*Fr.*]

~ (**of young boy**) toutou, ti pijon/

mizèrikòd, tiloulout, tipichout

perambulator n. charyo tibebe, pousèt

perception n. pèsepsyon,

konpreyansyon, opinyon, jijman

perforate v. pèfore, pèse

pericarditis n. anflamasyon kè

perineum n. kouti dèyè

period n. (*menstrual cycle*) peryòd, règ, lalin

menstrual ~ peryòd, règ, lalin,

mwa, dat, kwasans, (ti) woz

menstrual ~ at an earlier than

normal age san cho
to have one's ~ wè règ/tiwoz/flè/
woz/lin/pye, gen règ/mwa, regle,
fleri
periodontal *adj.* jansiv
periodontist *n.* dantis espesyalis
jansiv
peritonitis *n.* enfeksyon sak vant,
peritonit
perlèche *n.* malbouch, bòkye, bòkè
peroxide *n.* pewoksid
persistent *adj.* **1** (*stubborn*) pèsistan,
antete, ensistan **2** (*steady; with
perseverance*) kin, kinalaganach,
fèmalaganach
person:
senile ~ darati
perspiration *n.* transpirasyon, swè
perspire *v.* transpire, swe
pertussis *n.* koklich
pressary *n.* kapòt pou fanm, pwotèj
fanm
pesticide *n.* pwazon vèmin,
ensektisid, pestisid [*Fr.*]
pestilence *n.* lapès
pestilent, pestilential, pestiferous
adj. kontajye, atrapan, enfektye
[*Fr.*]
petroleum jelly *n.* vazlin
phallic *adj.* falik [*Fr.*]
pharmaceutical *adj.* famasetik
pharmaceuticals *pl.n.* medikaman
pharmacist *n.* famasyen, fonmasyen
pharmacology *n.* famakoloji
pharmacy *n.* famasi, fanmasi,
fonmasi
pharyngitis *n.* gwo malgòj
pharynx *n.* dèyè gòj, farenks
phial, vial *n.* poban, flakon, fyòl
philtrum *n.* tèt bouch
phlebitis *n.* anflamasyon venn, flebit
phlegm *n.* rim, glè, las, flèm,

lagoum, larim, vlimè
to bring up ~, **cough up** ~ rale
flèm
to suck in ~ rale
phobia *n.* laperèz, fobi
phobic *adj.* fobik
physical *adj.* (*pertaining to the
body*) fizik, kò, kòporèl
~ **condition** fizik
~ **development** fizik
~ **examination** egzamen medikal,
konsiltasyon
~ **injury** donmajman
~ **strength** fòskouray, gwo zo,
misk
physically *adv.* fizikman
physician *n.* doktè, dòk, dòktè,
medsen [*Fr.*]
government ~ doktè Leta
woman ~ doktè fanm/fi, doktorès
physiognomy *n.* figi, vizaj, fas
physiological *adj.* fizyolojik
physiologist *n.* fizyolojis
physiology *n.* fizyoloji
physiotherapy *n.* egzèsis pou moun
ki donmaje, fizyoterapi
physique *n.* fizik
pigeon-toed *adj.* pye kwochi
piles (*med.*) *pl.n.* fès soti, maladi
Moyiz, emowoyid, tennès
pill *n.* grenn, konprime, pilil, tablèt
pill *n.* grenn, konprime, pilil, tablèt
sleeping ~ grenn pou dòmi
to be on the (birth-control) ~
pran grenn/pilil
to take a ~ bwè (yon) grenn
pillow *n.* zòrye, zòreye
pillowcase *n.* sak/tèt zòrye/zòreye,
tèdoreye, tèdòreye, sidòrye
pimple *n.* bouton, klòk, klou
pimples *pl.n.* ti bouton kwasans,
vèble, fejjennès
pimply *adj.* kouvri (ak) bouton,

vèble

pin *n.* zepeng, epeng

diaper ~ zepeng kouchèt

safety ~ zepeng atache

small safety ~ zepenglèt

straight ~ zepeng ti tèt

pinch *n.* pench

pink *n./adj.* woz, wòz

bright ~ flamengo

hot ~ woz fonse

in the ~ anfòm nèt

pinkeye *n.* malozye, je drandran, je

wouj, azoumounou, je krankran,

konjonktivit,

pinky (little finger) *n.* (dwèt)

orikilè, ti dwèt

pinna *n.* fèy zòrèy

pins:

to have ~ and needles (*arm, leg etc.*) angoudi

pint (*measure, container*) *n.* mwatye yon ka, pent

pinworm *n.* vè zepeng/solité(s), oksiyi

piss *n.* pise; *v.* pise, jete/lage yon dlo

to take a ~ gate dlo, lage yon dlo

pitcher *n.* **1** (*container*) po, krich (dlo) **2** (*baseball*) lansè

pitiful, piteous, pitiable *adj.*

deplorab, mizerab, minab, tris

~ **person** (*physically*) moun ladetrès

pituitary gland *n.* ti glann dèyè tèt ki reskonsab fè moun grandi, glann pitwitè

pity *n.* pitye; *v.* plenn, gen pitye (pou); *interj.* donmaj!

to have ~ on fè pa (li), gen kè fèb pou

to ~ s.o. plenn sò yon moun

What a ~! adye!, donmaj!

placebo *n.* fo grenn (renmèd), fo

medikaman, plasebo [*Fr.*]

placenta *n.* mè/mèt (vant), manman vant, sak pitit, plasenta, delivrans

to expel the ~ delivre, debarase

plague *n.* lapès, epidemi maladi;

v. akable, astikote

planned *adj.* pwojte

~ **parenthood** planin

planning *n.* planifikasyon

family ~ planin

plantar surface *n.* plapye, planpye

plaque *n.* **1** (*film on tooth surface*)

kras dan, tat, kalkè **2** (*tablet*)

plakèt

plasma *n.* likid ki nan san, plasma

plaster:

mustard ~ anplat, anplak,

kataplas, plastè, sinapis

~ **cast** anplat, anplak, aparèy, plat, kas

~ **of Paris** platdepari

plastic *n.* plastik; *adj.* plastik

~ **sheet** enpèmeyab

platelet:

(**blood**) ~ plaksan

pleura *n.* plèv, doubli ki nan poumon

pleurisy *n.* perizi, plerizi

pliable *adj.* soup, pliyen, adaptab

pliers *pl.n.* pens, tenay

plug *n.* **1** (*socket, outlet*) plòg, priz

kouran **2** (*stopper*) bouchon, bonn

3 (*excrement; spittle; phlegm*)

plòt, plo

female ~ (*mach.*) plòg femèl

male ~ (*mach.*) plòg (mal), tèt

plòg

to ~ in ploge, konekte

to ~ in again rekonekte

to ~ (seal off) kòlmate

to ~ up (*pipe etc.*) bouche, angòje

“**plumber’s friend**”, **plunger** *n.*

ponp watè/twalèt, vantouz
plunger (of syringe) *n.* piston
pneumonia *n.* nemoni, enfeksyon
(nan) bwonch
pocket:
~ (of pus etc.) sakit
podiatrist *n.* doktè pye, pediki
podiatry *n.* pediki
point:
sensitive ~ (tender spot) venn
sansib
poison *n.* pwazon; *v.* anpwazonnen,
ranje, bay pwazon, mete pwazon
nan
counter ~ kontpwazon,
antipwazon, antidòt
~ ivy gratèl
rat ~ mòtorat
slow-acting ~ piga seren,
chitatann
strong ~ twadegout
poisoned *adj.* anpwazonnen, ranje
poisoner *n.* anpwazonè, makandal
poisoning *n.* anpwazonnman
poisonous *adj.* anpwazonnen, (ki
gen) pwazon
polio(myelitis) *n.* polyo(melit),
maladi kokobe
polish (teeth) *v.* poli
pollen *n.* poud jòn flè, polenn
pollutant *n.* polyan
pollute *v.* polye, kontaminen
pollution *n.* polisyon,
kontaminasyon
air ~ polisyon lè
polyclinic *n.* poliklinik
polygamous *adj.* poligam
polygamy *n.* poligami
polyneuritis *n.* anflamasyon anpil nè
polyp:
nasal ~ chè nan nen
polypharmacy *n.* twòp renmèd

pomade *n.* pomad; mete/pase pomad
poop *n./v.* tata
poo-poo *n.* poupou, tata
pop-eyed *adj.* je lalin
pore (of skin) *n.* pò
position *n.* (place, site) pozisyon,
plas, kote
out of ~ pa nan plas li, pa byen
plase
posterior *n.* posteryè
posthumous *adj.* apre lanmò
postmortem *n.* (o)topsi
postnasal drip *n.* rim gòj
postnatal *adj.* jis apre akouchman
postoperative *adj.* apre operasyon
postpartum *adj.* apre akouchman,
tinouris
~ **depression** depresyon apre
akouchman
postpone *v.* ranvwaye, voye (pou)
pi ta, retade
posture *n.* posti, pozisyon
to have bad ~ kenbe kò l mal
to have good ~ byen kanpe
potable *adj.* bivab, potab [*Fr.*]
potassium *n.* potasyòm
potbelly *n.* pann vant, bendeng
person with ~ mazenflen
potency *n.* fòs, pisans
potent (alcohol) *adj.* tchak, rèd
potion *n.* bwason, konpozisyon,
posyon
poultice *n.* plastè
pound *n.* liv
to ~ (heart) pile
powder *n.* poud
talcum ~ poud detal
practical nurse *n.* oksilyè
practitioner:
general (medical) ~ doktè
jeneralis
pram *n.* charyo tibebe, pousèt

precum *n.* dechay

predecease *v.* mouri anvan

preemie *n.* tibebe ki fèt anvan tèm/lè

pregnancies:

interval between ~ *pye*

pregnancy *n.* gwosès, gwòs, ansent

advanced state of ~ gwòs gwo vant, plènsenti

ectopic ~ yon gwosès ki pa nan

matris, gwosès ektopik

end of period of ~ dat

false ~ (of long-standing)

pèdisyon

in an advanced state of ~ an

plenn senti, ansent gwovant, kase sou do

mask of ~ tach ansent

term ~ gwosès nòmral

to show signs of ~ fè de bon

pregnant *adj.* **1** (*human*) ansent,

gwo vant, gwòs, abyenfè,

2 (*animal*) plenn

~ (*advanced state*) plènsenti

to be ~ fè debon/bèl

to become ~ vin ansent

to become ~ (*fam.*) pran yon gwòs

to become ~ **without being**

married to or living with the

father pran yon kaka san savon

to make or get ~ (*in order to force marriage*) bay kout pitit

to make ~ gwòs, ansent

premarital *adv.* anvan maryaj

premature *adj.* (*infant*) (fèt) anvan tèm/lè

~ **birth/delivery** akouchman anvan tèm/lè

prematurely *adv.* anvan tèm/lè

premenstrual *adj.* anvan règ/

peryòd/lalin/kwasans

premolar *n.* dan dèyè/pilon, premolè

prenatal *adj.* anvan tibebe fèt, swen

gwosès, prenatal [*Fr.*]

~ **care** swen gwosès

preoperative *adj.* anvan operasyon

prepuce *n.* pokòk, po (ti/tèt) kòk, kach, bèk

presbyopic *adj.* presbit

to be ~ wè delwen, pa wè pre

presbyterial *adj.* presbiteral

prescribe *v.* preskri

prescription (*med.*) *n.* papye doktè, òdonans, lòdonans, preskripsyon

to fill a ~ egzekite yon

preskripsyon

press:

to ~ out (*juice; pus*) prijè

pressure *n.* **1** (*force applied over a surface*) presyon, fòs **2** (*stress*)

presyon **3** (*sense of urgency*)

mache prese; *v.* bay/fè presyon,

pouse, kwense

blood ~ tansyon

blood ~ **cuff** tansyomèt

to apply ~ peze sou, fè fòs

to be under ~ pran presyon, sou

dan

under ~ sou tansyon

pretest *n.* tèl preliminè

prevent *v.* anpeche, evite, bare,

prevni, enpoze, bloke

preventable *adj.* evitab

prevention *n.* prevansyon

preventive, preventative *adj.*

prevantif

~ **measure(s)** prekosyon

~ **medicine** prekosyon kont maladi

previous *adj.* anvan, deja, ki vini

anvan, presedan

priapism *n.* bann san rete, bann/

ereksyon plis pase kat èdtan

prick *n.* (*small piercing*) piki

pricking sensation *n.* pikotman,

gratèl

prickly:

~ **heat** chofi

~ **sensation** pikotman

priest *n.* pè, monpè, prèt

unordained “bush ~” (*who recites Roman Catholic litanies at Voodoo services and at burial services*) prèt/pè savann

Voodoo ~ oungean

priestess:

Voodoo ~ manbo

priest *n.* pè, monpè, prèt

Voodoo ~ manbo

private:

~ **parts (female)** anba, sa Bondye ban mwen

~ **parts (male)** pati (sansib) (Bondye ba li)

privy *n.* latrin, madan Viktò

probe *n.* sondaj, sonn, ankèt, envestigasyon; *v.* sonde, apwofondi
dental ~ ekatè

problem *n.* pwoblèm, ka

little ~ akwo

procedure *n.* metòd, sistèm, machaswiv, pwosedi, fòmalizasyon
standard ~ larèg dwatèt

procreate *v.* pwokreye, fè pitit

procreation *n.* pwokreyasyon

profile *n.* pwofil

profusely *adv.* dri

progeny *n.* desandans

prognosis *n.* chans gerizon, pwonostik, previzyon

progress *n.* (*steady improvement*)

pwogrè, evolisyon, avansman

making ~ sou pye

no ~ pa kita pa nago

not to ~ (stand still) kanpe tann

~ **report** kanè

to make no ~ rete sou plas, rete la, tente sann pou lapousyè

to make ~ mache vè lavan, vale teren, poue bourik li pi devan/pi lwen

to make visible ~ kapab wè sa ou fè

progressive *n./adj.* pwogresif, pwogresis

progressively *adv.* pwogresivman, gradyèlman, ofiramezi

prolapse *n.* chit

proliferate *v.* djondjonnen

prolific *adj.* (*having many children*) pititral

prolong *v.* pwolonje

promiscuity, promiscuousness *n.* libètinay, gògmagòg, tontèn mitonn

promiscuous *adj.* devègonde, rabòday, malpwòp

~ **woman** azizwèl, bouzen, chanpèt, manjèdkòd, pèlen

very sexually ~ **person** chawony

promising *adj.* ankourajan, favorab [Fr.]

to be ~ pwomèt

prone, lying flat *adj./adv.* kouche sou vant

~ **to** dispoze, gen tandans

propagate *v.* pwopaje

propagation *n.* pwopagasyon, simayman, simayaj

prophylactic *n.* pwotèj kont maladi, prezèvatif, kapòt

~, **condom** pwotèj (gason)

prophylaxis *n.* defans kont maladi

prostate *n.* pwostat, postat

~ **cancer** kansè pwostat

prostatectomy *n.* wete glann pwostat, pwostatektomi [Fr.]

prosthesis *n.* fo janm, fo dan (etsetera)

prostitute *n.* jennès, pwostitye,

bouzen

high-class ~ bouzen sibtil

low-class ~ chanbrèy

~ **from Dominican Republic** fi enpòte/fontyè

to be a ~ fè bouzen

to ~ (**oneself**) boule

(**usu. high-class**) ~ lafrechè

prostitution *n.* pwostitisyon, dezòd

to engage in ~ fè jamédodo, fè

kòmès lachè

to fall into ~ tonbe nan vakabòn

prostrated, exhausted *adj.* kò kraz(e)

prostration *n.* (*exhaustion*) epizman, kò kraz

protect *v.* pwoteje, bay pwoteksyon

protection *n.* pwoteksyon, pwotejman, pwotèj, defans

protective *adj.* pwotektè

protein *n.* pwoteyin

suffering from extreme ~

deficiency (kwashiorkor) anfle

protoplasm *n.* pwotoplas

protozoa *pl.n.* pwotozoyè

protuberance, protrusion *n.*

pwojeksyon, bòs, pwent

protuberant *adj.* bonbe, gonfle

psoriasis *n.* maladi po ak tach wouj

psyche *n.* lemwa, nanm, lespri

psychiatric *adj.* sikatri, sikyatrik

~ **ward** sant sikatri

psychiatrist *n.* sikyat, doktè moun fou

psychiatry *n.* sikatri, sikyatri

psycho- *prefix* siko-

psychoanalysis *n.* analiz lespri, sikanaliz

psychoanalyze *v.* fè analiz lespri

psychological *adj.* sikolojik

psychologically *adv.* sikolojikman

psychologist *n.* sikològ

psychology *n.* sikoloji

psychoanalysis *n.* sikanaliz

psychopath *n.* sikopat, moun fou

psychopathic *adj.* sikopatik, fou

psychosis *n.* foli, sikoz

psychosomatic *adj.* imajinè, sikosomatik

psychotherapist *n.* sikoterapèt

psychotherapy *n.* sikoterapi

psychotic *adj.* fou, sikotik

pterygium *n.* chè nan je

ptilosis *n.* je griye, je boukannen

ptomaine poisoning *n.* manje gate nèt

ptosis *n.* je lou

puberty *n.* kwasans, fòmasyon

to reach ~ fè kwasans, fòme, pouse plim

to reach ~ (*woman*) vin demwazèl

pubes *n.* ti gazon, pibis [*Fr.*]

pubescent *adj.* fòme

public:

~ **female** ~ **region** toutoun

~ **area or region** ti gazon, dozafe, tab, dozafe, pibis [*Fr.*], tab, zòn anwo sèks

~ **crabs** mòpyon

~ **hair** pwal, pwèl, plim

~ **louse** mòpyon

pubis *n.* pibis [*Fr.*]

public:

~ **health** (la)sante piblik

~ **health nurse** oksilyè

pudgy *adj.* patapouf, kout foule

puerile *adj.* anfanten, tilaj, frelikè

puffed up *adj.* boufi, boufte, gonfle

puffy *adj.* pouf, boufi, anfle, gonfle

puke *n.* djapòt; *v.* bay/fè djapòt

pull *v.* (*to strain a muscle*) foule

pulmonary *adj.* poumon

pulsate *v.* bat

pulsation *n.* batman

pulse *n.* **1** (*regular beating*) batman

2 (*heartbeat*) batman kè/venn,
pou; *v.* bat

to have a regular ~ kenbe konpa

to have an irregular ~ pèdi konpa

punctual *adj.* alè, ponktyèl

puncture *n.* flit, twou; *v.* pete, kreve,
pèse

puny *adj.* malvini, chetif, an kalalou,
kata, kò lenge, pedevi, potovi,
rabougri, san kò, siprerabougri, ti
kò legen

~ **person** ti degi moun

pupil *n.* (*center of the eye*) nannan/
nwa/twou je

purgative *n.* metsin, pij, sèl, pigatif
strong ~ lòk, bouvaz

purge *n.* (*bowels*) metsin, pij, sèl,
pigatif; *v.* (*bowels*) prije, bay
metsin

purified water *n.* dlo Kiligann, bon
dlo trete (pou bwè)

purify *v.* pirifye, trete

to ~ (*water*) trete, distile

purulent *adj.* pire

~ **discharge** pyore

pus *n.* pi, pij, postim, matyè jòn

to discharge ~ (**fester**) sipire

push *n.* pouse, pousad, bourad;
v. pouse, bourade, bay pousad

to ~ **down** peze, pouse desann

pustule *n.* bouton

put:

to ~ **on weight** angrese, grese

to ~ **out** (*eyes*) kreve

to ~ **to sleep** (**anesthetize**) andòmi

to ~ **up with** sipòte

putrefaction *n.* pouriti

putrefy *v.* pouri, gate, dekonpoze nèt

putrid, putrified *adj.* fandanman,
pouri, gate nèt

pyorrhoea *n.* jansiv anfle,

anflamasyon jansiv, pyore, san nan
dan, piyore

Q

Q-tip *n.* aplikatè, kitip

quadriplegic *n.* kokobe tout kote

quadruplet(s) *n.* marasa kat,
kwadriplè

quarantine *n.* karantèn, izolman;
v. izole, mete apa

~ **station** lazarèt

queasiness *n.* kè plen, anvi vonmi

queasy *adj.* (*nauseated*) kè plen,
anvi vonmi

quench *v.* (*thirst*) pase/koupe swaf
li, apeze

quick:

~ (*of fingernail/toenail*) anba zong

quinine *n.* kinin

quinsy *n.* anjin

quintuplet(s) *n.* marasa senk,
kentiplè

R

rabid (*animal*) *adj.* anraje
rabies *n.* (la)raj
rachitic *adj.* rachitik, rabi
radiation *n.* radyasyon
~ **therapy** tretman ak reyon,
tretman kansè
radiologist *n.* radjològ, doktè
radyografi
radiology *n.* radjoloji, radyografi
radius *n.* (*bone*) radiyis
rag *n.* chiffon, dibreyis, tòchon
rage *n.* (la)raj
ragged *adj.* chire
rakle *v.* twouble, anbete, agase,
anmègde
rant *v.* depale, derezonnen
to ~ (*esp. before death*) debaba
rape *n.* kadejak, sanmande, vyòl;
v. fè kadejak/sanmande sou, vyole
rapist *n.* kadejakè
rash *n.* fe, gratèl, bouton, tach ki
leve, egzema, ekzema, dat, san
grate, lotachèt
diaper ~ chofi kouchèt
heat ~ bouton chalè, chofi, lota,
tife
remedy for skin ~ poud dakte
skin ~ lota
ration (out) *v.* bay nan ti mezi
rattle:
baby ~ tchatcha(tcha)
ravage *v.* ravaje, fè ravaj, devaste
rave *v.* divage, delire, anraje,
tanpete, depale, rara
to ~ (*esp. before death*) debaba
ravenous *adj.* voras, devoran, saf,
afre, apoura
to be ~ ti trip ap vale gwo trip,
gwo trip ap vale ti trip

raving *adj.* derezonnen, lespri/tèt
pati
ravings *pl.n.* radotay, rablabla,
babiyman
razor *n.* razwa
electric ~ razwa elektrik
~ **blade** jilèt, lanm jilèt/razwa
react *v.* reyaji
reaction *n.* reyaksyon
allergic ~ alèji
delayed ~ reyaksyon pi ta
immune ~ pa gen reyaksyon
negative ~ reyaksyon negatif
positive ~ reyaksyon pozitif
readapt *v.* reyadapte
readjust *v.* reyajiste, refikse
readjustment *n.* reyajisteman
readmission *n.* reyadmisyon
reanimate *v.* resisite, rejenerere,
rechaje, renouvle
reanimation *v.* resisitasyon,
rejenerasyon
reappear *v.* reparèt, repwente
reappearance *n.* reparèt, reparisyon
reappearing *adj.* ki ap reparèt
rear *n.* (*buttocks*) dèyè kay, koup,
bounda, dèyè, degonn, tchou, chita
rearing (raising) *n.* levasyon,
elvasyon
rebandage *v.* repanse
rebellious *adj.* rebèl, wondonmon,
wòklò
recline *v.* kouche, lonje kò
record:
medical ~ dosye
record-keeper (*clinic etc.*) *n.* achivis
recover *v.* 1 (*to regain one's health*)
refè, geri, retabli, fè mye, sòti anba
yon maladi 2 (*to come back to its*

normal condition) repran

to ~ consciousness reprann

konesans, revini

to ~ fully (from sickness) geri nèt, gaya

recovery *n.* (from illness) gerizon

beyond ~ ka pèdi

recreation *n.* distraksyon, divètisman, detant, lwazi [*Fr.*]

rectum *n.* dènye bout gwo trip, dèyè

from the ~ pa ba

recuperate *v.* rekipere, refè, geri

recuperation *n.* gerizon

recur *v.* repete

recurrence *n.* repetisyon, retou

recurrent *adj.* ki ale vini, repete, pèsistan, kontinyèl, regilye, ki reparèt

Red Cross *prop.n.* Kwa Wouj

redness *n.* woujè

redouble *v.* ranfòse, bay plis fòs

redoubling *n.* ranfòsman

red-tape *n.* fòmálite, brenboryon, biwokrasi

reduce *v.* redwi, diminye, bese, desann, amensi

~ **a fracture** fè rediksyon

~ **(tumor etc.)** fè vin pi piti

~ **(weight)** pèdi pwa, vin pi piti

reevaluate *v.* reyevalye

referral *n.* rekòmandasyon

~, **to make a** ~ voye (yon moun)

kay yon espesyalis

refilter *v.* rekoule

reflex *n.* reflèks, reyaksyon

~ **hammer** ti mato

reflux:

gastric ~ wote si

to have gastric ~ fè/pote rapò, santi likid si

refold *v.* repliye

refreshed *adj.* fre

refrigerate *v.* refrijere

refrigeration *n.* refrijerasyon

refrigerator *n.* frijidè

regain *v.* rejwenn, repran

to ~ consciousness reprann

konesans, revini

to ~ one's composure repran san li

regenerate *v.* rejenerere

regeneration *n.* rejenerasyon

register *n.* rejis; *v.* enskri, anrejistre, imatrikile, legalize

regress *v.* regrese, fè (yon) bak, tounen dèyè, fè mach annaryè, pèdi fil

regression *n.* rekil, retou annaryè, bak

regressive *adj.* regresif

regret *n.* regrè, regretman, chagren; *v.* regrèt, regrete

to ~ deeply endiye

with much ~ san nan je

regrets:

to have ~ tonbe nan si li te konnen

regularity *n.* regularite

regurgitate *v.* (*to vomit*) vomi, rann, vèse, rechte

rehabilitate *v.* reyabilite

rehabilitation *n.* reyabiliteasyon

rehydration *n.* bay dlo (tankou tretman)

oral ~ solution (ORS) sewòm oral/nan bouch

reinfection, have a *v.* refè enfeksyon

reinforce, reenforce *v.* ranfòse, soutni, kore, bay plis fòs, bay janmdefòs

reinforcement *n.* **1** (*physical*) ranfòsman, ranfò **2** (*psychological*) ankourajman

reinsert (*IV tube etc.*) *v.* rekonekte

reinvigorate *v.* bay lavi, dezangoudi, remonte, relve

reject v. rechte, rejte, repouse, voye
jete, refize

rejuvenate, rejuvenize v. rajeni,
rafrechì, renouvle, rechaje

rejuvenation n. rajenisman, retou
daj

relapse n. rechit, chit; v. regrese, fè
(yon) bak, tounen dèyè

to have a ~ (med.) chite, rechite,
retonbe malad

relation n. (family) paran, fanmi

relationship n. relasyon, rapò, lyen

relative n. fanmi, paran; adj. relatif
close ~ fanmi pre

distant ~ fanmi lwen, ti fanmi

relatives pl.n. (la)fanmi, lakòt, kòt
fanmi, ras

close ~ fanmi pre

distant ~ fanmi lwen, ti fanmi

to be entirely without ~ pa gen
devan pa gen dèyè

relax v. poze/pran san li, relaxse,
rilaks, relache, poze tèt li, rete kal,
detann, lache kò li, mete san li sou
li, bay lèz

to ~ (muscles etc.) lache, asoupi

relaxant n. kalman, relaksan

relaxation n. detant, dèzkò

relaxed adj. rilaks, dekontrakte

relaxing adj. repozan

release v. **1** (to let go of) lage, lache
2 (to unjam, free) debloke

medical ~ egzeyat

to ~ **from hospital** egzeyate, bay
egzeyat

released:

to be ~ **from hospital** egzeyate

relief n. **1** (ease from pain or
discomfort) soulajman, alèjman,
apezman, larelèv **2** (help or aid)
sekou, ranfò

~ (**from illness**) alemye, kal

~, **replacement** larelèv, relèv

to give ~ bay (yon) souf

relieve v. soulaje, bay soulajman/
kanpo, kalme, aleje, pran/fè
larelèv

to ~ **congestion** dekonjesyonne

to ~ **from oppression** dekofre

to ~ (s.o. on duty) leve (sou pòs),
pran larelèv, ranplase

to ~ **tension** pase moso kalkil,
tekitizi, defoule

relieved adj. soulaje

to be ~ pran/rale (yon) souf,
repran souf

to feel ~ kè li desere

remains pl.n. larès

(mortal) ~ rès

skeletal ~ zosman

remedial adj. ki bon pou . . . ,

benefik, fòtifyan, ratrapaj,
renmèd, terapetik

~ **exercises** egzèsis (ki bon pou . . .)

remedy n. **1** (medicine) renmèd,

medikaman **2** (answer, solution)
solisyon; v. remedye (a), soulaje

herbal ~, **home** ~ renmèd fèy

remission n. (lessening) yon ti mye,
rabèsman, diminisyon, rediksyon

remove v. **1** (to take out) retire, wete,

anleve **2** (to cut out) retranche

[Fr.] **3** (to unblock) debleye **4** (to
take off) retire, wete

to ~ (**one's**) shoes dechose

renal adj. renal, ren

renew v. (to restore) renouvle,
refòme, rejenere, rajeni

reoccur v. rive/pase ankò

reoccurrence n. repetisyon

reoccurring adj. repete, kontinyèl,
regilye

reopen v. relouvri, reyouvè, rewouvè

repair n. reparasyon; v. ranje, repare,

leve pàn
repeat v. repete
to ~, give again (*dosage etc.*)
rebay
repel v. (*to chase away*) repouse,
pouse, fè ale, kwape
repellent:
insect ~ ensektisid
repercussion n. repèkisyon,
kontrekou, retonbe, chòk an retou
replacement n. (*substitute*)
ranplasan, ranplasman
repulsion n. repiyans, repousman
repulsive adj. repousan, degoutan,
malouk
require v. **1** (*to demand or insist on*)
egzije, reklame **2** (*to need*) mande,
bezwen
required adj. obligatwa, egzijib
to be ~ to blije, oblije, fèt pou
requirement n. obligasyon, egzijans,
kondisyon, enperatif
reproductive adj. repwodiktif
rescue n. sovta, sekou; v. sove,
delivre, pote sekou, sekoure,
sekouri
residency:
(physician's) ~ rezidans
resident:
~ (*med.*) entèn
~ (*physician receiving specialized
clinical training*) rezidan
residual effects pl.n. tras ki rete
residue n. rezidi, rès, ma, dechè,
kras, fatra, matete
resilience n. souplès, fleksibilite
resilient adj. soup, fleksib, liyan
to be ~ gen gwo do
resist v. **1** (*to remain firm*) reziste
(nan) **2** (*to struggle*) goumen,
opoze, fè jefò ak, redi, fè fòs
resistance n. (*endurance*) rezistans,

fyèl
resistant adj. (*strong; durable*)
rezistan, solid, di, mouri kite
resolute adj. deside, rezoli, detèmine
to be ~ mete grenn
to become strong and ~ ranmase
karaktè (li)
respiration n. respirasyon, souf
artificial ~ respirasyon atifisyèl
respirations:
agonal ~ (*as one is dying*)
rakleman
respirator n. respiratè
respiratory adj. respiratwa [*Fr.*]
acute ~ **distress** lalwèt tonbe
~ **arrest** pa respire ankò
~ **difficulty with harsh cough**
kwoup
~ **rate** vitès respirasyon
~ **system** aparèy souf, sistèm
respiratwa/souf, kannal lè, aparèy
respirasyon
respire v. respire, soufle
respite n. repi, souf, kalm, apezman,
kalma, kanpo, louga
~ **from illness** kal
to find no ~ pa gen souf, pèdi souf
to find ~ gen (yon) souf
without ~ san rete/sès, darachpye
respond (to treatment) (*to react*) v.
reyaji, reponn
rest n. **1** (*cessation of activity*) repo,
kanpo, pòz, repoze, repi, dèzkò
2 (*remainder*) rès, restan; v. (*to
relax*) repoze, poze
~ **home** kay retrèt, azil pou
granmoun
short ~ ti relakse
to be at ~ poze
to get some ~ repoze, pran (yon ti)
repo, fè yon poze
to need a little ~ mande chita

to ~ on/against apiye

to take a little ~ fè yon ti poze/lonje

to take a ~ fè yon repoze

restless, restive *adj.* ajite, ennève, toumante, anbranl, mouvman, san chita/pozisyon

to be ~ toumante kò/zèl li, sakaje kò li, gen san (cho), gen grenn pèlenpenpen

restlessness *n.* ajitasyon, enkyetid, touman(t)

restorative *adj.* benefik, fòtifyan, ratrapaj, renmèd, terapetik

restore *v.* restore, repara, rebati, refè

to ~ spirits remonte

restrain *v.* restrenn, retni, mare kout, metrize, kenbe, bòne, bride

to ~ (oneself) modere, jennen

restroom *n.* (sal/chanm) twalèt/watè

(gentle)men's ~ twalèt gason

ladies'/women's ~ twalèt fi

to need to use the ~ angaje

result *n.* rezilta, konsekans, repèkasyon, retonbe

as a ~ pa konsekans, pou lapenn

as a ~ of poutèt, afòs, alaswit, difòs

to be the ~ of dekoule de

to ~ from dekoule de

to ~ in abouti, rive bout (nan), debouche sou

results:

to have no ~ pa pote anyen

resuscitate *v.* resisite, leve, fè revini/revni

resuscitation *n.* resisitasyon

cardiopulmonary ~ resisitasyon kè

mouth-to-mouth ~ bouch a/nan bouch

retarded:

mentally ~ ebete, retade (mantal), gaga, kannannan, kata

physically ~ mafweze

retch *v.* seye vonmi, rann fyèl li, rechte

retching *n.* rechte, vomisman

retention (*of food, water etc.*) *n.* kenbe

retina *n.* retin

detached ~ retin dekole

retinal *adj.* retin

retrain *v.* resikle

to ~ (muscle etc.) egzèse (yon misk)

retraining *n.* resiklay

revive *v.* **1** (*to impart new vigor*) bay lavi, dezangoudi, remonte, relve,

ranime **2** (*to bring back to life*) (fè)

revini, (fè) revni, resisite, fè renèt

revivify *v.* bay lavi, dezangoudi, remonte, relve

reviving *adj.* tonnik, fòtifyan, jenjanm

revulsion *n.* repiyans, degoutans, repousman

~ (*at food*) lestonmak plen

rheumatic fever *n.* lafyèv nan zo, lafyèv rimatis

rheumatism *n.* rimatis, womatis, maldezo, frechè, fredì, womatis, gaz nan tout kò

rheumatoid arthritis *n.* rimatis atritis, doulè nan jwenti

rhythm:

~ **method** (*contraception*) kontwòl jou apre règ, metòd tanperati

~ (*of heartbeat etc.*) konpa

to practice the ~ method (of family planning) swiv lalin, swiv metòd natirèl/almanak

rib *n.* (zo) kòt

~ **cage** kòf lestonmak/kòt

rickets *n.* zo rachitik
right *n.* (*opposite of left*) dwat
~ **handed** sèvi ak men dwat
rigid *adj.* rèd, rijid, sèk
rigor mortis *n.* mò rèd, rèd mò
rim *n.* (*edge*) (a)rebò, bòday, bòdi
ringing in ears *n.* zòrèy sonnen,
boudonman, gwonde
ringworm *n.* lateng, pyas
rinse (*act of rinsing*) *n.* rensaj,
rensaj; *v.* rensè
to ~ out one's mouth souke dlo
nan bouch
rip *n.* chire, fant; *v.* chire, dechire,
dekoud
rise and fall *v.* monte desann
risk *n.* risk, aza, danje, chans;
v. riske, azade, pran/seye chans,
jwe ak
at ~ anje
risky *adj.* riske, riskan, danjere,
azade, sou chans
rites:
last ~ dènye sakreman, estrèm
onksyon
road-to-health card or chart *n.* kat
chemen lasante
robe, dressing gown *n.* wòb de
chanm
robust *adj.* manbre, gaya, djanm,
vanyan, fò
robustness *n.* kouray, vigè, solidite
roll (*bandages, paper etc.*) *n.* woulo
rollaway bed *n.* kabann pliyan
room *n.* 1 (*of house etc.*) chanm, sal,
pyès 2 (*space*) plas
conference/meeting ~ sal
reyinyon
dining ~ salamanje
double ~ chanm pou de moun
dressing ~ vestyè
emergency ~ sal dijans

examining ~ sal konsiltasyon
locker ~ vestyè
operating ~ sal doperasyon
single ~ chanm pou yon moun
root *n.* (*origin*) rasin
to perform ~ **canal surgery** wete
nè/vè nan dan
to ~ out dechouke
to take ~ rasinen, fè rasin, pran
pye, chouke
rooted:
deeply ~ rasi
rosealf infantum *n.* lafyèv timoun
rot *n.* pouriti; *v.* pouri, gate,
dekonpoze, devide, varye
rotate *v.* (*to alternate*) altène, chanje,
vini youn apre lòt, pran tou, fè . . .
atoudewòl
rotation *n.* (*exchange*) woulman,
wotasyon
rotten *adj.* pouri, gate
~ **mess** boubyay, galimatya, gagòt
to feel ~ kò pa bon
rotting *n.* pouriti, dekonpozisyon,
pourisman; *adj.* avarye
rough:
~ (*throat esp.*) graj
roughage *n.* fib alimantè
round-shouldered *adj.* do ba
roundworm *n.* askaris, gwo vè won
rub *n.* (*massage*) masaj, masaj,
rale, friksyon: *v.* fwote, foubi,
friksyonnen
to ~ lightly basinen
**to ~ vigorously with lotion,
alcohol etc.** fiksyonnen,
friksyonnen
to ~ with oil fwote ak lwil
rubber:
~ **band** elastik
~ (**condom**) kapòt
rubbing *n.* fwotman

any ~ on the body of magic

liquids for good health or luck

(Voodoo) beny (*pronounced: ben-y*)

~ **alcohol** alkòl (pou masaj)

rubdown *n.* masay, rale

rubella *n.* woubewòl, lawoujòl

alman, ti lawoujòl, ribeyòl

rugged *adj.* **1** (*thing*) di **2** (*person*)

vanyan

ruin *v.* **1** (*to destroy*) detwi, gate,

rinen **2** (*to spoil*) gache, gate,

mastike, degrade

rumbling (*in stomach*) *n.* bouyi

rump *n.* dèyè kay, koup

run *v.* **1** (*to move swiftly on foot*)

kouri, lage kous **2** (*to flow*) koule

3 (*to function, operate*) mache

rundown *n.* (*briefing*) rale;

adj. depatcha, malangi, malzòrèy,

mòkòy

runny (*nose; faucet*) *adj.* koule

runs:

to have the ~ (to have diarrhea)

bese devan kochon, koule beton

runt *n.* choukbwa, choukèt, darati,

kèkè, kònichon, pedevi, potovi,

rasi, rèkè, tichouk, tirèkè, zege

~ (**woman/man**) retay fanm/

gason

rupture *n.* frakti, eklatman; *v.* pete,

eklate

S

sac (*of pus etc.*) *n.* pòch, sakit
saccharin *n.* sakarin
sachet *n.* sache, sachè
sacrament *n.* sakreman
sacrum *n.* zo koupyon
sad *adj.* tris, chagren, kagou, kè grenn, akable
to be ~ gen kè sere
sadness *n.* tristès, chagren, lapenn, kè sere, kè mare
to show ~ fè figi frijèt
safe *adj.* sove, sòf, sof
 ~ **and sound** sennesòf
safety, safeness *n.* sekirite
 ~ **belt** senti (sekirite)
 ~ **goggles** linèt sekirite
safety-pin *n.* zepeng kouchèt/kochèt/
 kwòk/atache
large ~ ~ zepeng kouchèt, zepeng
 kwòchèt, zepeng kwòk
small ~ ~ zepenglèt
saliva *n.* bav, lave, dlo bouch,
 krache, saliv
dried ~ (at corner of mouth)
 bòkye, bòkè
rope ~ gwo filè krache
 ~ **ejector** (*dentistry*) sisyon
spray of ~ postiyon
salivate *v.* bouch li kouri dlo, fè dlo,
 salive
salivation *n.* dlo bouch
sallow *adj.* blèm, sinis
salmonellosis *n.* salmoneloz
salt *n.* sèl; *v.* sale
coarse-grained ~ gwo sèl
 ~ **free** san sèl
 ~ **tablet** grenn sèl
to ~ **excessively** sale
water containing ~ (not

seawater) dlo sèl
salted *adj.* sale
saltine *n.* bonbon sèl
salts:
Epsom ~ sèl depsonn, sèl gason
Glauber's ~ sèl fanm
salty *adj.* (*salted*) somay
salve *n.* pomad, longan; *v.* soulaje,
 aleje
sample *n.* echantiyon, modèl;
v. gouste
sanatorium *n.* sana(toryòm)
sane *adj.* tèt dwat/drèt/byen, dwat
 nan tèt, lisid [*Fr.*]
sanely *adv.* rasyonèlman, ak tèt klè
sanitarium, sanatorium *n.*
 sana(toryòm)
sanitary *adj.* ijjenik, ijyenik, jenik,
 sanitè
 ~ **napkin/pad** (*for women*) (twal)
 lenj, kotèks, kòt
sanitation *n.* lapwòpte, sanitasyon
 ~ **department** sèvis dijyèn
 ~ **inspector** sanitè
 ~ **worker** travayè sèvis dijyèn,
 travayè vwari, ranmasèd fatra
sanitize *v.* pwòpte, esterilize,
 netwaye afon
sanity *n.* bon sans, larezon
sap *v.* minen, souse
sarcoma *n.* move timè
satiated *v.* rasazyè
satiated *adj.* plen
satisfy *v.* satisfè, satilfè, bay
 satisfaksyon, fè plezi, kontante
to ~ **one's hunger** (**fulfill one's
 needs**) geri bosko (li)
save *v.* **1** (*to rescue from danger*)
 sove **2** (*to put away, keep*) sere,

mete la, mete sou kote, rezève

3 (to cure) geri

saved:

to be ~ (be still alive) chape,
genyen lavi sov

savor:

to ~ one's food kraze yon manje

scab, scabbiness *n.* kwout, kout, kal

scabby *adj.* gwo kwout, plen kwout

scabies *n.* (la)gal, lateng, bouton
grate

scald *n.* brile ak dlo cho; *v.* chode,
dekwennen, kankannen

scalding *adj.* boukannen

scale *n.* 1 (*skin*) kal 2 (*weighing*)

balans, baskil, pèz; *v.* (*teeth*) grate

to ~ (enamel) degrade

to ~ off (skin etc.) dekalè

scaler (dental) *n.* gratwa

scales (weight) *pl.n.* balans, pèz,
baskil

hanging ~ balans ak kwòk

scalp *n.* po/kwann tèt, (po) kwi tèt,
kivatèt

~ **infection** pyas

scalpel *n.* bistouri, kouto operasyon,
eskalpèl [*Eng.*]

scaly *adj.* dekalè

to be(come) ~ (skin) fè kal, fann

scapula *n.* eskapilè, omoplat, zo
zepòl

scar *n.* mak, tach, grafiyen,
grafouyen, kouti, balaf, sikatris;
v. defigire, grave, grafouyen

to bear a ~ pote mak

to form a ~ donner

to form ~ tissue fèmen

scared *adj.* 1 (*afraid*) pè, efreye
2 (*startled*) pantan, kè sote

to be ~ gen laperèz, kè fè tikap,
pantan

to be ~ of gen krent pou

scarlatina *n.* lafyèv eskalatin

scarlet *n.* vèmiyon; *adj.* wouj

~ **fever** lafyèv eskalatin

scarring *adj.* defigiran, ki kite mak/
sikatris

scent *n.* (*distinctive odor*) sant, odè,
pafen

schedule *n.* orè, pwogram; *v.* pwojete,
pwograme, mete reyinyon, tabli
orè, pwojekte

behind ~ anreta, kite orè a, pa

respekte orè a

on ~ alè, atan

to be behind ~ pran reta

to stay on ~ respekte orè a

schizophrenia *n.* eskizofreni

schizophrenic *n./adj.* eskizofrèn

sciatic *adj.* syatik

sciatica *n.* tay ak janm fè mal, syatik

science *n.* (la)syans

medical ~ medsin

scientist *n.* moun lasyans, syantis,
savan

scissors (pair of) *n.* sizo

sclera *n.* blan je

sclerosis *n.* vin di, esklewoz

multiple ~ maladi nè, paralezi

aparèy nè, esklewoz anlak

scoliosis *n.* zo rèldo koubi, eskòlyoz

scorch *v.* boukannen, griye, boule,
brile

scorched (fruit) *adj.* chode

scorpion *n.* eskòpyon, zekribich

scorpionfish *n.* vennkatrè

Scotch tape *n.* (eskotch) tep, adezif

scour *v.* (*to clean by scrubbing*)

foubi, dekrase, dekwote

scraggly *adj.* malvini, chetif,
vlangenden

scrape *n.* (*small injury*) ti kòche/
grafouyen

scraper:

~ (dental) gratwa

scratch *n.* grafouyen, grave, egratiyi, mak, kòche; *v.* **1** (to make a thin mark on a surface with a sharp instrument) grafouyen, grave, kòche, make **2** (to use the nails to scrape at) grate **3** (to scrape with claws) grifè, grifonnen
without a ~ san zepeng pa pike l, san tach

scratched *adj.* grave, chaje mak

scratching *n.* gratman

sound of ~ frip

scratchy *adj.* graj, wòk

scrawl *n.* grabji, pat mouch,

grifonnaj; *v.* grifonnen, grave

scrawny *adj.* krebete, kòde, dechouse, fil, mengrèt, mengle, zo ak po, rachitik

~ (child) *n.* zonzon; *adj.* krebete

to become ~ cheche debout

scrawny-legged *adj.* pye baton/ bekasin/chèch/fen/zo, janm marengwen

scream *n.* kri, rèl; *v.* rele

screen *n.* (wire mesh) til, grij, twal metalik; *v.* (to sort out) triye

to ~ off klwazonnen

screening *n.* triyaj, evalyasyon, seleksyon

scrofula (*med.*) *n.* zekwèl

scrotum *n.* po/pòch/sak grenn, po boulgrenn, bous

~ and testicles kòd/majò grenn

scrub *v.* fwote, foubi, dekrase, dekwote, grate

to ~ (up) pwòpte, fwote, fote

scrubby *adj.* malvini, chetif, vlengenden

scruff of the neck *n.* dèyè/nwa kou

scum *n.* (dirt; scum) kras

sear *v.* griye, boukannen, boule, brile

seasick *adj.* (gen) mal lanmè

seasickness *n.* maldemè, mal lanmè

seat *n.* chèz, plas

~, **buttocks** dèyè, dèryè

~ of latrine kòf latrin

seated *adj.* chita

to be ~ chita

seclude *v.* ekate, izole

secluded *adj.* ekate, izole

seclusion *n.* izolman

secondary *adj.* segondè, akote

~ infection dezyèm enfeksyon

secrete *v.* rann/bay/fè sòs, bay likid, vide, rann

secretion *n.* pij, swentay, dlo

blan(ch), sòs

section *n.* **1** (piece) seksyon, pati,

pòsyon **2** (slice) tranch

secure *adj.* asire, alabri, an sekirite

to make (s.o.) feel ~ sekirize

security *n.* (safety) sekirite, site

to give (a feeling of) ~ sekirize

sedate *v.* bay (yon) kalman, andòmi; *adj.* poze, serye, kal, diy

sedation *n.* kal(m), tèt poze

sedative *n./adj.* kalman, sedatif

sedentary *adj.* sedantè

see *v.* **1** (with the eyes) wè, gade

to ~ spots (in front of one's eyes)

fè mimi mimi

seedy *adj.* (shabby) minab

~ stool watè ma

seep (out) *v.* swente (sòti)

seizure *n.* (sudden convulsion)

(maladi) kriz, atak,

dekonpozisyon, koutsan

epileptic ~ kriz malkadi/tonbe

to have a ~ dekonpoze, san li

moute nan tèt, tonbe nè

select *v.* triye, seleksyone, chwazi, fè chwa

selection, triage *n.* triyaj, triyaj,

chwa

semen *n.* dechaj, dechaj, espèm,
jèm/semans gason

semiconscious *adj.* demikonsyan

to be ~ gen mwaye konnesans

semiconsciousness *n.* demikonsyans

semi-invalid *adj.* maladif

seminal vesicles *pl.n.* sak dechaj

send *v.* voye

to ~ **away** voye ale, espedye

to ~ **away for** voye chache

to ~ **back** voye tounen/vini

to ~ **for** voye pran, fè vini, rele

to ~ **(s.o.) for** voye chache

senile *adj.* annanfans, darati, entete,

gaga, ebete, enbete, entatad

~ **dementia** annanfans

~ **person** darati

senility *n.* annanfans

senior *adj.* aje

~ **citizen** vye granmoun

sensation *n.* (feeling) sansasyon

itching ~ demanjezon

sense *n.* (of touch, smell etc.) sans

common ~ bon sans

~ **of, aware of** konosyan

senses:

in full command of one's ~ nan
lokal li

sensible *adj.* saj

sensitive *adj.* **1** (tender, sore) sansib

2 (susceptible, touchy) delika,

frajil, sansib, siseptib

~ **point** venn sansib

~ **tooth** dan sirèt

sensory, sensorial *adj.* sansoryèl

separate *v.* (to disunite) separe,

demarye, dekouple, dezini,

demakònen; *adj.* (detached)

separe, apa, degrennen, endividyèl

[Fr.]

separated *adj.* grennen

separately *adv.* separeman, separe,
detache, grenn pa grenn

sepsis *n.* enfeksyon nan san

septic *adj.* septik

~ **arthritis** enfeksyon nan jwenti

septicemia *n.* enfeksyon nan san,
maladi san, septisemi

septum (nasal) *n.* pati ki nan mitan
de twounen yo

sepulcher *n.* kav, kavo, tonbo, tonm

sequence *n.* sekans, anchenman,
swit, seri

serendipitous *adj.* pa (bon) chans/aza

serendipity *n.* (bon) chans/aza

serious *adj.* serye, grav, malouk

extremely ~ gravman grav

to become more ~ agrave

seriously *adv.* gravman, grav

serrated *adj.* dantle

serum *n.* sewòm

serve *v.* **1** (to work as) sèvi **2** (food)

sèvi, drese **3** (to help) rann sèvis,

ede **4** (to supply) founi

service:

memorial ~ tedeyòm

to render ~ rann sèvis

service:

memorial ~ tedeyòm

to render ~ rann sèvis

set:

to ~ **about** konmanse, tonbe

to ~ **apart** mete apa, separe

to ~ **aside** mete sou kote, sere

to ~ **back (delay)** retade

to ~ **bones** manyen (*pronounced:*
man-yen)

to ~ **down (to record)** enskri, ekri,
note

setback *n.* kontraryete, baf, rechit

sever *v.* tranche

severe *adj.* (extreme) kanpe, rèd

severely *adv.* sevèman, sevè

severity *n.* severite, rigè

sew *v.* koud, fè kouti

to ~ together kole pyese

to ~ up reprize, koud

to ~ up again rekoud

sewage *n.* fatra (solid ak likid)

sewer *n.* (twou) egou, regou

(covered) ~ egou

mouth of ~ twou egou

open ~ rigòl

~ **hole** twou (r)egou

sex *n.* sèks

~ (gender) sèks

to have ~ (man) bay bwa

to have ~ with gen rapò ak, fè zafè ak, pase sou, chire nat li, mete bwa pou yon moun

to have ~ (woman) pran (yon)

bwa

to try to have ~ with chache gen

koze ak

to want ~ sou sa

sexless *adj.* pa ni mal ni femèl

sextuplet(s) *n.* marasa sis

sexual *adj.* seksyèl

~ **assault** (tantativ) kadejak

~ **aversion** degoutans pou fè sèks

~ **harassment** tizonnay seksyèl

~ **relations** relasyon, rapò, kontak,

bagay, lavi gasonfi

to have a ~ relationship with nan

bagay ak, an afè ak

to have ~ relations fè sèks/

lanmou, antre an relasyon, gen

rapò

to have ~ relations with nan

bagay ak, an afè ak

sexuality *n.* seksyalite

sexually *adv.* seksyèlman

~ **active (male)** gason

~ **aroused** cho

not to be ~ interested pa sou sa

~ **transmitted diseases (STD)**

maladi seksyèlman transmisib (MST)

to be ~ active gen kontak

shake *n.* sakad, soukous; *v.* **1** (to cause to move to and fro) souke,

sekwe, ajite, sakade **2** (to move to and fro) souke, tranble, brannen

shaky *adj.* branlan, loke

to be ~ (person) gen latranblad

shallow breathing *adj.* kout

shampoo *n.* chanpou; *v.* mete

chanpou, savonnen

shank (*human*) *n.* pye, zo/bwa janm

shape:

in good ~ (healthy) an sante,

anfòm, (byen) pòtan

in good ~ (in good condition) an

bon teni, anflèch, anneta, kanpe

in great physical ~ fre kou kola

kenz

in great ~ anfòm, solid, sou de

pye fèm/militè, anbandezon

in really bad ~ alagrab

to ~ up pran men (li), vin pi bon,

ranje kò li, fè pwogrè

share *n.* pati, pòsyon, pa; *v.* separe,

pataje, distribiye

to ~ with kase moso bay

sharp *adj.* (*cutting*) file, tranchan,

koupe

shave *v.* fè (la)bab, grate/retire plim,

raze

to ~ clean tonn kareman/toutbon

to ~ off raze

to ~ (woman) retire plim

to ~ s.o.'s head kale tèt (yon

moun)

shaven *adj.* raze

close ~ byen raze, kale

shaving:

~ **brush** blewo, bwòs pou bab

~ **cream** krèm (pou) bab
sheet *n.* (for bed) dra
shelter *n.* **1** (lodging) lojman,
ladesant **2** (refuge, haven) azil,
refij, abri, fwaye
~ (for elderly or sick) lospis
shift *n.* (work) (la)relèv, woulman
shifts:
in ~ pa relèv/ekip
shin *n.* zo (bwa) janm, banbou janm
shinbone *n.* zo (bwa) janm, (zo)
banbou janm
shingles (herpes zoster) *n.* maladi
nè nan po, zona
shiver *n.* frison, fremisman;
v. frisonnen, fremi, tranble (fredi)
shivering *n.* tranble, tranbleman
shivery *adj.* ak frizon/tranblad
shock *n.* **1** (bump, impact) chòk,
soukous, kou **2** (emotional
trauma) sezisman, chòk, emosyon,
kè sote/kase; v. choke, fè chòk,
ofiske, frape
electric ~ kouran
physical ~ (trauma) frakti
to be in ~ fè/pran (yon) sezisman
to get an electric ~ pran (nan)
kouran
shocked v. kè kase/sote
to be ~ choke, ofiske, bwè dlo frèt,
fè sezisman
shoot:
to ~ **up** (illegal drug) pran piki
dwòg/estipefyan
short *adj.* (not tall) kout, ti tay, ba
~ **and fat** kout foule, tibout
~ **and hefty** tonken
to be ~ **of breath** esoufle, pa gen
souf, pèdi souf, souf/soufle/rale
anlè
shorten v. ratresi, retresi, rakousi,
kousi, abreje, vin pi kout

short-handed *adj.* manke bra/moun
shortness of breath *n.* souf kout,
souf wo, etoufman
shortwinded *adj.* souf koupe, pèdi
souf, anlè anlè
shot *n.* (injection) piki, vaksinasyon,
vaksen
booster ~ piki/dòz rapèl
to be ~ (bullet) pran (yon) bal
to get a ~ (med.) pran piki
to give a ~ (med.) bay piki
shots (vaccination) *pl.n.* vaksinasyon
volley of ~ mitrayad
shoulder *n.* zepòl
general ~ **area** palèt do
~ **blade** zo zepòl, omoplat
shoulders:
breadth of ~ (e)kari
shout *n.* (kout) rèl, kri; v. rele, pale
fò, poue kri
shower *n.* **1** (act of taking a shower
bath) beny (pronounced: ben-y)
2 (place to take a shower bath)
douch; v. pran yon douch, benyen
cement ~ stall basen
~ **connection** bra douch
~ **curtain** rido douch
~ **head** tèt/pwa douch
to take a ~ pran yon douch,
benyen
shrink v. ratresi, (re)tresi, vini pi
piti, kontrakte; *n.* (psychiatrist
-fam.) sikyat, doktè moun fou
shriveled up *adj.* kònich
shroud v. vwale, bwouye, maske
~ (for burial) dra/bann twal fen
(pou vlope yon mò)
shrunk (*face*) *adj.* rale
shudder *n.* fremisman, tresayman,
frison; v. fremi, tranble, frisonnen,
(san li) tresayi
to ~ (**from fear**) tresayi

shunt *n.* pasaj, deviray

shy *adj.* timid, fèmen, renka, jennen;
f.adj. wontèz

painfully ~ person bebe chòchòt
~ person bèt bwa

Siamese:

~ or conjoint twin(s) marasa kole

sibling *n.* frè/sè

sick *adj.* malad, kò pa bon, ba
~ person malad

to be in bed ~ anba dra, pran kabann, malad kouche

to be ~ pase maladi

to fall ~ pran kabann

to have been ~ pase maladi

to look ~ defigure

very ~ ba

sicken *v.* rann malad, degoute

sickening (*food*) *adj.* rebitan, degoutan

sickle-cell anemia *n.* anemi falsifòm

sickliness *n.* kò pa bon, frajilite, feblès (jeneral)

sickly *adj.* **1** (*chronically ill*) maladif

2 (*puny*) chetif, kata, rasi **3** (*frail*)

enfim, malangi; *adv.* ti sante, ze fele, pa gen gran vi

sickness *n.* maladi

car ~ mal machin/kamyon

morning ~ maladi gwosès

motion ~ mal machin/kamyon

natural ~ (*as opposed to*

supernatural) maladi Bondye

psychosomatic ~ maladi imajinè

~ caused by evil spirit (*Voodoo*)

maladi malouk

~ caused by ill-will of another

person or by a group of evildoers

maladi lèzòm/majik/moun/satan

~ caused by spirit of dead child

maladi mò timoun

~ caused by spirit of dead person

maladi mò

~ caused (supposedly) by cold weather fredite, fredizon, fwadisman

~ which can supposedly be cured by Western medicine maladi doktè

supernatural ~ maladi lwa
to expose oneself to ~ fè enpridans

sickroom *n.* chanm malad

side *n.* bò, kote, fasad

on my mother's/father's ~ bò kot(e) manman/papa m

~ effects (pwoblèm) sou kote, akote, konplikasyon, reyaksyon

~ (of body) flan, bò kòt

~ or edge rebò

sideburn *n.* pafouten, fafouten

long ~ pafouten alonje

short ~ pafouten bòt

sideways *adv.* antravè, detravè, biskankwen; *adj.* oblik, biskankwen

siesta *n.* lasyès

sieve *n.* paswa, tanmi; *v.* pase (nan paswa/tanmi)

sift *v.* (*to sieve, strain*) pase, koule, tamize, vannen

sigh *n.* soupi; *v.* soupire, fè yon soupi, pouse soupi

sight *n.* vizyon, wè

(sense of) ~ vizyon, wè

sign *n.* siy, remak, renmak, sin, endikasyon; *v.* (*to write one's signature*) siyen, mete siyati,

parafe

~ language langaj pa siy, siyon

~language interpreter entèprèt

pou soud, entèprèt an siy

to ~ (for deaf) fè siy/jès, pale

ak/pa siy, pale ak jès

to use ~ language (for deaf) fè
siy/jès, pale ak/pa siy, pale ak jès
signature *n.* siyati
official ~ paraf
signer *n.* siyatè
signify *v.* siyifi, siyifye, vle di
signing (for deaf) *n.* langaj pa siy,
siyon
silence *n.* silans
silver nitrate *n.* nitrat ajan
similar *adj.* sanblab, sanble, parèy,
menmka
simple *adj.* (easy) senp
simple-minded *adj.* bonnas, egare, tèt
mare
simple-mindedness *n.* bonnas,
kredilite, nayivte, inosans
single *adj.* (unmarried) selibatè, pa
marye
sink *n.* lavabo
~ **drain** twou lavabo
sinus *n.* sinis
~ **congestion** nen bouche,
konjesyon sinis
~ **trouble or inflammation** sinizit
sinusitis, sinus trouble *n.* enfeksyon
nan twou zo figi moun, sinizit
sip *n.* (ti) gòje; *v.* siwote, bwè
dousman, fè yon ti kou
small ~ gòjèt
to ~ slowly siwolin
siphon *n.* sifon, kawòtchou;
v. sifonnen
to ~ off sifonnen
sister *f.n.* sè
half~ sè menm manman/papa,
demi sè
sister-in-law *f.n.* bèlsè
sit *v.* chita
to ~ and wait chita tann, pran kat
pelouz
to ~ down chita

to ~ down again rechita
to ~ tight pasyante
to ~ up leve chita
to ~ up straight chita dwat, drese
kò, ranje/kenbe kò li, kare nan yon
chèz
site *n.* sit, anplasan, pozisyon
exam ~ syèj
situate *v.* pozisyonnen, lokalize
situation *n.* **1** (case) sityasyon, ka
2 (event, occurrence) evènman,
bagay, kout kat **3** (state, condition)
eta **4** (state of affairs) konjonkti
5 (place) pozisyon
a terrible/impossible ~ yon
sigarèt/siga limen nan de pwent
as the ~ now stands pou kouwè l
ye la a
bad ~ move pa/kafou, move kout
kat, pas, koutbwa
difficult ~ tèt chaje
in what a (bad) ~ he/she is nan ki
dra li ye
sit-ups:
to do ~ leve chita
size *n.* gwosè, grandè, tay,
dimansyon
to ~ up evalye, pran pwa
skeletal *adj.* eskèlèt
skeleton *n.* eskèlèt, zo kò
~ (**very skinny person**) eskèlèt,
blòk zo, zo kò
walking ~ mò vivan, zomangay,
zoban
skeleton-like *adj.* zoban, zòkò
skill *n.* ladrès, abilite, teknik, talan
with great ~ nan renka
skilled *adj.* fò, fere, konpetan, bòs
skillful *adj.* abil, adwat, fò, bòs,
maton
skim:
to ~ (milk) dekrenmen

skin *n.* po; *v.* (to injure the skin)

graje, kale, kòche

dry ~ po blanch

rough dry ~ po deng

~ **and bones** zo ak po, zomangay, zosman, san vyann, mègzo, bagèt legede

~ **care** swen po

~ **eruption (rash)** fè, chofi

~ **irritation** pikotman, chofi, demanjezon, gratèl, san grate

~ **ulcer** java

to be ~ **and bones** mèg kou taso laskwendeng

to remove pieces of ~ dekire, dekwennen

skin-grafting *n.* otogrèf

skinniness *n.* lamègrè

skinny *adj.* mèg, piti, zo, mègrè, sèk, bagèt legede, pa gen vyann

~ **person**, ~ **as a beanpole** zo

pope, (la)mègzo, lamègrè, banza

~ **person** (*fam.*) taso

very ~ **legs** janm legede

very ~ **person** bwa bale, eskèlèt, bagèt legede

skip *v.* (to omit) sote, pase sou, manke, evite

skull *n.* zo bwatèt/tèt/kràn, zo (kokolo) tèt, zo kòkòwòs, zo krantèt, zo (kokolo) tèt, kalbas tèt

slab:

glass ~ (*dental*) plakèt vè

slack:

~ (*skin*) plèt, plo

slash *n.* (*cut*) kout kouto;

v. dechikete

slaver *n.* (*slobber, drool*) bav, bave;

v. bouch li fè dlo

sleep *n.* dòmi, somèy; *v.* dòmi

deep ~ gwo somèy

Did you ~ **well?** E lannwit la?

in a deep ~ nan fon somèy

not to ~ **all night** pase lannwit lan blanch

~ (**eye matter**) kaka je, (la)si, djandjan, bè nan je

to go back to ~, **fall asleep again** redòmi

to go to ~ andòmi

to go to ~ (*arm, leg etc.*) angoudi, mouri

to put to ~ (*surgery*) andòmi

to ~ **around** fè pachat, mache fè renmen, bwè kola renmèt boutèy

to ~ **around** (*woman*) fè lakòt

to ~ **peacefully** dòmi swa

to ~ **soundly** dòmi di

to ~ **with** (**have sex with**) chire nat li

to ~ **with numerous women** ale nan fanm/fi, sikile

sleeper:

to be **a heavy** ~ dòmi di

sleepily *adv.* andòmi

sleepiness *n.* anvi dòmi, letèji

sleeping *adj.* nan dòmi

~ **pill** grenn pou dòmi, somnifè [Fr.]

~ **sickness** maladi dòmi

to be ~ **soundly** kraze yon dòmi

to be ~ (**with**) annafè (ak)

sleeping-mat *n.* nat

cheap ~ atèmiyò, soukekouche

~ **made of palm leaves** nat trè

sleepless *adj.* san somèy/dòmi

~ **night** nwit blanch

sleeplessness *adj.* pa ka dòmi, gen pwoblèm (pou) dòmi

sleepwalk *v.* mache nan dòmi

sleepwalker *n.* moun ki konn mache nan dòmi, sonmnanbil [Fr.]

sleepwalking *n.* mache nan dòmi, sonmnanbilis [Fr.]

sleepy *adj.* andòmi

to be ~ gen dòmì nan je, gen anvi dòmì

slender *adj.* mens, fen

slice *v.* tranche

slide *n.* (for microscope) lanm, plak laboratwa, plak an vit, ti vè, mòsovit

slight *adj.* lejè, piti, ti, mens

slim *adj.* mens, fen

to ~ **down** amensì, degrese, kase, megri

slimming down *n.* degresman

slimness *n.* mègrè

sling:

arm ~ banday, echap

slip *v.* (to fall) bite, fè fopa, manke/ pèdi pa, tonbe

~ (falling down and hurting waist area) toudren

to ~ **on** (ground) glise

slipped disc *n.* ti zo nan rèldo ki deplase

sliver *n.* klis, eklis

slobber *n.* bav, bave; *v.* bave, bouch li fè dlo

slouch *v.* koube, lage kò (li)

slough off *v.* (voye) jete, debarase, chanje po

slow *adj.* **1** (proceeding at a low speed) lant, lan **2** (stupid) san nanm **3** (apathetic) kremòl ~ **or** **lethargic person** loudo, mizadò, epav

to ~ **down/up** ralanti, frennen

slowly *adv.* (in a slow manner) lantman, lant, dousman

slow-witted *adj.* lou

sluggish *adj.* tèt lou, kò kraze, gaga, loudo, mòlòkòy

sluggishness *n.* lantè, letèji

slump *v.* (to slouch) koube, lage kò

(li)

slur:

to ~ **one's words** manje mo

slurred speech *n.* lang lou

small *adj.* **1** (slight; little) piti, vyepti **2** (weak) fyengen **3** (stunted; underdeveloped) ti ras

~ **for one's age** rèkè

smaller *adj.* pi piti

~ **than** pi piti pase

smallpox *n.* gwo bouton, ti vewòl, varyòl, lavaryòl, vèrèt, alastrim, tatapyout, koutpyout

smart *adj.* (intelligent) fò, lespri, entelijan, je klere/ouvè/kale, fere, maton; *v.* (to be painful) fè mal

smarting *n.* lansman, pikotman; *adj.* pikan, brilan

smear *v.* (to cover) badijonnen, bade (ak)

~ (blood, vaginal etc.) fwoti(s)

to ~ **on** pase

smegma *n.* kalanbè

smell *n.* **1** (odor, aroma, fragrance)

sant, odè **2** (stench) sant, odè;

v. **1** (to sniff at) santi, pran sant/odè

2 (to stink) santi

acute sense of ~ (gen) nen fen

putrid ~ santò

rotting ~ (meat, fish etc.) founda, foun

(sense of) ~ santi

sickly-sweet ~ santidou

to have a keen sense of ~ gen nen fen

to ~ **bad** santi jaden/di

to ~ **good** santi bon

smelly *adj.* santi (fò), koun, kri

smile *n./v.* souri

smiling *adj.* souriyan, dan deyò

smoke:

to ~ (cigarette, pipe etc.) fimèn,

pouse yon lafimen

to take a ~ pouse yon lafimen

smoker:

(inveterate) ~ fimadò

~ (*person*) fimè

smoking *n.* fimen

no ~ pa fimen

smooth *v.* **1** (*to flatten, level off*)

egalize, (a)plani **2** (*to smooth*

out, unwrinkle) dechifonnen,

defripe, degriji, deplise, lise;

adj. **1** (*surface*) plat **2** (*even, straight*) swa, ini, lis

to ~ **out** degwosi

smoothly *adv.* (*gently; quietly*) an dousè

smother *v.* **1** (*to suffocate*) toufe

smoulder *v.* kouve, mijote

snack *n.* goute, soloba(b), salbab, pase nan bouch, kolasyon;

v. goute, bat bouch li, pase (men) nan bouch

~ **bar** esnakba, ba

~ **food** fridòdòy

~ (*peanuts, popcorn etc.*) amizman

snake *n.* koulèv, sèpan

snakebite *n.* koutdan koulèv

sneeze *n./v.* estènen, etènye

sniffle *v.* rale (larim)

snooze *n.* kabicha, asoupi, (la)syès; *v.* kabicha, fè (yon) ti dòmi

snoozing *adj.* nan yon (ti) kabicha/ dòmi

snore *n.* wonf; *v.* wonfle

to ~ **loudly** rannafle

snorer *n.* wonflè

snoring *n.* wonfle, wonf

loud ~ rannafle

snort (*drugs*) *v.* rale nan nen

snot *n.* (la)rim, flèm

(dried) ~ kaka/kout nen

liquid ~ sòs

snuff *n.* tabak an poud

soak *v.* (*to moisten*) (de)tranpe, kandoule

to ~ **thoroughly** anbibe

to ~ **up** absòbe, bwè

soaked *adj.* (an)tranp

soap *n.* savon; *v.* savonnen

bar of ~ savon

laundry bar ~ gwo savon, savon lave

long bar of laundry ~ brik, ba savon

~ **dish** pòt/bwat savon

~ **powder** fab, detèjan, poud

savon, savon an poud

sob *n.* sanglo; *v.* kriye fò, sanglo

sobbing *adj.* dlo nan je, de ran dlo de ran larim

sober (calm) *adj.* **1** poze, tanperan

2 (*not drunk*) sòb

~ (*not a heavy drinker*) sòb

to ~ **up** desoule, degrize

sobriety *n.* seryozite, retisans

~ **test** tèspou moun sou

social:

Haitian Social Security System

Ofis Nasyonal Asirans Vyeyès;

acron. ONA

~ **welfare** byennèt sosyal

~ **worker** anplwaye byennèt sosyal

sociopath *n.* (moun) fou (ki) danjere, sosyopat [*Fr.*]

socket *n.* **1** (*electric*) plòg, sòkèt

2 (*tooth*) twou, alveyòl

wall ~ priz

soda:

baking ~ bikabonnat

bicarbonate of ~ bikabonnat

~ (*chem.*) soda

~ **drink** kola, bweson ki pa pike

~ **water** soda

sodium *n.* sodyòm
sodomize *v.* sodomize
sodomy *n.* sodomi
soft *adj.* **1** (*easily molded, cut, or worked*) mou, mòl, molas
2 (*tender*) tann **3** (*supple*) swa
4 (*flabby*) douyèt, pouf **5** (*fluffy*) flou **6** (*delicate*) douyèt **7** (*not loud*) pezib, kal **8** (*not severe enough*) mou
 ~ **drink** kola, soda, bweson ki pa pike
soften *v.* **1** (*to make softer*) (ra)moli
2 (*to relieve, alleviate*) adousi
to ~ up vin mou
softening *n.* ramolisman;
adj. molyann
softly *adv.* **1** (*gently; easily*) dousman **2** (*quietly*) dousman, ansoudin
softness *n.* dousè
soft-pedal *v.* minimize
soil *v.* souye, sal, sali, tache, tòchonnen
soiled *adj.* sal
 ~ **easily** ~ salisan, tachan
solace *n.* konsolasyon, soulajman, rekonfò
solar *adj.* solè, solèy
 ~ **panel** panno solè/solèy
 ~ **power/energy** enèji solè
sole *n.* (*off foot*) plapye, planpye
infected ~ pye chik
solid *n.* solid; *adj.* **1** (*sturdy, durable*) solid, fèm, dirab **2** (*decent, good*) bon jan
 ~ **food** gwo manje
 ~ (*person*) tenmplav
to be ~ gen manm
solidify *v.* solidifye, vin solid
soluble, dissolvable *adj.* ki ka fonn (nan dlo), solib

solution *n.* **1** (*answer, remedy*) solisyon, repons, renmèd
2 (*infusion, mixture*) solisyon, posyon, tranpe
temporary ~ rafistolay
to find a ~ debouye
solvable *adj.* esplikab
solve *v.* rezoud, regle, solisyone, bay solisyon
somnambulism *n.* mache nan dòmi
somnambulist *n.* somnambil [*Fr.*], moun ki konn mache nan dòmi
somnolent *adj.* andòmi, tèt lou, dòmi nan je
son *n.* pitit gason, fis [*Fr.*]
son-in-law *n.* bofis, bofi
soothe *v.* **1** (*to relieve the pain of*) soulaje, aleje, bay yon souf **2** (*to calm*) kalme, apeze, tanpere
to ~ one's nerves pase moso kalkil
soothing *adj.* kalman
soothingly *adv.* ak dousè, ak efè kalman, yon jan kalman
soporific *n.* kalman, sedatif; *adj.* ki fè dòmi
sorcerer *n.* sòsyè, bòkò
sorceress *f.n.* sòsyè
sorcery *n.* sòsèlri, malefis, malfezans
sore *n.* bobo, bouton, blesi, blese, plè, maleng; *adj.* (*painful*) doulere, sansib
bed ~ maleng kabann
cold ~ chank
crack or ~ at corner of mouth bòkye
highly malignant open ~ java(doun)
infected ~ baka, maleng
open ~ maleng
round ~ (*usu. on sole of foot*) je krab
small ~ bèlen

~(s) **at corner of mouth** bòkyè,
bòkè, bouch chire, bouch manje

~ **(on tips of toes or heel from
stumbling)** zandò

~ **throat** malgòj

~ **tooth** dan sirèt

~ **(which leaves a scar)** zonyon
to be ~ fè mal, bay doule

soreness *n.* doule, lapenn

sores:

covered with ~ malenge

sorrow *n.* chagren, lapenn, tristès,
kè fè mal, regrè; *v.* bay chagren,
chagrinen

sorrowful *adj.* chagren, tris, kagou

sorrowfully *adv.* ak chagren

sorry:

to feel ~ **for** plenn, kè li fè mal
pou, pran lapenn pou

sort *v.* triye, separe, klase, ranje

to ~ **out** triye, separe, asòti

sorting *n.* triyaj, triyay

so-so *adv.* konsa konsa

it's ~ se pa bon sa bon konsa

sot (drunkard) *n.* kakatafya,
klerinmann, sakatafya, tafyamann,
tafyatè

soul *n.* nanm

to pour out one's ~ vide kè

sound *n.* son, bri; *v.* (*auditory*)
sonnen, kònen, fè bri, chante;
adj. (*firm, solid*) fèm

~ **asleep** dòmi di, nan fon somèy

~ (*body*) tèm, ansante

soundly *adv.* devan dèyè, nètalkole,
nètale

soundness *n.* fòs, vigè

sour *adj.* (*acidic*) si, asid, rak

to turn ~ (**curdle; go bad**) tounen

source *n.* sous, orijin, rasin

space:

off in ~ (**preoccupied,**

daydreaming) nan lalin, lwen,
distrè

~ **between** (*fingers etc.*) fant

~ **between teeth** chenèt

spaced:

~ **apart** (*teeth*) dan tchaka, dan
tyaka

~ **out** tèt pati/pa la

spare *v.* epaye, menaje; *adj.* **1** (*extra,*
kept in reserve) derechanj

2 (*skinny*) mini kò

spared *adj.* egzan

to be ~ epaye

sparingly *adv.* pa anpil, an ti kantite,
ak moderasyon

spasm *n.* kriz, kontraksyon

spasmodic *adj.* aledvini, alevini,
wete mete, mòde lage

spastic *adj.* entatad

spatter *v.* badijonnen, bade ak

spatula *n.* espatil, pèl, ti palèt

(dental) cement ~ espatil

speak *v.* pale

to begin to ~ pran lakòn/lapawòl

to ~ **a language fluently** pale yon
lang kou rat (nan mayi), pale yon
lang fen

to ~ **extremely rapidly** pale dri

to ~ **frankly** pale kare(bare)

to ~ **Haitian (Creole) fluently**

pale/simen kreyòl kou rat (nan
mayi)

to ~ **incorrectly** pale kwochi

to ~ **softly** pale piti/ba

special *adj.* **1** (*exceptional*) espesyal,
deksepsyon **2** (*particular*)

espesyal, patikilye, chwazi

specialist *n.* espesyalis

speciality *n.* espesyalite

specialization *n.* espesyalizasyon

specialize *v.* espesyalize

specialty *n.* espesyalite, branch,

domèn

specify *v.* presize, mete/pote
presizyon sou, espesifye

specimen *n.* echantiyon, yon ti
kras/gout

~ **cup** po, gode, goble

spectacles (eyeglasses) *pl.n.* vè, linèt

speculum *n. (med.)* espekilòm,
aparèy sonn

speech *n. (utterance)* pawòl

slurred ~ lang lou

~ **impediment** anpechman pale

~ **therapist** òtofonis

~ **therapy** òtofoni

spell *n. 1 (curse)* madichon, pwèn,
fòmil majik, fetich

dizzy ~ tèt vire

evil ~ djòk, maldjòk, malefis,
ranje, espedisyon

to cast an evil ~ (**on**) (*Voodoo*)

voye mò (sou), (mal)djòke, fè
mal/wanga (sou), mete bouch sou

spells:

ensemble of charms or ~
(*Voodoo*) batri

spend *v. (time)* pase, fè

to ~ the night pase nwit, fè
ladesant

sperm *n.* dechay, dechaj, espèm,
jèm/semans gason

~ **count** kont kantite

espèmatozoyid

spermatozoa *pl.n.* grenn dechay,
espèmatozoyid

spermatozoon *n.* espèmatozoyid

spermicidal:

~ **sponge** eponj

~ **suppository** tablèt vijinal

spermicide *n.* krèm

sphincter *n.* mis k ap fèmèn yon
twou, esfenktè

anal ~ misk (k ap fèmèn) twou

dèyè

urethral ~ misk (k ap fèmèn)
twou kannal pipi

vaginal ~ misk (k ap fèmèn)
kannal fi

spicy *adj.* pike, pimante, cho

spider *n.* arenyen, zarenyen
~ **web** fil/twal arenyen

spigot *n.* tèt tiyo, wobinèt

spill *v.* vide, koule/chape tonbe,
ranvèse, vèsè

to ~ out koule/chape tonbe

to ~ over debòde, ranvèse

spinal *adj.* epinyè, nan rèldo

~ **column** zo rèl/chini/chenn do,
kolonn vètebral, baton koumbe

~ **cord** zo chenn/chini do, epin
dòsal [*Fr.*]

~ **fluid** dlo rèldo

~ **nerve** nè vètebral/nan rèldo

to do a ~ tap retire enpe dlo nan
do pou wè si gen enfèksyon nan
sèvo

spine *n. (spinal column)* zo rèl/
chenn/chini do, kolonn vètebral,
baton koumbe

cervical ~ nwa kou

curvature of the ~ koub nan zo
rèldo

spinster *f.n.* vyèy fi, selibatè

aged ~ grannana

spirit *n. (Voodoo)* lwa, mistè

evil ~ movèzespri, denmon,
movezè, malentespri, revenan

spirits *pl.n. 1 (supernatural beings)*

espri, lwa, lemò, yo **2 (morale)**
moral

to call on the Voodoo ~ rale kò
Ginen

to lift/raise one's ~/morale fè kè
li kontan

Voodoo ~ lwa

spit *n.* (*saliva*) krache; *v.* (*to eject saliva from the mouth*) krache
to ~ up rann, krache
to ~ up (vomit) vomi, rann, rejte
spite *n.* depi, malveyans, malveyansite, mechanste, rankin; *v.* brase/sakaje/vire bil (yon moun)
spiteful *adj.* rankinye, malentansyone, malveyan
spittle *n.* krache
spittoon *n.* krachwa
spleen *n.* **1** (*anatomy*) larat
ruptured ~ larat li pete, larat li pran chòk
splint *n.* atèl
splinter *n.* klis, klisbwa, eklis, ekla; *v.* frakase, migannen
~ (*in finger etc.*) klisbwa
split *n.* (*tear, rip; crack, opening*) chire, fant, krevas, jwen, jwenti; *v.* (*to break, burst, rip apart*) fann, chire, anfrage, fele, kreve, pete
to ~ open fann
spoil *v.* (*to rot, decay*) pouri, gate, dekonpoze, varye, tounen
spoiled *adj.* (*rotten*) pouri, gate
~ (*food*) gate, pouri, si
~ **meat** fandanman
sponge *n.* (*foam rubber*) eponj
to ~ (wound) tanponnen
to ~ (off), wash off benyen ak yon eponj
spongy *adj.* ki ka bwè, absòban
~ **bone** zo eponj
spoon *n.* kiyè
coffee ~ ti kiyè, kiyè kafe
dental ~ **excavator** eskavaté
soup ~ kiyè soup
spoonful *n.* kiyè (plen), kiyere
one ~ at a time kiyè pa kiyè
sporadic *adj.* wete mete, ki rive tanzantan

spot *n.* (*on skin*) bouton, mak, tak, tach; *v.* **1** (*to mark up*) tache **2** (*to locate*) lokalize, idantifye, jwenn
~ (*blood etc.*) remak
tender ~ venn sansib
to ~ (menstrual blood) make, bay ti gout san nan mitan de reg
weak ~ defo, pwen fèb
spots:
to see ~ fè mimi mimi
whitish ~ (*on black skin*) lota
spotty *adj.* (*with spots*) tache
spouse:
~ (*f.*) madanm
~ (*m.*) mari
sprain *n.* foulay, fouli, antòch, antòs, venn foule; *v.* foule, tòde, tòdye
~ (*ankle, foot*) antòch, antòs
to treat a ~ fè senp
sprained *adj.* foule
~ **back** senti louvri, ren louvri, senti ouvè
spray *v.* flite, aspèje
~ **gun, insect** ~ flit
spraying:
~ (*for lice etc.*) aspèsyon
spread *v.* **1** (*to distribute, scatter*) simen, simaye, gaye grennen **2** (*to diffuse*) gaye, pwopaje, etale **3** (*to spread around*) laye **4** (*to smear*) badijonnen
to ~ apart louvri
to ~ (fire, disease) gaye, mache
to ~ on badijonnen
to ~ open katiye, ekate
to ~ out etann
to ~ rapidly mach gaye
sprightliness *n.* ladrès
sprightly *adj.* ajil, tèktèk, enganm
spruce:
to ~ up degriji, fifinen, mete yon ti frechè

spry *adj.* enganm, ajil

spunk *n.* nannan, kè

spunky *adj.* cho, vif, anime

spurt *n.* ekla, elan; *v.* pise, vòltije

to ~ out deboulinen, jayi

sputter *v.* pale gaye

sputum *n.* krache rim, kracha, flèm

squashy *adj.* mou, mòl

squat *n.* krapodin; *v.* akoupi, bese,

chita koupi; *adj.* zougounou, foule,

bout kouto

~ (*woman*) manpenba,

manmanpenba

squeal *n.* (*sound*) kri; *v.* (*to cry out*)

kriye

squeamish *adj.* (*nauseous*) anvi

vonmi

squeeze *v.* (*to press*) sere, peze, tòde,

kwense

to ~ out (*juice; pus*) prije

squint *n.* je louch/tòtòy/twèt; *v.* (fè je

li) pichpich, twenzi

squint-eyed *adj.* tije

squinting *n.* je louch/tòtòy/twèt

squirm *v.* bat kò, brase/vire kò li,

graje, jigote, jijinen

stab *n.* kout kouto; *v.* ponyade, bay

yon kout kouto, pike

~ **wound** blesi ponya

stabbed:

to be ~ pran kout kouto

stability *n.* estabilite, solidite

mental ~ lòlòj

stabilization *n.* estabilizasyon

stabilize *v.* estabilize, ekilibre, leste

to ~, remain constant rete menm

jan

stable *n.* ekiri; *adj.* estab, solid, fèm,

fiks, ki pa chanje

staff *n.* (*personnel*) estaf, anplwaye,

gwoup

stage *n.* (*phase, point*) degre

past the critical ~ (*first five years of life during which young children often die*) chape

by easy ~ dousman, an dousè

stages:

by easy ~ dousman, an dousè

stagger *v.* (*to totter*) balanse debò,

tribiche, kilbite

stagnant *adj.* estayan, kowonpi

~ **water** dlo dòmi/marekay

to be ~ (*water*) dòmi

stagnate *v.* (*to sit idle, not make progress*) chita, gondoye, kanpe

tann, ret(e) kanpe

stain *n.* (*spot, smudge*) tach; *v.* tache

stale *adj.* rasi, vante

to go/get ~ rasi

stamina *n.* rezistans, fyèl, fòs

stammer *n.* bèg; *v.* bege, begeye

stammerer *n.* bèg

stammering *n.* maladi bèg, begeman

stand *v.* **1** (*on one's feet*) kanpe, mete

(li) debou **2** (*to place upright*)

kanpe, plante **3** (*to put up with*)

sipòte

to ~ aside rale kò, ranje/eskize kò li

to ~ by (help) kanpe ak (yon

moun)

to ~ by (wait) estannbay, tann,

rete kanpe

to ~ erect fè yon drese

to ~ in for kenbe pou

to ~ out (protrude) resòti

to ~ still (rete) kanpe, kanpe tann/

anplas, kreke

to ~ up kanpe, leve kanpe/atè,

mete debou/kanpe

to ~ up without support (*baby*) fè

bèl

stand-in *n.* (*alternate*) ranplasan,

sibstiti

standing *adj.* kanpe, debou,

doubout, debout, drèt, dwat
staple *n.* (*fastener*) klips, agraf;
v. klipse, agrafe
stare *n.* rega fiks; *v.* foubi je gade
to ~ at fikse, brake je sou, gade
(je) nan je, gade fiks (fiks), lonyen,
klere je gade, devizaje
startled *adj.* sezi, pantan, kè sote/
kase, espantan
to be ~ pantan, espante, kè fè
tikap, sote, bwè yon ti gout dlo frèt
starvation *n.* grangou
starve *v.* soufri/mouri grangou
to ~ to death tonbe faya
state *n.* (*condition, situation*) eta,
kondisyon
static, quiescent *adj.* konstan,
tennfas, menm jan
statistic(s):
vital ~ estatistik demografik
stature *n.* tay, wotè
status *n.* kondisyon
stay *v.* (*to remain*) rete, ret
STD (sexually transmitted diseases) *acron.* MST (maladi
seksyèlman transmisib)
steadfast *adj.* tennfas, venndegede
to be firm or ~ soutni kanson li
steadily *adv.* **1** (*firmly*) djanm, fèm,
tennfas, kin, tèt **2** (*continuously, unceasingly*)
diranpandan
3 (*gradually*) (de) jou an jou, piti
piti
steady *adj.* **1** (*immobile*) anplas,
dòman **2** (*firm, stable*) djanm,
estab, fèm, fiks, solid, tennfas,
kach, tèt **3** (*persistent*) kin
4 (*having continuous quality*)
konsistan
to make/hold ~ kenbe fèm
to ~ one's nerves pran kòd tèt li,
pran san li

steam *n.* vapè; *v.* chode, kwit nan/ala
vapè
~ **bath** ben vapè
steep *v.* tranpe; *adj.* apik(panno), rèd
to ~ in benyen, sapata
stench *n.* fondonmon, sant, santò
step *n.* **1** (*in walking*) pa **2** (*gait*)
demach, mach
~ **by** ~ pazapa, pezape, ti pa (pa) ti
pa, ti pye ti pye, piti piti, oframezi
to ~ up (intensify) redouble
to take a ~ fè yon pa
stepbrother *n.* bòfrè, bòf
stepchild *n.* bofis; *f.n.* bèlfi
stepdaughter *f.n.* bèlfi
stepfather *n.* bòpè
stepmother *f.n.* bèlmè
steps:
first walking ~ (*of baby*) de
koutpye
stepsister *f.n.* bèlsè, bèlso
stepson *n.* bofis, bofi
sterile *adj.* **1** (*disinfected*) esteril
2 (*infertile*) esteril, pa ka fè pitit
~ **male** wong
~ (*woman*) matris paswa
sterility (*in man or woman*) *n.* mal
kenèp
sterilization (sanitizing; neutering)
n. esterilizasyon
sterilize *v.* **1** (*to sanitize*) esterilize,
pasterize, bouyi **2** (*to neuter*)
esterilize
sterilizer *n.* esterilizatè
gas ~ bwat gaz
sternum *n.* (zo) biskèt, estènòm
steroid *n.* estewoyid
stethoscope *n.* sonn, estetoskòp [*Fr.*]
stick:
to ~ out (distend) bonbe, kolboso
to ~ out (extend) mete deyò, parèt
to ~ out (protrude) resòti, leve

to ~ out (tongue) lonje
to ~ (prick) pike, pèse, zigonnen
to ~ (to), cling (to) kole
sticky *adj.* (*adhesive quality*)
gonmen, kolan, kole
stiff *adj.* rèd, rijid
stiffen *v.* redi
stiffness *n.* rijidite, redisman
to remove ~ or numbness
degoudi
still *adj.* (*silent, quiet*) trankil, frèt
to stay/keep ~ rete bèk chèch, pa
fè mouvman
stillbirth *n.* tibebe ki fèt tou mouri
stillborn *n.* mòne, tibebe ki fèt tou
mouri; *adj.* fèt tou mouri, mòne,
toumouri
stimulant *n.* estimilan, eksitan
stimulate *v.* anime, ankouraje,
eksite, chofe
to ~ (intellectually) pase plim poul
nan zorèy
to ~ (thirst etc.) eksite
stimulating *adj.* enteresan, eksitan
stimulation *n.* eksitasyon, chofay,
animasyon, ankourajman
stimulus *n.* ankourajman,
motivasyon, motif, bi, rezon, kòz,
objèktif, kalbenday
sting *n.* piki, mòde; **v. 1** (*to prick;*
burn; bite) boule, pike, mòde **2** (*to*
throb) lanse
~ (*bee etc.*) bobo
to ~ (bee etc.) bo
stinger (of insect) *n.* pikan
stinging (smarting) *n.* lansman,
pikotman; *adj.* pike, piman bouk
stink *n.* sant, santò; *v.* santi (di/fò/
kabrit/move), foundaye
stirrups (for pelvic exam) *pl.n.*
etriye, fè, pye kabann
stitch *n.* (*suture*) pwèn fil/zegwi/

kouti, kout zegwi; *v.* koud
projecting end of ~ (*on cut etc.*)
pwent fil
to ~ up (med.) koud
stitches *pl.n.* pwèn kouti/zegwi
to get ~ pran kouti/zegwi
to give ~, stitch up koud
to remove ~ dekoud, defèt
stock *n.* (*supply*) estòk, pwovizyon,
rezèv
stockroom *n.* depo
stoic(al) *adj.* sipòtan
stomach *n.* vant; *v.* sipòte, tolere
acidic ~ kè cho
bloated ~ balonman
flat on one's ~ plavant
full ~ vant deboutonnen/debraye
on an empty ~ ajen
sound of rumbling of ~ tchotcho
~ **ache** vant fè mal, malvant, kolik
~ (*fam.*) sak manje, gwo sak, pans,
gwo pans
~ (*pej.*) fal, gwo sak trip
~ (*of pig, cow*) pann
~ (*of ruminants*) gwo/manman
pans, feyèt
~ **pains, cramps** tranchman(*n*
vant)
~ **upset** deranjman, gonfleman,
kèplen, lafwerad
to cause an upset ~ fè vant vire
lanvè
to fill one's ~ bouche twou dan,
mete li kòrèk
to turn one's ~ bay anvi vomi,
bay kè plen
(too) full ~ vant bim
upset ~ kè plen, vant gonfle/chaje
with a full ~ apikpanno, ayik
stomachache *n.* vant fè mal
stone:
kidney ~ wòch/pyè nan ren

~ **blind** avèg nèt, avèg de je

~ **deaf** soud nèt

stoned *adj.* anba gwòg/dwòg

stool *n.* 1 (*excrement*) pou pou, okabine, watè

bloody ~ pou pou san

liquid ~ fwarad

loose ~ watè pwès

mucus ~ watè glè

seedy ~ watè ma

~ (**for lab work**) sèl

to have a ~ (fè/ale) pou pou, ale lasèl, watè

to have a (very) watery ~ ale dlo

watery ~ pou pou dlo

stools:

to have bloody ~ pou pou san

to have loose ~ lach

to have mucus ~ bay glè

to have regular ~ (**after constipation**) desere

to have seedy ~ watè ma

to have thick ~ watè pwès

to have watery ~ pou pou/watè dlo

stooped *adj.* do ba, kwochi

~ **over (with age)** koube

stop *n.* (*to quit, cease*) sispann

stoppage *n.* arètman

stopped:

to be ~ up bouche

stout *adj.* pwès, lou, vyannen, alòche

strabismus *n.* je lanvè/vewon

straighten *v.* drese, redrese, mete dwat, dekwochi

to ~ up (one's body) (fè yon)

drese

strain *n.* 1 (*tightness*) tansyon,

presyon 2 (*injury*) tòde; *v.* 1 (*to*

exert to the utmost) fòse, fè gwo

jefò, kase tèt, touye tèt li, bat/

woule kò 2 (*to pass through a*

strainer) koule, filtre, pase (nan

paswa) 3 (*to pull a muscle*) foule

strained *adj.* (*breathing*) anlè

strainer *n.* paswa, tanmi

straining *n.* (*tension, stress*)

tansyon, presyon, estrès, tèt chaje

straitjacket, straightjacket *n.* sèp, ba

to put in a ~ mete nan ba

strangle *v.* trangle, toufe, peze kou

strangulate *v.* trangle, toufe

strangulated *adj.* (e)trangle

strangulation *n.* trangleman

strap *n.* senti

strapping *adj.* manbre, kosto

big ~ guy potirik gason, gason kòlòs

straw:

(*for drinking*) chalimo, kalimèt, pay [Fr.]

cheap ~ mat atèmiyò

~ **mattress** payas

stream:

~ (*perspiration, tear etc.*) rigòl

streetwalker *f.n.* bouzen, jennès, pwostitye

streetwalking, prostitution *n.* vakabonday

strength *n.* 1 (*physical strength*)

kouraj, kouray, manm, ponyèt,

vigè, fòs, fòskouraj, fòsponyèt

2 (*endurance, stamina*) andirans, kòwòn

inner ~ nannan

physical ~ fòskouray, gwo zo, misk

~ **of character** nannan, fèmte, detèminasyon

to gain ~ pran jarèt, bay/gen/pote/ pran jèvrin

to have inner ~ gen nannan/ sibstans

to have ~ (be effective) gen

ponyèt

to lose ~ febli

to pull together all one's ~ mare senti

to put ~ **in one's veins** blende ponyèt

to regain ~ pran manm

to replenish one's ~ remonte lestonmak

strengthen *v.* fòtifye, rafèmi, ranfòse, bay/pran fòs, rann fò, bay manm, manbre, bay/pote jarèt, kore, bay/gen/pote/pran jèvrin

strengtheners *n.* fòtifyan, remontan

strengthening *n.* fòtifikasyon, remanbray, remanbreman, ranfòsman; *adj.* fòtifyan, remontan

strenuous *adj.* rentan, rèd, penib

strenuously *adv.* di, rèd, ak efò

strenuousness *n.* anpil jefò/efò

strep throat *n.* enfeksyon nan gòj

streptococcus *n.* estrèptokòk

stress *n.* (*emotional strain*) estrès, tansyon, presyon, tèt chaje

to ~ **out** kase fe, oprese, prije

stressed *adj.* sou tansyon, ennève, estrese

stressful *adj.* ennèvan, twoublan, enkyetan

stretch:

to ~ **one's legs** delase/detire janm li

to ~ **(oneself)** detire

to ~ **out (extend or spread out)**

(e)tann, lonje, alonje, tire

stretched out on the ground/floor *adj.* de pye long

stretcher *n.* branka, kad, sivyè [*Fr.*] ~**bearer** brankadye, moun ki pote malad

wheeled ~ kabann woulèt

striae *pl.n.* mak

stricken *adj.* frape, blese, donmaje

strict *adj.* (e)strik, di, mabyal, rijid, sevè, rèd, tchak

~ (*rules, regulations*) pwennfèpa

to be ~ kenbe di/tòt, pa nan jwèt, gen kè di, disipline

strides:

to make great ~ pwogrese byen, fè anpil pwogrè, fè chemen li

strife *n.* dezinyon, derapaj, kwenskwen

strike *v.* (*to hit*) bay kou, frape, bat, tape, leve men sou, atake

to ~ **down** foudwaye, frape atè

to ~ (**sickness**) pote

strip *v.* (*to take off, take away*) retire, wete

~, **band** bann, kòden, kòdwon, senti

~ (**skin, cloth etc.**) lèz

to ~ **down** (*naked*) mete toutouni

stripped:

~ (*undressed*) dezabiye, toutouni

strive *v.* lite, redi, fè (anpil) jefò

stroke *n.* (*apoplexy*) koutsan, konjesyon/donmaj/emoraji nan sèvo, konjesyon serebral, atak/kout san nan sèvo, chòk nan tèt, anboli, estwòk, kriz kè/tansyon/apopleksi

stroking *n.* karès, miyonnay, chouchoutay

stroller *n.* (*for transporting small child*) pousèt

strong *adj.* **1** (*powerful*) fò, pisan, solid, kosto, manbre, miskle, engann, engam, rezistan

2 (*vehement*) rèdchèch, rèdmare

3 (*resistant*) rezistan, vibre

4 (*sturdy, durable*) solid, wobis

to be ~ gen dan/fyèl/kouray/manm

to become ~ **and resolute**

ranmase karaktè (li)

stronger:

to become ~ rafèmi

strongly *adv.* (*vehemently*) rèdchèch, rèdmare

strong-minded, strong-willed *adj.* fèm, detèmine

struggle *n.* lit, konba, batay, goumen; *v.* (*to strive, fight*) lite, goumen, konbat, redi, debat, bat ak lavi

to cease the ~ bat ba, bay legen

to ~ against konbat, fè rekalsitran ak

to ~ along gondoye, penpennen

to ~ for survival bat pou lavi

strychnine *n.* estriknin

stub *n.* 1 (*of limb*) bout 2 (*of finger*) bout dwèt

to ~ one's toe frape/tape zòtèy li, kilbite

stubborn:

~ (*fever*) kolan

~, (*resistant*) pèsistan, rèd, kolan

stuff:

to ~ down food bafre, baffle, boure, desann, foule, foulonnen

to ~ oneself (with food) manje vant deboutonnen/plen, manje tèt kale, bafre

stuffed:

really ~ (from eating) kore (toude bò)

to be ~ (with food) bouden li plen, kore, vant deboutonnen/debraye

stumble *n.* bitay; *v.* (kil)bite, tribiche, mache kwochi, fè yon fopa, kase pye

to ~ over bite sou

stump *n.* (*of human limb*) bout, chouk, monyon

stun *v.* (e)toudi, desounen, gaga

stunt:

to ~ (one's growth) malangi, siprime

stunted *adj.* chetif, maldevlope, malvini, rabi, rabougri, rasi, rachòt, rachitik

to become ~ maldevlope, malangi

stupor *n.* gaga, kò mouri, desounen

sturdy:

~ (*person*) djanm, kosto, vanyan

St. Vitus' dance *n.* maladi tranble

stutter *n.* bèg; *v.* bege, begeye

stutterer *n.* bèg

stuttering *n.* maladi bèg, begeman

sty *n.* (*inflammation of an eyelid*

gland) klou nan je, kis

styptic *adj.* (ki) rete san

subconscious *n.* sibkonsyans;

adj. sibkonsyan, nan tèt li, nan li

menm

subconsciously *adv.* enkonsyaman

subcutaneous *adj.* anba po

subdue *v.* (*to overcome*) mate,

pilonnen

subject:

to be ~ to (be susceptible to)

renmen

submissive *adj.* bèkatè, koubèt,

dosil, obeyisan, soumi [*Fr.*]

overly ~ person restavèk

submissiveness *n.* reziyasyon, san

dou

subnormal *adj.* ensifizan, rabòday,

raz, ba, pi ba pase nòm

subside *v.* (*fever, headache etc.*)

lache, desann, apeze, vin pi piti,

bese, kalme

subsidence *n.* apezman

substance:

banned ~ matyè ilegal

~ **abuse** pa ka viv san dwòg

substitute *n./adj.* ranplasan, sibstiti;

v. ranplase

success *n.* sikse, reyisit

successful *adj.* bon

to be ~ reyisi, fè (de) pwen, fè yon dan/kou/bèk

successive *adj.* youn apre lòt, siksesiv

succumb *v.* sikonbe, bay legen, rele choun

suck *v.* souse, sise, tòtòt

to ~ **in** rale

to ~ **off (to drain)** souse

to ~ **on** fè sousèt

to ~ **up** absòbe, bwè

sucking *n.* souse, sise, sousèt

suckle *v.* **1 (active)** (pran) tete, rale tete **2 (passive)** bay tete

suction *n.* souse, aspirasyon ~ **bulb** ponp nen

sudden infant death syndrome *n.* (SIDS) maladi lanmò sibat nouvone

suffer *v.* (to be in distress) soufri, manje mizè, pase kalamite/kalvè/mati/mizè/traka/tray

to ~ **greatly** manje mizè

to ~ **in silence** plenn nan kè

to ~ **intensely** monte mòn kalvè, monte lesyèl pa do, kòde yaya

to ~ **without complaining** pran bal li ofon

sufferer *n.* viktim, soufrisen

suffering *n.* soufrans, doulè, (la)mizè, tray

extreme ~ mati, agoni, annagoni

great physical ~ kè tòde/kòde

in ~ nan pa bon, nan di

to go through all kinds of ~ wè sèt koulè lakansyèl, wè tout koulè

suffers:

one who ~ **in silence** zonbi dousman

suffice *v.* sifi

sufficient *adj.* sifizan, sifi, ase

suffocate *v.* toufe, sifoke, sivoke

to ~ **to death** mouri toufe

suffocation *n.* etoufman, sivokasyon

sugar *n.* sik; *v.* sikre

to have ~ **in one's urine (be diabetic)** gen foumi nan potchanm

suicidal *adj.* swisidè [*Fr.*], sisidè

suicide *n.* swisid [*Fr.*], sisid

to attempt ~ seye fè tèt li mal,

seye touye tèt li

to commit ~ touye tèt li, fè tèt li mal, swiside, siside

suitcase *n.* malèt

small ~ valiz

~ **handle** manch malèt

to pack one's ~ fè/ranje malèt/valiz (li)

sulfa, sulphur *n.* medikaman/poud silfa

~ **drug** silfa

sulfate *n.* silfat

sulfide *n.* silfid

iron ~ silfid fè

sulfonamide *n.* silfonamid

sulfur *n.* souf, silfat

sulfuric *adj.* silfirik

sullen *adj.* boudè, mosad, mòksis, move

to be ~ boude

sulphur *see* sulfa

sun *n.* solèy, sole

to expose to the ~ bay solèy

to shield from the ~ twonpe solèy

to stay out in the ~ pran solèy

sunbathe *v.* pran solèy

sunblock *n.* ponmad solèy

sunburn *n.* lè solèy boule po moun, kout/atak solèy; *v.* chode

severe ~ kout/atak solèy

sunburned, sunburnt *adj.* bwonze

sunglasses *pl.n.* linèt solèy/nwa, kat

je nwa

sunhat *n.* chapo solèy

sunlight *n.* (limyè) solèy

direct ~ gwo solèy

sunscreen *n.* ponmad solèy

sunshade *n.* parasòl, onbrèl

sunstroke *n.* kout/atak solèy

suntan lotion *n.* ponmad solèy

suntanned *adj.* bwonze

superficial *adj.* pa grav, sipèfisyèl,

fay

~ (*wound*) pa fon

superstition *n.* vye kwayans,

sipèstisyon

supine *adj.* kò lage/likid, kouche sou

do, mòlòkòy

supple *adj.* soup, fleksib, lyan,

manipilab, san zo

supplement *n.* sipleman, diplis;

v. ranfòse

suppleness *n.* souplès, fleksibilite

supplies *pl.n.* pwovizyon, founiti,

materyo

to buy ~ fè pwovizyon

support *n.* (*assistance, help*) sipò,

konkou, soutyen, èd, api ; v. (*to*

hold up, prop up s.thg.) sipòte,

soutni, tansonnen, kenbe, kore,

bay jarèt/fouch

~ **group** gwoup sipò

~ **under hips of woman during**

childbirth choukèt, tibourik, biyòt

to give ~ **to** bay manm/jarèt, jarete

to lend moral ~ sipòte

to ~ (*take care of*) swen

supporter:

athletic ~ (**jock-strap**) sispanswa

supportive *adj.* sipòtan, solidè,

ankourajan

suppository *n.* sipozitwa

spermicidal ~ tablèt vijinal

suppurate v. bay/fè pij/sòs/postim,

swente

suppuration *n.* pij, postim

surgeon *n.* chirijyen; *f.n.* chirijyèn

dental ~ odontolojis [*Fr.*]

surgeon's cap *n.* berè, bonnè

surgery *n.* operasyon, chiriji

exploratory ~ laparatomi

general ~ operasyon jeneral

local ~ ti operasyon

major ~ gwo chiriji

oral ~ chiriji bouch

plastic ~ operasyon plastik/

kosmetik/estetik

~ **ward** seksyon chiriji

to perform ~ opere, fè (yon

moun) operasyon

to undergo ~ opere, fè operasyon

surgical *adj.* chirijikal, chiriji

~ **dressing** pansman

~ **instrument tray** plato

~ **ward** chiriji, blòk operatwa

survive v. chape, siviv, sove

barely to ~ dangoye, pyange,

vejete

survivor *n.* rechape, reskape, sivivan

to be the last ~ rete yon grenn

susceptibility *n.* siseptibilite,

frajilite, sansibilite

susceptible *adj.* siseptib, frajil,

sansib

to be ~ **to** renmen

suspension *n.* (*remission*) remisyon

sustain:

to ~ **injury** blese

to ~ (**s.o.**) kanpe ak (yon moun)

sustenance *n.* nouriti, manje, aliman

suture *n.* **1** (*by sewing*) kout/pwen

zegwi, kouti **2** (*thread*) fil; v. koud

swab:

cotton ~ aplikatè, kitip

swallow *n.* (*of liquid*) gòje; v. (*food*)

vale

swaybacked *adj.* do koube
swear off *v.* renonse, abandonnen,
rejete
sweat *n.* (la)swè, dlo kò; *v.* swe, rann
swè
~ **glands** glann swe
to break out into a cold ~ swe frèt
to ~ **profusely** swe kon Nonk/pitit
Bouki
sweats:
night ~ swè nan dòmi
sweaty *adj.* mwat, swe
sweeten *v.* adousi, fè dous, sikre,
mete sik
to ~ **slightly** brake
sweets *pl.n.* (bagay) dous, doudous,
fridòdòy, sikri
swell (out/up) *v.* anfle, gonfle, vin pi
gwo, gwosi
to ~, **increase** ogmante
swelling *n.* anfleman, anfle,
anflamasyon; *adj.* k ap anfle/
gonfle/gwosi
~, **bump on head** konkonm
~, **lump** boul
~ (often from extreme protein
deficiency, i.e. kwashiorkor)
anfleti(s)
~, **welt** louk
to reduce ~ dezanfle
swollen *adj.* anfle, boufi, gwo, plen,
pouf
~ **eye** je bouche
~ **feet (and legs)** efranjit
to be ~ fè douk
swoon *v.* endispoze, dekonpoze, pèdi
konesans
sympathetic *adj.* senpatik, kè sansib,
konpatisan, konpreyansif
to be ~ fè bèl, gen kè sansib, gen
pitye/mizèrikòd, pran lapenn
sympathize *v.* senpatize, konpati,

gen pitye, pran lapenn
symptom *n.* siy, remak, renmak,
endikasyon, sentòm
symptomatic *adj.* sentomatik,
reprezantatif, karakteristik [Fr.]
**symptoms of sexually transmitted
disease** *pl.n.* (fam.) fwonmaj
syncope (fainting) *n.* endispozisyon,
dekonpozisyon, kriz
syndrome *n.* seri sentòm/siy/donmaj,
gwoup siy ki montre gen maladi
Down's Syndrome gwo tèt
synthesis *n.* sentèz
synthesize *v.* amalgame, konbine
synthetic *adj.* sentetik
syphilis *n.* sifilis, san gate, vewòl
syringe *n.* sereng
syrup *n.* siwo
anti-depressant ~ siwo kè kontan
system *n.* (body) kò, sante
circulatory ~ aparèy san
systemic *adj.* jeneralize

T

table *n.* tab

bedside ~ tab denwi(t)

examining ~ (*med.*) tab konsiltasyon

operating ~ tab operasyon

tablespoon *n.* gwo kiyè, kiyè soup

tablespoonful:

level ~ gwo kiyè ra, gwo kiyè san tiyon

tablet *n.* (*pill*) grenn, konprime, pilil, tablèt

~ **of aspirin** kache aspirin

taciturn *adj.* retisan, fèmen, renka, dan sere

tailbone *n.* zo koupyon, arèt bounda

take *v.* (*pills, medication*) bwè

~ **it easy** tekitizi, pa bat kò ou

to ~ **a pill** bwè grenn

to ~ **a walk** flannen, pwonmennen

to ~ **away** wete

to ~ **care of (medically)** swenyen, trete

to ~ **out (remove, extract)** rache, rale, retire

taken *adj.* okipe

talcum *adj.* talk

~ **powder** poud detal

tall *adj.* wo, wodtay, gran tay, bèlwotè

big ~ **guy** bwapiwo, gwo palmis mal

~ **and strong** gran ras/tèm

very ~ bèl/men wotè

very ~ **person** gòl

taller:

to grow ~ pran wotè

tallness *n.* wotè, gran tay

tampon *n.* tanpon

tan *adj.* bay, bwonze

to ~ (*in sun*) bwonze, brini

tanned *adj.* bwonze

tantrum *n.* (la)raj, (mande) wè mò, kriz

to have a temper ~ pete yon sèl kòlè, mande anraje

tape *n. v.* **1** (*to apply tape*) tepe **2** (*to bandage*) bande

adhesive ~ tep, adezif, plastè

to ~ **up (bandage)** panse, tepe

tapeworm *n.* tenya, vè solitè(s), youyou, loulou(t)

tarantula *n.* krab banbara/arenyen, (z)arenyen (a)krab

tarsus *n.* jepye, kakòn pye, zo kakòn, chevi

tartar (on teeth) *n.* kras/kaka/kwout dan

taste *n.* (*small bit of food*) ti goute; *v.* goute

~ **bud** papiy

~ (*sensory perception*) goute

tattoo *n.* tatou, mak; *v.* make

TB (tuberculosis) *n.* tebe

tea *n.* **1** (*drink*) te **2** (*reception*) resèpsyon

herbal ~ te fèy, tizann

iced ~ te glase

soothing ~ te sezisman

strong herbal ~ peptazi

~ **bag** sache te

team *n.* ekip

tear *n.* (*teardrop*) dlo je

~ **or lacrimal gland** glann kriye

~ **gas** gaz lakrimojèn

~ **duct** kannal dlo je

teardrop *n.* dlo je

tearful *adj.* dlo nan je, de ran dlo de ran larim

tears *pl.n.* dlo je

in ~ dlo nan je

to break/burst out in ~ pete/tonbe kriye

to shed ~ kriye

teaspoon *n.* ti kiyè, kiyè kafe

teaspoonful:

level ~ ti kiyè ra, ti kiyè san tiyon

teat *n.* pwent/bouch/bouton tete

technique *n./adj.* teknik, metòd, pwosede, sistèm

technology *n.* teknoloji

teenage years, teens *pl.n.* (laj) adolesans

teenager *n./adj.* adolesan, jennmoun, tinedjè [*Eng.*]; *m.n.* jennjan; *f.n.* jennfi

young ~ pitit k ap fòme

teeth *n.* dan; *see also* **tooth**

crooked ~ dan doukla

discolored ~ dan wouj

false ~ fo dan, ratelye

gap between two front ~ chenèt

missing a few front ~ bèl antre

(person with) two front ~

missing kòk san bèk

~ **set far apart** dan tchaka/tyaka

to be getting one's adult ~ chanje dan

to brush one's ~ bwose dan li, lave bouch li

to gnash/grind one's ~ manje dan

two ~ **growing in same position** dan doukla/marasa

wide gap between (front) ~ bèl antre

teethe *v.* fè dan

teething *n.* dantisyon

~ **ring** jansivèt

to be ~ fè dan

to start ~ mete chèz nan salon, mete mèb nan kouti

teetotaler *n.* moun ki pa bwè tafya ditou

